# МАХ ДУГ

1
2021





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Оксана ХЕТАГУРОВА

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2021

# МАХ ДУГ

1
2021

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2021

# НОМЫРЫ ИС:

**КАДГÆНÆНТÆ**

**ХОДЫ КАМАЛ: 80 АЗЫ**

Муталип БЕППАЕВ. *Арфæ*........................................................ 6

ХОДЫ Камал. Уды урс цæхæртæ. *Æмдзæвгæтæ. Фельетон* ............. 7

ТЪЕХТЫ Тамерлан. Ирон ныхас æхцон у удæн. *Интервью* ............ 19

НАФИ. Æнкъарæн – зарæджы æндзарæн........................................ 24

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Фыст у йæ ныхыл алкæмæн йæхи цард .... 30

ГУСАЛТЫ Барис. Дзырддзуан, рæнхъдзуан .................................... 32

КАСАТЫ Батрадз. Иу уæлтæмæны дыууæ æмдзæвгæйы ................. 38

ГÆБÆРАТЫ Юри. Лæджы фарн сæрыстырæй кæм цæры, уыцы дуне ............................................................................. 41

**НОГ ТÆЛМАЦТÆ**

Василий ШУКШИН. Дард зымæгон изæртæ. Демагогтæ. *Радзырдтæ* ..................................................... 44

ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег. Зейнап. *Æмдзæвгæтæй фыст роман* ........ 63

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ** ........................................................ 81

**НОГ РАДЗЫРДТÆ**

ХУЫГАТЫ Сергей. Гæдули. Дзаттейы дурты цæнд ....................... 105

**НÆ УДВАРНЫ УИДÆГТÆ**

МАМИАТЫ Таймураз. Фаллагкомы Хуыцауы Дзуары кувæндон. Пуриаты Авд Дзуары ............................................................ 122

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**

ПЛИТЫ Татьянæ. Æртæ æфсымæры. *Аргъау* ................................ 134

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

АГЪНАТЫ Гæстæн. Тигъсæрдæг. *Радзырд* .................................. 139

**ТÆФÆРФÆС**

ДЗАНТИАТЫ АНАТОЛИ ........................................................ 158

## КАДГÆНÆНТÆ

# ХОДЫ КАМАЛ: 80 АЗЫ



(1941)

# АРФÆ

## ЯРКАЯ ЗВЕЗДА НА НЕБОСКЛОНЕ ОСЕТИНСКОЙ СЛОВЕСНОСТИ

*Народный поэт Северной Осетии, лауреат Госпремии имени Коста Хетагурова Камал Хазбиевич Ходов – один из самых почитаемых, любимых литераторов не только родной республики, но и далеко за ее пределами.*

*Его оригинальные произведения и переводы подкупают читателей своим изяществом, искренностью, искрометностью, яркостью образов и молитвенной силой его сердца, мужеством духа горца!*

*Многоуважаемый Камал Хазбиевич! Ваше 80-летие, конечно же, является общим праздником литератур Северного Кавказа . Счастья, удачи, здоровья, новых больших творческих свершений во имя родной и многоязыкой лиры Кавказа, всей Российской Федерации!*

***Муталип БЕППАЕВ,***
*Народный поэт Кабардино-Балкарии,*
*Председатель СП КБР*

*ХОДЫ Камал*

# УДЫ УРС ЦÆХÆРТÆ

## СФÆЛДЫСТАД

Куы фервæзын æрвылбоны хъæрахстæй,
Куы 'рулæфын,
Куы 'ррæсуг вæййы зонд,
Уæд,
Зæрды дуар кæуыл бассыдтон раздæр,
Æртыхсынц уыцы сагъæстæ мæныл.

Æмæ та ног –
Уæлтæмæны æрра арт,
Тыхурæд монцты удлæууæн дыз-дыз...
Ирон дзырды дзæхстдзæхстгæнæг рæнхъытæ
Фæкæнынц, уадау, зæрдæйы æмбу...

Дзæнæты цъусдуг! –
Ракæсын мæ цæстæй,
Мæ хибар уат мын басгуыхы цъæх арв...
Мæнгæн нæ загъта уырысы пахуымпар:
«Паддзах дæ ды! Цæр иунæгæй, поэт!»

*1971*

## ЧЪЫРЫ КЪÆРТТ

Иу чъыры къæртт уæрдоны гуыффæйæ
Зæхмæ 'рхауди уираг дурты цæндмæ.
Уайсахат дын, футтытæгæнгæйæ,
Бадомдта: «Ысуадзут мæ уæ сæрмæ!»

Хорз, зæгъгæ йын уираг дуртæ загътой
Æмæ йæ сæ тæккæ цъупмæ суагътой.

Уалынмæ дын рацыди сыгуарын,
Арв йæ дарæс райдыдта лæмарын...
Чъыры цин фæци, мæгуыр, йæ фарсæй –
Дурты бынмæ афардæг æгасæй...

*1960*

* * *

Цалынмæ йæ дард фæндагыл хур
Дысон хатт йæ зæрдæйы дзæбæхæн,
Уалынмæ рæсуг суадоны цур
Сагъæс кодтон иу фарсыл фæлдæхтæй.

Хъуысти дардæй тар хъæды сым-сым,
Арв мæм каст йæ сызгъæрин цæстытæй,
Фарста-иу мæ ме ’нæнцой фысым:
«О лæппу, цы тухæнтæй фæрыстæ?

Цæй, цы ’рцыди? Цавæр у дæ мæт?
Уанцон нæу – нæма дæ федтон худгæ!..»
...Цæстытыл-иу ауадысты уæд,
Чи адард и, уыцы сау дзыккутæ...

*1961*

*Похожи девушки на ивы,*
*Очень быстро они растут.*
Паруйир Севак

* * *

Мæ царды фæндагыл æз дардæй фæлгæсын,
Цыдæр судзгæ сагъæсæй зæрдæ нырризы...
Мæхимæ ма хатгай сывæллон фæкæсын,
Фæлæ мæ нæ чызджытæ бафтауынц дисы.

Уыдтæ ды мæ сыхаг.
Цъæх цæстыты хицау.
Æнæмæт сывæллон.
Æз та уæд лæг уыдтæн...

Куы дæ фенын абон – фæзæгъын мæхицæн:
«Нæу ацы сылгоймаг мæ сыхаг, рæдыдтæн».
Бæлонау ызнон дæр ма ме уæхскыл бадтæ,
Ныр, акса, дæхæдæг сывæллæтты мад дæ!

*1963*

## ФЫН

Рог тъæбæртт уæ цуры банцад.
Рудзынг гом... уæ рухс кæлы...
Уæртæ ис мæ дуне,
Банцад
Дуары тарвазыл...
Кæуы...

Рудзынг бахостон сындæггай...
– Чи дæ уый? – дæ хъæр ыссыд.
– О, зæххон удты сыгъдæгдæр,
Ма кæ, ма æруадз цæссыг!

...Ницыуал бамбæрстон дæ рухсæй,
(Охх, ысчындæуыд мын хин!)
Зæдау февзæрдтæ мæ къухты,
Саргъмæ баппæрстон мæхи.

Иу риу иннæйыл æнцайы,
Нымæт атæхы хæрдты.
Саулох тары уайы, уайы,
Дымгæ цæфхæдтæй кæрды...

*1964*

## ГУЫРЫСХО

Тæрсын дæ сау цæстыты арфæй,
Уым арты урс æвзæгтæ кафынц
Æмæ мыл анылдзæвынц хатгай,
Цыма мæ басудзынмæ хъавынц...

Ды ’рцардтæ катайау мæ риуы,
Тæлфы мæ зæрдæйы дæ зæрдæ.
Мæлæт куы бадома сæ иуы,
Уæд риу дæр атондзæн фæйнæрдæм.

Быхсдзынæн бафхæрдæн, мæ тыхстæн,
Мæ ис дæ цæстыты уындзынæн –
Мæн дæ ды ныр, æмæ, зæххыстæн,
Нырæй хъæздыгдæр нал уыдзынæн!

Фыдæх дæр уарзтау ис нæ царды,
Гуырысхо бахойы мæ рудзынг...
Тæрсын, дæ цæстыты цы арт и,
Кæд уый дæ зæрдæйы нæ судзы...

## КÆМДÆР ИРОН ЛÆППУТÆ ЗАРЫНЦ

Æризæр... Сатæг...
Дымгæ хъазы...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...
Ыслæууыд ивгъуыд дуг мæ разы...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...

Охх, уарзын нал зонын кæддæрау...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...
У амонд а зæххыл фæцæрын...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...

Цæуы та тох
Дзырд æмæ кардæй...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...
Ныхъхъуыста хъæу йæхимæ ’нкъардæй...
Кæмдæр…
ирон лæппутæ...
зарынц...
Фæсхохмæ
Хурзæрин
Фæцæуы...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...
Ысхæццæ
Былалгъмæ
Мæ кæуын...
Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...

*1966*

## ТÆССОНД МÆСЫГ

Мæйдар æхсæв дыууæ стъалыйы арвыл
Кæрæдзиуыл куыд фæхъарынц сæ уарзт,
Раст афтæ махмæ дун-дунейы арфы
Нæ фыццаг фембæлд рухс амондау каст.

Æмæ хуыдтон мæ царды фæндаг урс таг,
Уæззау балцыты уый рухсыл цыдтæн,
Уыдтæ бæрз уисау тасаг æмæ хъусаг.
Ды ницы зыдтай кад æмæ цытæн.

Бæргæ, куы уынид адæймаг ызноны
Йæ абоны, йæ сомбон царды уаргъ...
Фæлæ, уæвгæйæ, хатгай мах нæ зонæм,
Цы ис нæ къухты, уымæн кæнын аргъ.

Ныр мыл æртыхст æрæджиау дæ катай...
Тæссонд мæсыг – ды тохы монц нæ радтай
Мæ зæрдæйæн...

*1969*

## ÆХСÆВ ХОХАГ ХЪÆУЫ

Ныссабыр та и хъæубæстæ.
У саудалынг.
Бæрзонд фæрсæгты бамынæг и рухс.
Фæцыди къæрцц...
Уый расастæуыд каухалæн...
Ысрæйдта куыдз...
Ныззæмбыдта...
Ныхъхъус...

Зынг ыстъалытæ
Хъæуы сæрмæ
Сцад ысты...
Æвзист кæсагау уырдæм хи ныздух!..
Кæмдæр
æрхуыссыд
дæлкæвдæс
фæллад ыстур
Æмæ уæззау ныуулæфыди:
– Уффф!

*1971*

## ИДÆДЗ УС

Фæцыд мæ лæг мæрдтыбæстæм. Мæ къона
Ныр афтид у. Ныууазал и мæ къæс.
Æмæ тæккæ уæлиаудæр тæрхоны раз –
Мæ цæсгомы раз – фиддзынæн мæ хæс.

Дæ къамыл та мæ цæстæнгас нындæгъди...
Дæ бакаст у æнæмигъ арв – æнцад...
Мæ мысинаг сывæлдæггай фæлдæхы:
Нæ сусæг уарзт... нæ чындзæхсæв... нæ цард...

Ныр акса кæртмæ – де знаг уым фæцæрæд:
Æвæгæсæг, æдзæрæг æмæ домд...
Дзæгъæлæй баззад ударны цур фæрæт,
Сырх-сырхид згæйæ нал зыны йæ ком...

## ФÆСИВÆДЫ ÆМДЗÆВГÆ

Мæ къух куыд рагæй нал фæхæццæ сисмæ...
Мæ Музæ та мæ арвдалынгты лидзы...
Æз, абоны бон райсомæн фæлдисгæ,
Æгомыгæй мæ сагъæстæ æндидзын.

Сæ судзаг уаргъ лæгыл æруагътой азтæ...
Уæддæр ма хатгай рог бæллицтыл бафтын:
Хъандзал цæргæс уæнгуагъд кæрчыты астæу
Куыд уидза кæрты хус цъæмæлтæ, афтæ!

*1970*

## ДЕНДЖЫЗÆЙ КУЫ НЕ 'РБАЗДÆХЫ НАУ...

Денджызæй куы не 'рбаздæхы нау,
царæфтыд куы бавæййы
фурды абухгæ хъæбысы,
уæд уылæнтæ
æхсæвыгæтты
саумарой фæкæнынц.

Сау фæдарынц
идæдзæй аззайæг устытæ.
Денджызæй куы не ’рбаздæхы нау, уæд
чиновниктæ ’ддæг-мидæг ысвæййынц:
чи йæ бынатæн ыстæрсы,
чи – йæ ном, йæ кадæн,
чи фæкæны матростæн тæригъæд.

Денджызæй куы не ’рбаздæхы нау,
уæд
газеттæ ныммыхуыр кæнынц уацтæ.
Цымыдис адæм дзолгъо-молгъо сисынц!

Денджызæй куы не ’рбаздæхы нау,
уæд тархъæды –
науы райгуырæн бæстæйы –
бындзарæйлыг бæлæсты зиллæччытæй
хъарм цæссыгтæ схъары.

*1973*

## МАДИМÆ НЫХАС

Фæндагыл ныфс цы нæ ратдзæн лæгæн! –
Æмыр комæй йæм рухсы цæст ысзындзæн...
Дæуæй зынаргъдæр ницы ис мæнæн –
Ды радтай мæн, ды дæ мæнæй тыхджындæр.

Æрræвдз-ма мæ кæн дард балцмæ, æрræвдз,
Ныр нал сисдзынæн æз мæ къух мæ фæндыл.
Хъæуы мæ ’ууæнк – мæн тохæн радта æрдз,
Æмæ дæуыл мæ Хуыцауау æууæндын.

Æгæрон арвыл сау мигъы бындзыг
Нæ расайдзæни къæвдайы гæрæхтæм...
Фæндæгты рыг мæ уæхсчытыл нындзыг
Уыдзæн. Мæ къах мæ нал хæсдзæн мæ хæхтæм…

Ныббар-иу мын, куы айрох уай ды дæр,
Мыййаг, куы нæ уон искæдбон мæ чемы –
Дæуæй цы сонт уарзт фембæхстон кæддæр,
Куы уарон уый æддагæттæн таучелæй...

Ныббар-иу мын... Цæмæй зоныс, цæмæй,
Мæ царды æз фыццаг хатыр кæй курын!
Уыдис мæ балцы райдиан дæуæй
Æмæ уыдзæн йæ кæрон дæр дæ цуры.

Дæ фæстаг уарзт – дæ зæнæджы кæстæр –
Дæ разы ’рлæудзæн, бахаудзæн дæ риуыл,
Дæ хъарм куатæйы ануæрддзæн йæ сæр
Æмæ кæудзæн, хæкъуырцгæнгæ,
Йæхиуыл...

## МА КÆН…

Де ‘рфгуыты ‘лхынцъ ма райхал фæлтау,
Ма мæм бахуд, – бабын мæ кæндзынæ.
Ме ‘нцойдзинад атæхдзæн сынтау,
«Æз æнæ дæу – рох ингæн», – зæгъдзынæн.

Зонын æй, æрхæсдзынæ мæм фау,
Хинымæр мыл худæгæй мæлдзынæ…
Ма мæм бахуд, –
Бабын мæ кæндзынæ!

# «СÆРДЖЫНТÆ» ÆВИ «ÆНÆСÆРТÆ»

*(Литературон фельетон)*

С æ т т и. Дæ бон хорз, Бæтти!

Б æ т т и. Арфæйаг у, Сæтти! Дæ Хуыцауы хатырæй, Керенскийы 'хцайы сæфт куы фæкодтай, уæд кæм уыдтæ?

С æ т т и. Æмæ ницы фехъуыстай?

Б æ т т и. Куынæ…

С æ т т и. Аспирантурæмæ цæттæ кæнын мæхи. Нæ нырыккон литературæйы историйы аныгъуылдтæн мæ дыуунæ хъусмæ: хъуамæ йæ алывæрсыгæй сахуыр кæнон.

Б æ т т и. Гъе ныр ма дæу хъуаг уыди нæ аспирантты домбай æфсад! Бауырнæд дæ, нæ куыдзыл дур фехсын нал уæндын, аспиранты сæрыл куы сæмбæла, зæгъгæ. Утæппæт ахуыргæндты фæстæ ма цы зæгъдзынæ ногæй?

С æ т т и. Нæ, Бæтти, æз нырыдæгæн нæ литературæ иртасыны хъуыддаджы бирæ æнæвнæлд къабæзтæ ссардтон.

Б æ т т и. Зæгъæм?

С æ т т и. Зæгъæм, мæ диссертацийæн йæ иу хай хуындзæнис афтæ: «Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад æмæ нырыккон ирон фысджыты чингуыты æмæ уацмысты сæргæндтæ».

Б æ т т и. Дзæбæх дæ не 'мбарын... чингуытæ æмæ уацмыстæ сæхæдæг æви сæ сæртæ?

С æ т т и. Зæгъ-ма мын, Бæтти, цал ирон фыссæджы зоныс номæйноммæ?

Б æ т т и. Æмæ уыдон чи фæуыдзæн нымад! Се 'ппæты дæр зонын.

С æ т т и. Гъемæ уæдæ, афтæ баныхас кæнæм. Ды-иу мын зæгъдзынæ, дæ дæлæвзаг чи абада, уыцы фыссæгæн йæ ном, йæ мыггаг, æз та-иу дын бакъæрцц ласдзынæн йæ роман, йæ уацау, йæ радзырд, кæнæ йæ поэтикон чиныджы сæр.

Б æ т т и. Фыццаг хатт хъусын ахæм ерысы кой. Кæд астæуккаг скъола фæуынил фæлварæнтæ нæ дæттæм... Фæлæ – хорз. Райдайæм.

Сæтти. Табуафси, æз цæттæ дæн.

Б æ т т и. Хъайтыхъты Геор!

С æ т т и. «Мæ Иры фæсивæд».

Б æ т т и. Цæгæраты Максим!

С æ т т и. «Балцы зарæг», «Æхсины лæг».

Б æ т т и. Мæрзойты Сергей!

С æ т т и. «Мæ сæфт хуры хай».

Б æ т т и. Мыртазты Барис!

С æ т т и. «Æнæфæхудгæ, æнæфæкæугæ сæм чи лæууыди».

Б æ т т и *(стыхсти).* Фæлæуу-ма, кæдмæ сæ нымайдзыстæм, стæй цæй охыл?

С æ т т и. Кæд никæйуал зоныс нæ фысджытæй, уæд ыл басæтт.

Б æ т т и. Зонгæ та куыннæ кæнын, фæлæ...

С æ т т и. Нымай уæдæ!

Б æ т т и. Гулуты Андрей!

С æ т т и. «Мæ фæззыгон най».

Б æ т т и. Уырымты Петка!

С æ т т и. «Мæ хуымгæнды хай».

Б æ т т и. Джыккайты Шамил!

С æ т т и. «Цæф сæгуыты маст».

Б æ т т и. Гаджиты Барис!

С æ т т и. «Æхсæрдзæны хъазт».

Б æ т т и. Хаджеты Таймураз!

С æ т т и. «Фараст барæджы».

Б æ т т и. Цæрукъаты Владимир!

С æ т т и. «Кæмæн цы?»

Б æ т т и. Айларты Чермен!

С æ т т и. «Лæджы бындзæфхад».

Б æ т т и. Агънаты Гæстæн!

С æ т т и. «Фæскъæвда хур бон».

Б æ т т и. Бицъоты Грис!

С æ т т и. «Лæппуйæ рæдиаг».

Б æ т т и. Дзасохты Музафер!

С æ т т и. «Ракæндзынæн дын мæ зарæг».

Б æ т т и *(йæ хид сæрфы).* Æгъгъæд фæуæд, Сæтти! Офф...

С æ т т и. Гъæ, куыд дын амардтæн, гъе, Бæтти! Æнæуый æдзух афтæ дзурыс, Хуссар æмæ Цæгат Ирæн сæ литературæ иу у, зæгъгæ, уæд дæ номхыгъды хуссайрæгтæй куыд никæй фæкодтай? Æви сæ никæй зоныс?

Б æ т т и. Уæллæй, Сæтти, хатгай ахæм ныхас зæгъдзынæ, æмæ йæ

цъæх хæрæг уаргъæн нæ афæраздзæн. Куыннæ дзы зонын!

С æ т т и. Уæдæ ма каст цæмæ у? Нымай!

Б æ т т и. Джусойты Нафи!

С æ т т и. «Æз райгуырдтæн хохы».

Б æ т т и. Гаглойты Владимир!

С æ т т и. «Адæмæн зæхх у сæ дарæг», «Гъе-мардзæ, исчи...»

Б æ т т и. Нал сæ нымайын дарддæр. Нæ дыл фæуæлахиз уыдзынæн, куыд кæсын, афтæмæй. Æгæр хорз зоныс нæ фысджыты уацмысты сæртæ. Фæлæ уацмыстæн сæхи дæр зоныс, сæхи?

С æ т т и. Сæхи дæр сын зонын, фæлæ ам ныхас бынтон æндæр хъуыддагыл цæуы.

Б æ т т и *(сцымыдис)*. Цæуыл уæд?

С æ т т и. Цы сæргæндтæ фæнымадтон, уыдон иууылдæр сты комкоммæ Хетæгкаты Къостайы алы æмдзæвгæтæй ист рæнхъытæ. Чидæртæ та Къостайы æмдзæвгæты сæртæ сæхицæн «бакъаддæртæ» кодтой.

Б æ т т и. Нæ дæ 'мбарын, Сæтти, – цы ис уым æвзæрæй? Æрмæст уыцы хорзы куы бацыдаид Къоста нæ литературæйæн, уæд уый йæхæдæг дæр исты ахадгæ куы уыдаид. Фæлæ...

С æ т т и. Цы «фæлæ»?

Б æ т т и. Зæгъæм, Къостайы æмдзæвгæтæ нæ уыдысты, зæгъгæ, уæд нæ фысджыты утæппæт уацмыстæ æнæ сæртæ уыдаиккой?

С æ т т и. Æмæ-гъа...

*(Сæтти æмæ Бæтти, сагъæсгæнгæ, фæйнæрдæм ацыдысты.)*

# ИРОН НЫХАС ÆХЦОН У УДÆН...

*Интервью*

***Ирыстоны адæмон поэт, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон æмæ национ премитæ «Нарты фæткъуы»-йы лауреат, публицист, критик, тæлмацгæнæг, æхсæнадон архайæг Ходы Камал дзуры йæ цардыл, сфæлдыстадыл, мадæлон æвзаджы хъысмæтыл.***

**– Камал, царды йæ къухы бæрæг æнтыстытæ кæмæн бафтыд, ахæм адæймаджы фыццагдæр бафæрсынц, дæ ахуыргæнæг чи уыд, зæгъгæ…**

– Уынаффæтæ æххæстгæнæг Хуыцау у, æмæ кæд ныхас поэзийыл цæуы, уæд зæгъдзынæн – скъоладзауы кары дæр нæма бацыдтæн, афтæ-иу мæ хотæ æмæ æфсымæртимæ рифмæтæй хъазыдтæн. Мæ фыццаг æмдзæвгæ ныффыстон цыппæрæм къласы. Æмбæхстон æй… Мыхуыры та мæ сисфæлварæнтæ фыццаг хатт фæзындысты Рахизфарсы районы газет «Знамя коммунизма»-йы, 9 къласы ма куы ахуыр кодтон, уæд. Уый фæстæ ме ‘мдзæвгæтæ рацыдысты «Рæстдзинад»-ы, 19-аздзыдæй та сдæн «уæлдæр къорды» уæнг – цалдæр æмдзæвгæйы мын ныммыхуыр кодта «Мах дуг».

Бæлвырдæй мæ ахуыргæнæджы тыххæй дзургæйæ та… Чингуытæ бирæ кастæн, фæлæ мыл комкоммæ фæзынд Цæрукъаты Алыксандр. Æниу, æрмæст мæныл нæ – мæ фæлтæрæн уый чиныг «Арвæрдын» бирæ ногдзинæдтæ раргом кодта. Джыккайты Шамил фыста: «Пушкин загъта: «Мы все вышли из «Шинели Гоголя». Гъемæ уæдæ уæд мах та Цæрукъаты Алыксандры «Арвæрдын»-æй рацыдыстæм».

Тынг раст фиппаинаг! Стыр курдиат дзы федтам уыцы æмбырдгонды. Курдиат та алцыдæр раст кæны, йæ тæвагæй хайджын чи уа, уымæн цыфæнды дæр ныххатыр кæндзынæн.

**– Де сфæлдыстадон фæндагæй разы дæ?**

– Мæ рæстæджы сæйраджы-сæйраг уыд уацмысты æмвæзад. «Ме ‘мбæлттæ цы зæгъдзысты?» – æдзух-иу мæхи афтæ фарстон, æмæ, уымæ гæсгæ, бæрцæй бирæ нæ ныффыстон. Алкæддæр фылдæр

рæстæг хардз кодтон иннæты кæсыныл. Ис ахæмтæ дæр, æмæ йæхи æмдзæвгæтæй дарддæр чи ницы кæсы. Уый сæрсæфæнмæ цæуæгау у. Фыссæг алыхуызон дæр вæййы, æрмæст хъуамæ æнахуыргонд ма уа.

Ныр дæр мæм ис ног æмдзæвгæтæ, хицæнæй мæ рауадзын фæнды пародитæ æмæ эпиграммæтæ.

Стыр æргом здæхтон тæлмац кæнынмæ, дæс тæлмацгонд пьесæйы мын сæвæрдтой Ирон театры сценæйыл. Цихиты Мæирбеджы æвæрд «Эдип-паддзах»-ы сæйраг ролы хъазыд Уататы Бибо. Гъемæ, дам, загъта: «Æз дæр Камалы æмгар æмæ хъæуккаг куы дæн, уæд уыцы æвзаг уымæн кæм уыд?». Уыцы спектакль Къостайы преми райста, æмæ æз дæр, куыд йæ тæлмацгæнæг, афтæ.

**– Ныхас ирон æвзагмæ рахызт. Цы уыдзæн йæ хъысмæт?**

– Дыууæ паддзахадон æвзаджы нын ис, фæлæ… Æнæ уырыссаг æвзаг зонгæйæ къахдзæф дæр никæдæм акæндзынæ, иронау нæ зоныс, зæгъгæ, уæд та иу хъуыддаджы дæр нæ фæкъуылымпы уыдзынæ. Æмæ афтæмæй нæ фыдæбон цы у?! Адæмыхатт сыскъуыйынæн цæгъдын никæй хъæуы. Се ‘взаг сын ферох кæнын кæн, æмæ нал уыдзысты.

Фæлæ та мыл цыдæр фæзындтæ хуыздæрæй ныфс бафтауынц. Цалдæр азы размæ Дзæуджыхъæуы фæлладуадзæн парчы федтон, мад æмæ фырт иронау сыгъдæг куыд дзырдтой, уый. Æмæ ныффыстон ахæм рæнхъытæ: «Ирон ныхас куы ацахсынц мæ хъустæ, Уæд арвы цъуппыл абады мæ уд». Уый мæ æндавы – не ‘взаджы хъысмæт. Хъуамæ не ‘ппæт дæр æмбарæм – æнæ ирон æвзаг уыдзыстæм æрмæстдæр стыр Уæрæсейы хæрзчысыл къуым. Ирон æвзаджы руаджы ис æххæст паддзахад Хуссар Ирыстоны, æмæ ма уын уый дæр – иу ирд дæнцæг.

Райсæм аланты алыварс быцæутæ дæр. Нæ сыхæгты се ‘ппæты дæр фæнды алантæ уæвын! Афтæ фæуæд, фæлæ сын уæд се ‘взаг та цы фæкодтой?! Ирæттæм баззад æрмæстдæр! Йæ рæстæджы академик Олег Трубачев газет «Правда»-йы фыста: ***«Говорили же скифы на иранских наречиях. Иными словами, были предками современных осетин»***. Кæнæ Жорж Дюмезилы хатдзæг: ***«Пусть мне простят мои северо-кавказские друзья, но ядро Нартского эпоса сформировалось на осетинской почве»***. Ам дæр та рæстдзинад æвдисæг æвзаг у. Æмæ ма ахæм æвзаджы æвæджиауы нысаниуæгыл дзурæг бæрæггæнæнтæ бирæ æрхæссæн ис.

**– Литературæ ныртæккæ графоманты ахæсты кæй кæны, уыимæ разы дæ? Æрæджы центрон мыхуыры иу уац фæзынд, «Плач по графоману», зæгъгæ. Гъемæ уым загъдæуы, советон дуджы дам-ма æнæкурдиат æмæ лæмæгъ фысджытæ ахуыргонд уæддæр уыдысты, чингуытæ бирæ кастысты, æмæ, дам, нæм ахæмтæ уæддæр куы фæзыниккой…**

– Графоманæн йæ ном йæ уæлæ ис, æмæ куыд хъуамæ суа уый литературæйæн иучысыл дæр ахъаз фæзынд?! Литературæ бирæтæ зонынц, аргъ ын кæнынц æмæ куыд адæм, афтæ, чи зоны, æвзæр не сты, фæлæ иууылдæр хъуамæ сæ уацмысгæндтимæ сæ ных газеттæ æмæ литературон журналтæм ма аразой. Журналтæ бæлвырд æмвæзадæй дæлдæр нæ хизынц, фæлæ лæмæгъ уацмыстыл уæддæр æдзух æфты. Æниу, цæмæй равзарай, уый дæр нал ис. Кæддæр Александр Твардовский «Новый мир»-ы нæ ныммыхуыр кодта Вадим Кожевниковы роман, уый та фæстæдæр уыцы уацмысы тыххæй Паддзахадон преми райста. Ахæм домæнтæ æмæ ахæм тыхджын автортæ уыд уыцы рæстæг. Æниу, дуне иууыл  сауæй уынын нæ хъæуы. Æцæг дзырдаивад та фæстæмæ йæ бартæ йæхимæ кæй райсдзæн, уый мын дызæрдыггаг нæу.

**– Уæдæ уæд гений та кæй схонæн ис?**

– Литературæйы йæхи скъола кæмæн баззад, уыдоны. Пушкин, Лермонтов, Данте... Шекспир та цыма зæххон адæймаг дæр нæ уыд, афтæ мæм фæкæсы. Æниу Мыртазты Барис арæх дзырдта: «Камал, генитæ бирæ нал сты. Раз-два и – обчелся». Мæн æмæ-иу йæхимæ ацамыдта (худы).

**– Уæрæсейы нырыккон фысджыты сфæлдыстадмæ дæ хъус дарыс?**

– Лæмбынæг нæ, фæлæ йæ уæддæр зонын, се ‘хсæн Евтушенко, Вознесенский, Ахмадулина, Рождественский кæй нæй, уый. Уыимæ сын сæхиуыл кусыны фадат та ис – æмтгæй райсгæйæ, культурæмæ паддзахады разамонджытæ сæ хъус дарынц, алыхуызон мадзæлттæ нæм арæзт цæуы.

**– Камал, ды дæргъвæтин рæстæг уыдтæ Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар. Зæгъæм, амалджын искæй фæнды Цæдисæн ахъаззаг æххуыс бакæнын, уæд дзы цы ракурис?**

– Сфæлдыстады хæдзар саразын. Фембæлдтытæн стыр залимæ, æмæ, фысджытæн сæ бон зæрдæзæгъгæ куыст кæнын кæм уа, ахæм хицæн хатæнтимæ.

**– Ӕмæ нæм уæд ног курдиатджын фысджытæ фæзындзæн?**

– Ӕппынкъаддæр, чи нæм ис, уыдонæн фылдæр бантысдзæн. Артист æдзух хъуамæ коллективы уа, фыссæг та рæстæгæй-рæстæгмæ хибарæй аззайа æмæ йæ хъуыдытæ гæххæттыл бауæнда. Уый алчи не 'мбары. «Друг другу мы тайно враждебны», – курдиатджын фыссæг мæнæн кæддæриддæр мæ хæлар у, фæлæ Блокы ацы ныхæсты дæр рæстдзинад ис.

**– Дæхи ныв дын скæнынæн, кæнæ дæ чиныджы фæлгонцыл бакусынæн æппæт рæстæджыты нывгæнджытæй фыццаджыдæр кæй равзарис?**

– Репин, Дзанайты Азанбеджы. Ӕнæмæнг Къостайы. Диссаджы нывгæнæг, æрмæст йæ автопортретмæ кæсынæй дæр адæймаг не 'фсæды!

**– Фыссæг куы нæ суыдаис, уæд та дæ рауадаид… Цы?**

– Куы зæгъын, алцыдæр Хуыцауæй нывгонд вæййы, æмæ мæнæн мæ хъысмæт фыссæг суæвын уыд. БМК-йы кусæг фæсивæды скъолайы мын мæ нывæцæнтæ дæнцæгæн хастой уырыссаг ахуыргæнинæгтæн. Уыдон та бирæ уыдысты. Уæдæ мæ Литературон институты фыццаг курсы та афтæ фарстой: «Кæм райгуырдтæ?» Зæгъын, Зæронд Бæтæхъойыхъæуы. Ӕмæ, дам уæм, уырыссæгтæ бирæ уыд? Иу дæр, зæгъын, нæ. Гъемæ тынг дис кодтой, уырыссаг æвзаг афтæ хорз кæм базыдтон, ууыл. Чиныг бирæ кастæн, æмæ уый уыд хъуыддæгты рахæцæн. Уæвгæ та… уарзтон театр, чи зоны, актер дæр мæ рауадаид.

**– Аннæ Ахматова фыста, зæгъгæ, если бы, дам, вы знали, из какого сора растут стихи... Дæумæ гæсгæ тæ куыд райгуырынц æмдзæвгæтæ?**

– Сæ 90 проценты – сæхи 'гъдауæй, æппындæр сæ темæйыл нæ фæхъуыды кæныс, афтæмæй. Мæ иу къухфысты уыд æмдзæвгæ «Сфæлдыстад». Фæдзырдта мæм рауагъдад «Ир»-ы редактор Цæрукъаты Алыксандр, æркæсæм æм, зæгъгæ. Фæлдахы сыфтæ, фиппаинæгтæ кæны, цæмæйдæрты мæ афæрсы. Уыцы æмдзæвгæмæ куы бахæццæ, уæд загъта: «Ахæмтæ дæм бирæ нæй!» Ӕмæ дарддæр кæсы. Уымæй диссагдæр æппæлд ма мæ цы хъуамæ ракодтаид, мæнæй ма амондджындæр адæймаг кæм уыд! Стыр аргъ ын кодтам Алыксандры ахастæн нæ уацмыстæм…

**– Джыккайты Шамил-иу дзырдта, сфæлдыстадон кусджытæй, дам, æрмæст композитортыл дис кæнын. Цалдæр нотæйæ уый-**

**бæрц уацмыстæ куыд снывæндынц! Ды та ахæм хуызы искæмæ хæлæг кæныс?**

– Нывгæнджытæм! Шамилæй хорз нывгæнæг дæр рауадаид, æз та раст хаxх кæнын дæр нæ зонын. Зарын, хъырнын, кафынмæ цыдæртæ арæхстæн, æмæ мæм уый афтæ диссаг нæ кæсы. Дзасохты Музаферимæ-иу ахæм хъазæн ныхас кодтам. «Кафын чи нæ зоны, уыдонæй æппæтæй хуыздæр – ды», – загъта-иу уый. Мæ дзуапп-иу уыд ахæм: «Ды заргæ куыд кæныс, æз уымæй дзæвгар хуыздæр кафын». Уый та уын сфæлдыстады алывæрсыг миниуæг…

**– Нæ ныхасы кæрон – дæ фæндиæгтæ «Мах дуг» кæсджытæн.**

– Нæ фарн бæрзондæй-бæрзонддæр кæнæд, нæ уидаг хорз æвзар уадзæд, нæ курдиатджын фæсивæд сабыр арвы бын ног æнтыстытæм тырнæнт!

***Ныхас ныффыста ТЪЕХТЫ Тамерлан***

# ÆНКЪАРÆН – ЗАРÆДЖЫ ÆНДЗАРÆН

***(Камалы райгуырды 60 азы бонмæ)***

Ходы Камалыл рацыд 60 азы! Ныртæккæ йæ цæрæн бон æмæ йæ фæлдисæн бон сæ тæккæ тæмæны сты. Ныр æппæтæй цæттæ зиууон лæг у – царды дæр æмæ дзырдаивады дæр. Стæй канд ныр нæу, – дыууиссæдз азы размæ рацыд зиумæ, ирон аив литературæйы зиумæ, æмæ дзы кусы лæппулæгау – æвæллайгæ, цыма, йæ тых цы фæкæна, уый нæ зоны, ахæм равгæй. Тъизынтæ-хъæрзынтæ никуы уарзта æмæ нæ уарзы ныр дæр. Йæ зарæг – йæ удрæбын ис зымæгон хъызты дæр, уалдзæг та (уалдзæг йæ уарзон афон у!) – йæ былы алгъыл. Кæд ын фадат фæвæййы, уавæр фæамоны, уæд райхъуысы йæ рæсугъд илæлæй, кæд уавæрмæ гæсгæ зарын аив нæ вæййы, уæд та хъазæн ныхас æмæ дзырды юморæй йæхи фæхæссы. Ахæм у йæ удыхъæд, ахæм уыд, куы йæ базыдтон (дыууиссæдз азы размæ!), уæдæй фæстæмæ, æмæ ныр йæ ахуырст (кæркæ-мæркæ ахуырст!) нал ссæудзæн, тæрккъæвдатæ йыл куы фæцæуой, уæддæр. Уый æз хорз зонын æмæ йæ уымæн æнæдызæрдыгæй дзурын – дыууиссæдз азы фæрсæй-фæрстæм кусæм æмæ хæссæм нæ уистæ, кæрæдзи базоныны фадат нын уыди.

Советон дуджы литературон зиумæ фысджытæ цæуын райдыдтой, мæнæ стыр мыггаджы фæсивæды 'хсæн куыд вæййы, афтæ – иугæйттæй нæ, фæлтæргай.

Камалы фæлтæр бирæ уыдысты, фæлæ дзы цыппар лæппуйы Дюмайы цыппар мушкетерау бынтон æнгом хастой, мæнæ иронау куыд акæнынц – иу хæдон дæр сын уæгъд уыди. Уыдон уыдысты Хъодзаты Æхсар, Малиты Васо, Джыккайты Шамил æмæ Ходы Камал. Ацы лæппутæй, зиумæ куы 'рбацыдысты, уæдæй фæстæмæ стыр ныфс æвæрдтой хистæр фæлтæры хуыздæр минæвæрттæ – Плиты Грис, Гафез, Дзугаты Георги, Цæрукъаты Алыксандр, Мамсыраты Дæбе, Дзадтиаты Тотырбег æмæ æнд. Гъе, æмæ цыппар дæр рацыдысты æцæг ныфсы лæгтæ нæ литературæйæн.

Мæнæн цыппар дæр цыдæр адджын фесты. Хæрзæгъдау ирон лæппутæ, мæ кæстæртæ, курдиатджын поэттæ. Æцæг Шамил æмæ Васо романтикон традицимæ æмхиццæр уыдысты, Камал æмæ Æхсар та – реалистон уынынад æмæ стилистикæйыл æнувыддæр. Мæхæдæг дæр реалистон аивадмæ мæхи ластон æмæ йæ æргом дзырдтон:

*Бæрзонд романтикон цæлхъытæ...*
*Æмæ дзырдарæхсты фырдиссаг,*
*Зæрдæйы трагикон фыдриссаг*
*Ныууагътон кæстæртæн.*

Иу дзырдæй, Æхсар æмæ Камалы реалистон поэтикæ мæ удæн æхцондæр уыди. Камалы поэтикон ныхас мын уымæ гæсгæ адджын уыди рагæй фæстæмæ, фæлæ йын ацы ныхас дзургæ фыццаг хатт кæнын. Афтæ мæм каст, цыма йæ æнæуый дæр зоны, дзурыны сæр дзы ницæмæн хъæуы...

Ныр æй кæй рахъæр кодтон, уый та у, поэтыл æртиссæдз азы кæй ацыд, æз та дзы 16 азы хистæр кæй дæн, уый аххос: дыккаг хатт мæм дзурыны рад куы нал æрхауа. Кæддæр 60 азы стыр карыл нымад уыдысты. Ныр дæр мæнæ чысыл не сты, фæлæ сæм ис иу æндæр миниуæг: мæнæ бæрзонд хохы сæр фæзау куы ныууа, уæлдæр схизæн ыл куыд нал уа, уый хуызæн сты. Ома, уыцы фæзауы дæ бон у, æмæ дыууæрдæм кæнай, фæлæ дын уæлдæр схизыны фадат нал ис. Поэтикон курдиаты рæзтæн дæр 60 азы ахæм бæрзæнд у – ацы бæрзæндæй кæс дунемæ, фæлдис бир-бирæ азты – де уæнгты хъару йæ тæккæ ивылдыл æмæ аивыл у! – фæлæ дæ рæзты дуг фæцис. Хорз афон у, æмæ, иугæр Камал уырдæм бахæццæ, уæд мæ фæндиаг у: йæ бæллицтæ се 'ппæт дæр сæххæст уæнт, йæхи зæрдæ куыд зæгъы, афтæ! Ацы арфæмæ ма мæ бафтауын фæнды бæрцæй цалдæр дзырды, Камалы поэзи мын адджын цы миниуджыты тыххæй фæци, уыдоны фæдыл.

Камалы иу цыбыр уацмысы ис ахæм стих: «Æнкъарæн у æмдзæвгæйы æндзарæн...». Раст зæгъы, – дзырдаивады уацмысы æнкъарæн куынæ уа, уæд, йæ зæрдæйы куырой цæмæй разила, уый нæ уыдзæнис æмæ марды хуызæнæй лæудзæн. Фæлæ дзырдаивады артдзæсты æртдзых цæмæй бакæнай, уымæн хъæуы æртæ сæйраг æндзарæны æмæ стæй алыхуызон лыстытæ дæр. Уыцы æндзарæнтæ сты: æнкъарæн, фæлдисæг фантази, поэтикон хъуыды. Æцæг уацмысы куы сæ иу вæййы развæдгæнæг, æппæтæн хуыздæттæг, куы та – се 'ннæ. Науæд та, – уый поэты бæллиц у! – æртæйæн вæййы гармонион иудзинад, артдзæсты фæсудзынц иу цырагъау.

Камалы 'мдзæвгæтæй мæ уды алгъыл иу сулæфтæй чи анысдзæвы æхсинæджы сисау, уыдон сты, фыццаджыдæр, йæхи биографион цар- дæвæрæнтæй чи рантыст, уыцы рæнхъытæ. Мæнæ йæ сабийы боны мысинаг: «Чысыл лæппу йæ фыды фыдмæ дзуры, – хъæдмæ-иу сугтæ

ласынмæ куы ацыдтæ, уæд-иу мын «дæ дзыппыты æрхастай æмбисонды цымтæ...». Ацы иунæг хабарæй нæ цæсты раз сысты царды æнæхъæн ныв: саби фыды рæвдыд зоны æрмæст йæ зæронд фыды фыдæй, йæ раттæг фыд кæмдæр хæцæны æрвиты йæ удуæлдай бонтæ... Сабийы арвгæронæй айсæфт уыцы рæвдауæг хур дæр æмæ ма йын уыны йæ зæнгæйттæ, йæ худ, йæ хотыхтæ, йæ гæрзтæ. Фæлæ йæ мидбылхудт нæ уайы, нæ, йæ цæстыл...

Афтæ поэт мидбылхудты койæ амбæхста йæ зæрдæйы æрхæндæг...

Камал дзырдаивады арæхсы æппæтмæ дæр. Зоны мадæн уарзондзинады æргом ныхасæй йæ зæрдæ алхæнын, стæй йæ уарзондзинад нывæнды ахæм хуымæтæг хуызы, æмæ йыл мисхалы бæрц дæр гуызавæ фæуæн нæй: «Мæ уды уд! Æз уарзын дæ фæлмæн дзырд, дæ къæхты хъæр, дæ бахудт, дæ конд кæрдзын...»

Поэты ныхас, цæуылфæнды куы дзура, уæддæр афтæ хуымæтæг дзæнхъирд æмæ хурæргом кæм вæййы (ахæм та вæййы фылдæрхатт), уым нын нæ зæрдæйы дуар байгом кæны иу сулæфтæй:

*Бæлас бæласæн цы дзуры,*
*Уый мæ базонын фæнды.*
*Зæрдæ уалдзыгон цы куры,*
*Уый мæ базонын фæнды.*
*Хох кæмæ уайсады 'нусмæ,*
*Уый мæ базонын фæнды.*
*Хур кæмæн фæтагъд йæ рустæм,*
*Уый мæ аскъæфын фæнды.*

Фæстаг фæндиаг кæд цыфæнды кæркæ-мæркæ у иннæты цур, уæддæр, афтæ æргом æмæ райдзаст зæрдæйæ загъд кæй æрцыд, уымæй нæ æваст йæ фарсхæцæг скодта, æмæ, нæ мидбылты бахудтыстæм, афтæмæй сразы стæм поэты фæндиагыл нæ миднымæр.

Камалы поэтикон аивады, æвæццæгæн, уый сæйраг миниуæг у: ирдæй, сыгъдæгæй, хуымæтæг, фæлæ нывыл кондæй авæры нæ армы дзыхъхъы, йæ удрæбын цы фæндиæгтæ, æнкъарæнтæ æмæ сагъæстæ хæссы, уыдон. Разы уай æви нæ, уый дæ бар у, фæлæ истæуыл дызæрдыг кæнай, кæнæ уæлдай дзырдты фæлмæй ма фенай поэты æцæг хъуыды, ныв, фæндиаг, уый фадат дын нæ дæтты. Ахæм у Камалы поэзи йæ уацмыстæн сæ фылдæр хайы.

Чи зоны, ноджы зæрдæмæдзæугæдæр у Камалы аивадæн йæ дыккаг æууæл. Æз æй рахонин оптимистон дунеæнкъарынад. Адæймаджы

царды цы зындзинæдтæ, хъыгтæ, фыдæвзарæнтæ ис, уыдонæй иу дæр Камалы поэтикон дунейæ нæ фæиппæрд. Фæлæ уыцы дунейæн æцæгæлон сты хъæрзын æмæ нæтын, реалон æмæ мысгæ тухиты демонстраци, æргъæвст зæрдæйы хъæстытæ, уымæлдзаст хъуыдыйы уырыхсны. Царды бирæ æнæрастдзинæдтæ æмæ фыдбылызтæ кæй ис, уый хорз зоны поэт, фæлæ сæ тæрсгæ нæ кæны. Цыфæнды зын ын куы вæййы, уæддæр та æхсæндзарды галиу митыл бахуды æмæ мах дæр бахудын кæны йæ хъазæгой ныхасæй. Æмæ та айсæфы нæ зæрдæйы уынгæг æнкъарæн, бауырны та нæ, а дунейы адæймаджы иунæг хæрзиуæг дæр кæй ныббырсдзæн мин-мин хæрамы, лæгдзинад æмæ лæгуарзондзинад кæй никуы фæуыдзысты тæппуд, хин æмæ фыдзæрдæ эгоизмы амæттаг!..

Камалы поэтикон оптимизм æз уынын йæ аивады мæнæ ахæм миниуæджы дæр – поэт йæхи миддунемæ (йæ уды 'нкъарæнтæ, фæндиæгтæ, сагъæстæ) куыд зæрдиагæй æмæ уарзон цæстæй кæсы, раст афтæ нымайы, йæ алыварс цы дуне ис, уый дæр. Эгоист цыфæнды дзырдарæхст æмæ дæсны фæдсафæг куы уа, уæддæр æрмæст йæхи уарзы, йæхи сæры койыл у, поэт-гуманист та уæларв хурау æппæтыл мæт кæнынмæ тырны, æппæты барæвдауынмæ – кæрдæджы цъуппæй– æврагъы пирæнгоммæ, тархъæды сагæй – денджызы цъингуырмæ. Ацы миниуæгыл баст у поэты уарзондзинад йæ райгуырæн зæххы хуызтæм. Ирыстоны зæхх, адæм, сæ ивгъуыд, сæ абон, сæ фидæн æвæджиауы уарзон кæй сты поэтæн, уый кой ныр дыууиссæдз азы кæны, стæй алы хуызты – куы хъæрæй, уæлмонц ныхæстæй, куы миднымæр сагъæсы формæйы, куы хъазæгой дзырды ауонæй. Æмæ адæймаг æуууæнды æргомдзырд поэтыл. Фæлæ, раст зæгъгæйæ, мæ зæрдæйæн уыцы уарзондзинад иууыл адджындæр удæнцой хæссы, Камал иу райсомы ныв куыд уыны, уый мæ цæсты раз куы сысты, уæд...

*Сæумæрайсом... Мысыкайы къуылдымтыл*
*Уæззау æртæхæй – астымгæрдæг къул.*
*Зырзыргæнгæ йæ был ысдардта хур,*
*Æмæ нырттывтой æртæхтæ фæрдгуытау...*
*Зынджытау пыхсæй пъырыпъыф æрттивы,*
*Йæ гагатæ – сæ «цатырты» нымæхст...*
*Нындзыг ыстъæлфау арвы фæтæн риуыл*
*Хæрдмæдзæуæг цъиу – нал æй ахсы цæст...*
*Йæ зарæджы фæдисон мыртæ зæххæй*

*Æхсæрдзæнау ныггуылф ластой хæрдмæ...*
*Сæууон æртæхыл тæрхъусты фæдтæ*
*Тæссар-мæссарæй къохы 'рдæм ыздæхынц...*
*Сиу мæргъты зарæг – иугæндзон æмтъæлланг...*
*Мæрдтæй æвдадзау раздахид лæджы!..*
*Зындзысты ардæм хосдзаутæ рæхджы, –*
*Сæ удтæ сын æррæвдаудзæн уæнгвæллад...*
*Æдзæм тæрфыты – суадæтты сыр-сыр...*
*Мынæг уддзæфæй зазы хихтæ ризынц...*

Уырысмæ иу ныхас ахæм ис, – уарзондзинад, дам, куырм у!.. Чи зоны у, фæлæ æрмæст æвзæрдзинæдтæ уынынмæ. Дунейы æмæ адæймаджы аивтæ уынынмæ та уарзондзинадæй цæстджындæр ницы æмæ ничи ис зæххыл. Камалы цæстæй дæр уарзондзинады рухс куынæ кæлид, уæд афтæ бæстон æмæ аив нæ федтаид Ирыстоны сæумæрайсомы нывтæ.

Гъе стæй ма иу фиппаинаг. Камал уыны йæ уарзон зæхх, хъусы йын йæ алы мыр дæр, æнкъары йын йæ кæрдæджы алы хæрздæф – «дардæй тархъæды сым-сым», æмбуды рагуалдзæг быдыры «алайы тæф». Гъе æмæ, Камал бæрзонд ныхæстæм, риторикон цæлхъытæ æмæ дзырды аивмæ дæр кæд дæсны у («Аланты тугæй иу æртах – мæ уд», «О, хæхты зарæг райгуырди мæнимæ» æмæ æнд.), уæддæр, мæ зæрдæмæ арфдæр чи хъары йæ уды скъуыддзæгтæй, уыдон сты, йæ цæсты рухсæй кæй уыны æмæ йæ зæрдæйы хъустæй кæй хъусы, уыцы мыртæ. Йæ интеллектуалон фæллойæ та мæм иууыл аивдæр кæсынц, поэт йæ хъазæгой зæрдæйыл куы вæййы, уæд дзы цы юмористон æмæ иронийæ ифтыгъд ныхæстæ сирвæзы, уыдон.

Камал арæхсы иу тæхудиаг аивмæ: цыфæнды ахсджиаг æнкъарæн кæнæ фæзындыл ма дзура, уæддæр йæ ныхасæн хаттæй-хатт ссары юмористон кæнæ иронион фездæхæн.

Мæнæ йæ бафæндыд йæ уарзон чызгæй раппæлын, æмæ йæ къæмдзæстыг бамбæхсыны охыл нытътъæлланг кодта: «Æз хæлæг кæнын мæхимæ, ахæм чызг кæй уарзы...». Уарзон чызгимæ фембæлды аххосæй æрæгмæ кæй бацæуы хæдзармæ лæппу, ууыл мæт кæны мад, фæлæ, хæрзиуæджы охыл кæй у уыцы хъуыддаг, уый мад бамбæрста фæрссаг хабары руаджы: «Æвæццæгæн, дæ хъарм дзыккуты уддзæф Бахæссын мæ уатмæ...»

Хаттæй-хатт æцæг поэты юмор ахизы сарказммæ. Мæнæ не 'хсæндзарды иу фæуддзаг фæзынд: къухдариуæггæнæг йæ алфамбылай

сæмбырд кæны йæхицæй цауддæрты, æмæ афтæмæй сырæзы ахæм уавæр, къухдариуæггæнæгæн йæхи хъуыды кæнын куы нал фæхъæуы. Уæд райдайы æнæсæрты рад, æмæ базары кæсæгтæ уæй кæнынц диссаджы аргъыл: «Сæрджынты килæ – сомырдæг! Æнæсæртæ та – сом!..»

Камал урс æмæ сæрибар стихæй фыссынмæ дæр æмхиц æмæ арæхстджын у. Сæрибар стих, европæйаг нымадæй, фылдæр-фылдæр хауы, интеллектуалон поэзи кæй хонынц, уымæ. Ома, уацмысы сæйраг у, хъуыды, фарст, эмоци дæлтексты кæм ис, ахæм ныхас. Камал сæрибар стихæй фыссы иттæг эмоцион æмдзæвгæтæ дæр, фæлæ хорз арæхсы иронийы фæрцы йæ хъуыды ранывæндынмæ дæр:

*Бирæгъ, сæгъ*
*Æмæ къабускайыл*
*Ис бирæ 'мбисæндтæ.*
*Фæлæ арæх*
*Иу хъуыддаг рохуаты фæуадзæм:*
*Цæвиттон,*
*Бирæгъæй тас вæййы сæгъæн,*
*Сæгъæй тас вæййы къабускайæн,*
*Къабускайæ тас никæмæн вæййы, –*
*Тас вæййы æрмæст йæхицæн...*
*Æмæ уæм уый куыд кæсы?..*

Иу дзырдæй, иронау куыд акæнынц, – кау ныллæгдæр кæм вæййы, адæм иууылдæр ууылты хизынц, æмæ уымæн нырма рæхджы ницы хос самал чындæуыдзæн, афтæ кæсы поэтмæ, стæй мæнмæ дæр: æмæ уæд къабуска цы кæна?..

Чи зоны, исчи зæгъа: ау, Камалы дзырдаивадмæ иу фау æрхæссæн дæр нæй?!. Ис, æвæццæгæн, ис. Фаутæ æнцон хæссæн сты. Аипп йæхæдæг йæхи искæй цæсты æппарынмæ тырны. Зын та у хорз æмæ аивдзинад рахатын уацмысы, цухдзинад армытъæпæнау уæлгоммæ у. Фæлæ æз абон фаутæ хæссынил нæ дæн. Стæй фаухæсджытæй Иры дзыхъхъ цух никуы уыд æмæ рæхджы нæдæр уыдзæн. Уыдонæн сæ амонд сæхи, фæлæ ма иунæг фæндиаг: Камал йæ иу æмдзæвгæйы бæллы стихамад зæлты узæлдмæ иу нысаны охыл – кæд, дам, «Нырраид мæ зæрдæ, Ныммæлид мæ зын».

Хуыцау зæгъæд, цæмæй ныръæй фæстæмæ дæр Камалы зæрдæйæ цæргæсы ләппынтау тæхой бæрзонд арвмæ уæздан мыртæй амад аив

дзырды фæлтæртæ. Уадз æмæ сæ райа Иры дзыллæйы зæрдæ! Зонын æй, аив дзырды бон нæу адæмы зын амарын. Фæлæ зæрдæйы рис фæсабыр кæнын æмæ ууыл уæлахизæн ахъаз кæнын у йæ бон. Гъе æмæ æвидигæ уæд Камалы поэтикон ныхасы ахæм ахъаз!..

***Нафи***

# ФЫСТ У ЙÆ НЫХЫЛ АЛКÆМÆН ЙÆХИ ЦАРД

Алы фыссæгæн дæр ис йæхи хъысмæт. Иуæй-иуты фыссын бахъæуы дæсгай азты, цалынмæ мыхуырмæ баирвæзынц, уæдмæ. Бирæты бахъæуы къорд чиныджы рауадзын, цæмæй сыл фыссæджы ном сбада, уый тыххæй. Камал хызт уыд ахæм хъизæмарæй. Уый поэзимæ æрбацыд барджынæй, æваст, комкоммæ.

Пединституты фыццаг курсы студент куы уыд, уæд сфæлдыстадон цард Ирыстоны фыхти цæдджинагау. Иу литературон изæры Камал бакаст цыбыр æмдзæвгæ «Чъыры къæртт». Хистæр студент поэттæ загътой: «Амæ цыдæр ис». Уыцы цыдæр уыди курдиат. Йæ фыццаг фæлварæнтæ мыхуыргонд æрцыдысты æнæ удхарæй, сæ цæст сыл æрæвæрдтой фысджытæ дæр æмæ кæсджытæ дæр.

Уæд, 60-æм азты къæсæрыл, ирон поэзийы æвзæрди ног суадæттæ, уыдоны фæрцы ралæууыд аивады ног заман. Донвæд ын кодтой Нафи æмæ Алыксандр, зиууонæй сæм фæзындысты Бестауты Гиуæрги, Дзаболаты Хазби, Дзуццаты Хадзы-Мурат. Уалынмæ фæзынд ног хъазуатон фæлтæр. Уыдонæн сæ сæрæндæртæй иу уыди Ходы-фырт.

Ног аивады фæндагыл цæлхдуртæ вæййы. Йæ сæраппонд фæхъæуы тох кæнын. Хицауадон хъуыды æмæ партион поэзи уыдысты барджын, хъуына гæнахау, лæууыдысты фидар, зындысты тызмæг æмæ æнæсæттон. Сæ хъахъхъæнæг чиновниктæ æмæ сæ хъузон фысджытæ уыдысты тохвæлтæрд, каубыдау æнгом, кодтой æмархайд.

Зын уыд сæ басæттын, нæ цудыдтой. Цыди карз тох. Камал уыд, ног æхсæнадон, этикон æмæ эстетикон идеалтыл чи хæцыд, уыдонæй.

Иу æмбырды та уæлдæртæ растадысты уыцы идеалты ныхмæ. Уым æргом, ныфсджын æмæ раст ныхас загъта Камал. Уæд ын йæ

хæлæрттæй иу зæгъы: «Нæ дæ хъуыди, Камал, афтæ дзурын. Хицауадæн хъыг уыд дæ ныхас. Уыдонмæ уыд фæндон: дæу редакцийы хайады сæргълæууæг скæнын. Ныр ма дæ чи сæвæрдзæн уыцы бынаты!» Уæд Камалы дзуапп уыд ахæм: «Хорз, уыцы бынат мæн хъæуы, æмæ рæстдзинад нæ загътон. Хайады сæргълæууæг сдæн. Иннæ хатт мæ бафæндыд уæлдæр бынат бацахсын, æмæ та рæстдзинад зæгъын мæ бон нæ баци. Мæ сæр мæ сагæхты æмбæхсдзынæн. Æмæ уæд мæнæй цы рауайдзæн? – Цъаммар фæсдзæуин!» Афтæ мæм кæсы, æмæ уыцы ныхасы фæстиуæг у æмдзæвгæ «Ныхас бюрократимæ». Поэт йæ зондамонæгæн фидарæй зæгъы: «Нæ мæ фæнды сæдæ мады дæйын, нæ мæ фæнды сабыр уæрыкк уæвын».

Тохы бирæ хуызтæ æмæ бирæ фæрæзтæ ис. Ног эстетикон идеалтæ фидар кæнын хъуыдис, фыццаджыдæр, ног аивадæй. Камалы курдиат у æрдзон æмæ хигъæдон. Йæ ныхас – бæстон, хъомысджын, нывæфтыд. Нæ зæрдæ нын æхсызгонæй агайдта йæ фыццаг æмдзæвгæты лиризм: хуымæтæг, æргом, æнахуыр æнкъарæнты поэзи. Диссаг куыд нæу, йæ уындмæ кæмæн бæллыс, уыцы чызгмæ афтæ хатын: «Ма мæм бахуд, – бабын мæ кæндзынæ». Науæд: «Æз хæлæг кæнын мæхимæ, ахæм чызг кæй уарзы!».

О святая наивность! Нæ бæллицтыл нын тæссонд базыртæ сагъта, æрдз дæр кæй æрхуымыл дис кæны, уыцы лæппуйы дзуапп: «Цæстытыл-иу ауадысты уæд, чи адарди, уыцы сау дзыккутæ». Курдиаты æвдисæн уыд «Хæхты зарæг». Мæ зæрдæйы зæлынц, суадоны цыдау, сæрибар, ирд æмæ зæллангон рæнхъытæ: «Бидайы комы дзедырджын къуыбыртыл æз рагбонты бæгъæмзæнгæй хылдтæн». Уый райдайæг поэты ныхас нæу. Æвзонг поэт дзуры фидар хъæлæсæй, йæ хъуыды зæгъы уæндонæй, дзырдтæ сæ бынæттæ ахсынц барджынæй, ис сын сæрибарæй змæлæн æмæ сулæфæн, æмæ æвдисынц сæ тых æмæ сæ фидауц. Уыдон сты курдиаты æууæлтæ.

Камалæн фыццаг программон æмдзæвгæ уыд «Æмбисæхсæвы монолог» (1965 аз). Поэты уæлмонц кæнынц дыууæ бæллицы: «зæрдылæмбæлгæ дзырд» зæгъын æмæ «æдзæлгъæд тутт ныхæстæй хъуыддаджы дзырдмæ рахизын». Камалæн æнтыст йæ бæллицтæ æххæст кæнын.

«Æргом ныхас»-ы загъта: «Нырæй фæстæмæ нал фыссын æмдзæвгæтæ, Нырæй фæстæмæ æз фыссын Мæ зæрдæйы хъæдгæмттæ». Афтæ кæнын у поэты хæс, фæлæ уый тæссаг у

цыфæнды рæстæджы дæр. Ахæм æмдзæвгæтæ-иу расайдтой фаутæ æмæ даутæ, арæх та – æгъатыр критикæ. Уый фæстиуæгæн Камал æрцыд бæлвырд хатдзæгмæ: «Æргомдзырд уæвын никуы 'рхаста адæймагæн удæнцой, кæнæ та мулк, фæлæ йын уыйхыгъд зæххы æмуæз фыдæбæттæ æрхæссы – æмæ йын уыдон йæ ном æнæмæлæт скæнынц». Афтæ у сфæлдыстады хъысмæт. Камал «Гаджидау»-ы фыдæхы цæхæр калы цард, рæстдзинад æмæ намысы знæгтыл, – уый лæг æмæ поэты ми у. Цы сойтæ смарзта æргомдзырдæй, уымæн тæрхонгæнæг – рæстæг æмæ истори.

Камалы æмдзæвгæтæй бирæтæ сты ирон лирикæйы æнтыст. Поэт ирон пародийы дæснытæн цæуы сæ раззæгты рæнхъы. Цыргъзонд кæй у, уымæн æвдисæн сты йæ эпиграммæтæ. Гæрзарм у тæлмац кæнынмæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Камал азымджын у, чысыл кæй фыссы, уымæй. Æниу, чи зоны, уый фæудздзаг миниуæг нæу. Йæхæдæг фæзæгъы: «Алцæуыл фыссын хъуыддаг нæу. Æмдзæвгæ хъуамæ фæзынд (явление) уа». Алчи ахæм зондыл куы хæцид, уæд нæ литературон хуымы къаддæр уаид æгæнон хæмпæл.

Камал разагъды лæг у. Йæ бон у Ир æмæ æндæр адæмты 'хсæн лæгау æрлæууын æмæ ныхас зæгъын. Зоны, кæм цы зæгъын хъæуы, уый дæр. Йæ бон у ирон фынгыл хистæр уæвын дæр æмæ «оммен» кæнын дæр, куы бахъæуа, уæд та зарын дæр. Уыдон æмткæй сты поэт æмæ лæджы æууæлтæ. Хуыздæр æмæ йын фылдæр бантысæд!

***ДЖЫККАЙТЫ Шамил***

# ДЗЫРДДЗУАН, РÆНХЪДЗУАН

Кæндзынæн, Камалы чиныг «Мыртæ» кæсгæйæ. Нæ, критикон уац ныффыссинаг нæ дæн – уæд мæ бæстон-бæлвырдæй зонын хъæуы, амæй размæ йыл цас фыстытæ уыд, уыдон: Нафийы, Музаферы, Æхсары, Шамилы, Мелитоны æмæ ма ноджыдæр кæйдæрты уацтæ.

Хорзырдæм дæр фаг ныхæстæ расайдта, уæдæ йæм йе 'мсис æмбæлттæ аиппытæ дæр раиртæстой сæ уынаг цæстытæй.

Ирон гуырдæй дæр цы домбай уæнгдых лæппу уыд Камалбег, цы! Æмæ куыд æвгъау у абоны æнæфæразгæ уавæрæн!

Нæ, цыбырдым нæу лæджы цард, азтæ дзæбæх куы батыгуыр уой, зæгъæм, 80 бæрц, уæд. Бирæ мысинæгтæ æрæфты зæрдыл…

Уæд Камалы лæгæй-лæгмæ нæма зыдтон, фæлæ мын æй нæ хъæуы лæппутæ мæнæн, дæсæмкъласонæн, бацамыдтой:

– Уæртæ уыдон Бæтæхъойыхъæуæй цæуынц махмæ, Зилгæмæ, 8-æм къласмæ. Уæртæ уый та Камал хонынц, æмдзæвгæтæ, дам, афыссы…

Иу хатт нын Æхсаримæ иу худæг анекдотгонд радзырдта Камал. Цыдæр хицау лæг, дам, изæрæй сæхимæ 'рбацыд æмæ, мæстæй хæлгæйæ, дзуры, мæ авторитет, дам, абон бынтондæр фесæфт. Уæд ын йæ чысыл чызг афтæ, папæ, демæ, дам, æй ма хæсс дæ авторитет, демæ…

Поэт диссаг æмæ 'мбисонд уымæй вæййы, æмæ хæстæгдзинад стыхджын кæны – хæстæгдзинад та ахæм, æмæ уæды онг кæрæдзийæн æцæгæлон цы дзырдтæ уыд, уыдон бахионтæ кæны, тугхæстæг сæ рауайы, сæ иу æнæ иннæ нал фæфидауы. Се 'нæнхъæлæджы фембæлд поэты руаджы ахæм бæрæгбон басгуыхы, æмæ уæд уый свæййы поэзийы хæрзæбонып нымад.

Кæсын чи зоны, дзырды хæрзад æмæ йын йе 'гæрон хъомыс чи 'нкъары, уый сæ 'нцонæй рахатдзæн Камалы æмдзæвгæты – чиныгкæсджытæ-иу сæхæдæг бафыдæбон кæнæнт: ома йæ чиныг ын сæ къухтæм райсæнт æмæ йæ кæсæнт...

Мæн та барæвдыдта, цины хос мын фæцис – рагæй! – йæ иу æмдзæвгæйы хуымæтæг дзырд: «Кæмдæр»…Бæстæ кæддæриддæр æмыдзаг у æфсымæртæ æмæ хотæй – ома цин æмæ хъыгæй; иуыл зиан æрцыд, иннæйы хæдзары чындзæхсæв нæры.

Æмæ Камалмæ дæр кæмдæр чидæр хъæрзы, кæмдæр та…Чи сæ нæ зоны уыцы рефрены ныхæстæ: «Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц…»

Кæмдæр, уæд дунейы уæрæхы; уæд сæ зард Къостайы хъæрау мæрдтæм дæр хъуысы; зарынц, æмæ ирон цард йæ гаччы ис, йæ бæрæг фæткыл фидар æвæрд у. Кæмдæр, уæд – алы ран дæр. Иугæр кæмдæр – дунейы æгæрон уæрæхы – зарæггæнджытæ ис, уæд адæймаг ныфсвидар у, цардхъомыс у, сомбонæй разæнгард.

Уайтагъд-иу мæ зæрдыл Есенины рæнхъ дæр æрбалæууыд: «Где-то плачет иволга…» Фæлæ, дам, «мне не плачется – на душе светло…»

Дзырд – æмдзæвгæйы цæджындз, йæ рухс, йæ амонд, йæ царддæттæг тых. Æмæ поэзиуарзæгæн та – æвдадзы хос. Адæм æмæ Хуыцауæй рантысгæ Дзырд.

Зарут, ирон лæппутæ, уæ зæрин хъæлæстæ Камалы амондæн, не 'ппæты цинæн макуы бамынæг уæнт, макуы сæхгæнæнт!

Кæддæр-иу куыд хорз зарыд Æхсар, æмæ-иу ын куыд дæсны хъырныдта Камал!

Цы зараг хъæлæс уыд Нафийæн дæр!

Цы зараг уд æмæ зæрдæ уыд нывгæнæг Хъазыбегæн, поэтты æрдхорд Хетæджы-фыртæн!

Рæнхъдзуан ногæй-ногмæ азилон Камалы æмдзæвгæтыл, æмæ дзы мæ фæллад зæрдæ йæхи æхсызгонæй кæуылтыл скъуырдта – йæ поэзийы могортæ-æнцæйттыл, йæ фæндыры сæйрагдæр хъæлæстыл, уыдон рауидзон æмæ та уыдон дæр дзыхъхъынногæй хуры рухсмæ – хуссарварсмæ! – рахæссон. Кæд ма мæнæй уæлдай сымахæн дæр – ирон чиныг йæ къухмæ райсынмæ зивæггæнджытæн дæр – исты бæрæг цины хос фæуиккой.

Стæй сомыгондау уаиккат, мах дæр Камалы сфæлдыстадимæ уæд та ма уæлæнгæйтты зонгæ стæм, зæгъгæ…

Ис ахæм æмбарынад дзырдаивады – æмбæрстдæр уыдзæн, уырыссагау æй зæгъгæйæ: «Ударная фраза». Гъе, гъе, уыдон – афоризмтау-базырджын ныхæстау рæнхъытæ – фæрсудзæг дæн ныр æз дæр, кæд поэтæн иннæтæ дæр «цагъды уæлдæйттæ» не сты, уæддæр. Цы 'мдзæвгæтæй сæ-иу фæиртæсын кæндзынæн, уыдон нæ амонын:

*…Æз федтон уæ рухсмæ мæ фæндаджы сæр.* (Зæгъы йе 'взонджы бонтæй.)

*…Куы цæрон царды зоныгæй – Уæд ницæйаг дæн, зонын æй.*

*…Кæд ис Зæххыл æнæ донæй цæрæг,*
*Цæрдзæнис уæд æнæ уарзгæйæ лæг.*

*…Мæ царды фæдыл ахастон мæ цæст –*
*Хæххон фæндагау ацыди къæдз-мæдзы.* (Ныр Камалыл уæд 20 азы йеддæмæ нæма цæуы. О, æрыгон Пушкин дæр загъта, зæгъгæ, дам, «с отвращением читаю жизнь свою».)

*…Цæй гыццыл цæрæм, цæ || Афтæмæй чысыл ницæйы тыххæй ||Кæрæдзийы зæрдæхудты ||Куыд цæуæм!*

*…О, дун-дуне цы бæллæхтæн фæразы!*

*…Фыдæх дæр уарзтау ис нæ царды…*

*...Æз дæн ныфсхаст дзырдты æрмадз,*
*Куы сихсыдтæн, куы байсысти мæ зæрдæ,*
*Мæ туг мæ рæнхъытыл ысхардз.*

(Адæттæ та зæгъы, 24 азы йыл куыддæр сæххæст, афтæ. Уæвгæ та уыцы кары поэт æппæт дунесконды æмгар вæййы...)

*...У нæ цард рæстæгмæ, æмæ хъуамæ*
*Алы уысм дæр туджы аргъ кæна.*
*...Æз дæн æргомдзырд.*

*...Кæимæ дзурон, уый мын нæй.* (Уый дæр та 24-аздзыдæй зæгъы. О, уæгъды, мæнгæн нæ загъта Антуан де Экзюпери дæр: «Единственная роскошь на земле – это роскошь человеческого общения». Мæнæ ВВП чи у, нæ Президент, уый дæр дын фаронæндæраз кæддæр афтæ куы срæцугъид: «Махатма Ганди тоже умер, и не с кем больше поговорить…» Æвзонг Лермонтов дæр хъаст кодта: «Некому руку подать…»)

Адон та Камалæн кæд пафосон стыр ныхæстæ сты, уæддæр сæ æрхæссон:

*...Ис иу Хуыцау мæнæн – Рæстдзинад у йæ ном…*

Стыр фыссæг А. Платоновмæ ис ахæм хатдзæг: «Без меня мир не полон». Æмæ ирон поэт дæр йæхи бæрнон хоны афтæ дзурынæн:

*...Мæ риуы ахизæг нæмыгæй || Бабын уыдзæн æнæхъæн дуне.* (Зындгонд сты Гейнейы ныхæстæ дæр, зæгъгæ, все трещины мира проходят сквозь сердце поэта.)

*...Ехх, дунейыл ныр уарзты цæхæр бандзар.*

*...Цæуæм, мæ хæлар, бауайæм Къуыдармæ,*
*Уым бирæ ис парахатзæрдæ адæм.*

*...Йæ нæртон мыртæм зæрдæты тых тайдзæн.* (Загъд æм цæуы ирон ныхасы хъомысыл.)

*...Фæлæ, уæвгæйæ, хатгай мах нæ зонæм,*
*Цы ис нæ къухты, уымæн кæнын аргъ.*

(Уæдидæгæн зæрдыл æрбалæууынц кæйдæр рæнхъытæ – Руставелийы?– что, дам, имеем, не ценим, потерявши, плачем. Æмæ цы? Уый дæр хъуыддаджы цæуы, хатгай фæзмыгой кæй у, ууыл суанг Пушкин дæр саст, чидæр, дам, мæнæ ацы сахатыл мæ сæрмæ æрцæуæг хъуыды мæ разæй цæмæн загъта…)

*... Мæ хæхбæстæй лæджы уæззау хæс дарын...*
*... Амонд йæ фидыц у цардæн.*
*... Тыхсты сахат йæ ныфсæй цæры лæг.*
*...Уарзтæн дуне къуындæг...*
Мæнæ ай та хъæуккаг лæджы зæрдæйыл сойтадзæг ныв:
*... Кæмдæр || æрхуыссыд || дæлкæвдæс || фæллад ыстур*
*Æмæ уæззау ныуулæфыди:*
*– Уффф!* (О,ацы «кæмдæр», ацы!..)

*...Тæссонд дзаума у курдиат, –*
*Кæдфæнды|| Æмуæз вæййынц йæ цин æмæ йæ азар...*
*...Хæрзæмбæлджытæ бирæ ис нæ зæххыл!*
*...Æнцой цардæй ныфс не  'вæры хъысмæт...*
*...Ирон удау тохмондаг цæргæстæ.*

*...Нæ фæндтыл не  'ххæсы нæ фадат...* (Кæд нын нæхи хорзыл дæр дзурæг-комдзог нæ лымæнты кад-намыс у, уæд æвæджиауы сæрæнгуырд уыд Камалы рухсыбадинаг æрдхорд Зыгъуытаты Сергей... Уымæ хауынц ацы нæ хæстæ.)

Ногæй та уæрæхзылд дуне ноджы уæрæхдæргæнæн дзырд:
*...Кæмдæр|| Оазисты цъæх зæххыл*
*Цыдæр æндæр паддзахад и.* (Не 'нусон бæллицты тæхудиаджы бæстæ – æнæмаст, æнæниз, рæстад æмæ хæларады бындуртыл æнцайæг...)
*...Кæны уæлæхох зонды хъару монцтыл...*
*...Егъау дисы мæ бафтауы нæ царды уаг...*

*...Ирон дзырды æнæрцæф фидыц махæн*
*Кæуынæн дæр, фæзарынæн дæр – фаг.*

*... Æвæлмон цардæй не счындæуыд ном...*
*... Дызæрдыггаг у алцыдæр нæ зæххыл.*

*Цы 'рттивы, уый æрттывды аккаг нæу.* (Ома, дам, не все то золото, что блестит...) Куы ма йыл дзырдтам, де 'мбал, дæ хæлар чи у, уый мын бацамон, æмæ дын, дæхæдæг чи дæ æмæ цы дæ, уый дын зæгъон. Камал арæх ахæм мадзалæй фæпайда кæны: зындгонд ныхæстæ парадоксалон хуызы иннæрдæм фездахы, фæфæлдахы – ног æнкъарæнтæ æмæ сæ хъуыдытæй фæифтонг кæны: уартæ, дзырдæн, Дзылаты рæсугъдæн куы лæгъстæ кæны лирикон хъайтар, цæмæй йæм йе 'рфгуыты æлхынцъ ма

райхала, науæд дам мæ бабын кæндзынæ – афтæ бауарздзæн, чызджы уарзæгой цæстæнгас, æмæ йын йæ цард æнæ уый царды ад нал дæтдзæн. Дзуаппон уарзт кæй уыдзæн чызджырдыгæй, уый та лæппуйы сонт зæрдæйы куыд уырна…

Мæнæ ам дæр зындгонд мидис фæиннæрдæм:

*…Кæд || арвау || иу хъуыддаг бæрæг у, || уæддæр нæ хъардта фаг мæнмæ: || кæд де знаг худинаггæнæг у – лæгдæр || дæхæдæг дæр || нæ дæ!*

Стæй хаттæн цы 'вадат разыны лæг цы, ногæй исты зæгъынмæ куы батырны, уæд! Зæгъæм, сылгоймаджы тыххæй ног эпитет, абарст ссарын. Фæлæ цыма Камалы ацы ныв никуы сæмбæлд æндæр поэттæм:

*…Зæххы тымбылæгæн йæ рындзыл*
*сылгоймаг*
*сойдзырагъау*
*сагъд…*

Размæ, фидæнмæ кæсгæйæ нæм ницы зыны бæрæг æмæ бæлвырдæй, уыйхыгъд ивгъуыд хур бонтæ та зæрдæхъæрзгæйæ мысæм æмæ сæ ирдæй уынæм, уæлдайдæр, – не 'нætæригъæд, æнæфау, æнаипп сабибонтæ:

*…Мæ мысинæгтæ сабидугмæ здæхынц…*

*…Лæгæн йæ дзырд йæ намысы æмсæр у.* (Куыд бакæнынц, комментарии излишни, стæй æрмæст ныр дæр нæ…)

*…Рæстдзинадæн æгъдæнцæйттæ нæ хъæуы.*

*…Гæркъайау нæ æрвылбон цард ыздухы.* (Ох-хына, уал хорзы нæ алкæй дæр уæд, гæркъа та циу, уый цалæй не 'мбарынц ирæттæй…)

Уый дзы цавæр уынаг æмæ 'нкъараг зæрдæ бавæры Хуыцау поэтфыссæджы риуы, цæмæй ацы ныв фенай, разына дæм æмæ дзы цæмæй чиныгкæсæджы миддуне дæр фæцагайай, банкъуысын кæнай:

*…Денджызæй куы не 'рбаздæхы нау,*
*уæд тархъæды –*
*науы райгуырæн бæстæйы –*
*бындзарæйлыг бæлæсты зиллæччытæй*
*хъарм цæссыгтæ схъары.*

Æмбал кæмæн нæй Иунæг Хуыцауау, ахæм лæг дæр æмæ дзы ахæм поэт дæр кæд Камалæй не скодта Йæхæдæг Дунесфæлдисæг, уæддæр дзы æндæр лæгау лæгтимæ æмæ поэтау поэттимæ æнæфæивддзаг лæг æмæ поэт рауад.

Æмæ йæ сæйрагдæр фæдзæхст зæрдиагæй æмæ иттæг ахсджиагæн нымаинаг у:

*Цы адæм ысвæййы*
*Уæлæхох Поэтыл –*
*У ахæм адæмæн*
*Йæ фидæн æлгъыст!*

Стæй: йæ абоны бон дæр!

***ГУСАЛТЫ Барис,***
*01.2021*

# ИУ УÆЛТÆМÆНЫ ДЫУУÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

*Æвдайæм азты райдиан Мæскуыйы иу изæр дыууæ ирон æрыгон поэты, М. Горькийы номыл Литературон институты студенттæ, йæ хæдзармæ бахæццæ кодтой, сæ дыууæйы зæрдæмæ дæр чи цыд, ахæм рæсугъд чызджы. Хæрзæхсæв ын куы загътой, уæд сæ дыууæ дæр æмдзырд скодтой сæ сусæггаг хъуыды: «Зындзынæн, дуар-иу гомæй ныууадз».*

*Баныхас кодтой, уыцы хъуыдыйад цасдæр фæлхатгæнгæйæ, райсоммæ сæ алчидæр куыд ныффысса ахæм æнкъарæнæй равзæргæ æмдзæвгæ.*

*Дыккаг бон ирон поэзийы фæзынд иу уæлтæмæнæй райгуыргæ бæрзонд аивадон æмвæзадыл фыст дыууæ æмдзæвгæйы. Фæстæдæр хаст æрцыдысты, Хъодзаты Æхсары арæзт «Ирон поэзийы антологи»-мæ. Сæ иу «Номарæн», – йæ автор Ходы Камал, иннæ та – «Æнхъæлмæ-иу кæс» – йæ ныффыссæг Хаджеты Таймураз.*

*Афтæ дыууæ курдиатджын поэты мидбылцæу ерысæй райгуырд зæрдæмæхъаргæ дыууæ алыхуызон æмдзæвгæйы. Камалы райгуырæн боны фæдыл арфæ кæнгæйæ, нæ фæнды йæ царды рухс æмæ æхсызгон бонтæй йын иу йæ зæрдыл æрлæууын кæнын. Гъемæ, мыхуыр кæнæм дыууæ æмдзæвгæйы дæр.*

*ХОДЫ Камал*

# НОМАРÆН

Дуар-иу гомæй ныууадз – æз зындзынæн.
Фурды астæу нæй уылæнæн баззайæн.
Æз зындзынæн!
Зындзынæн!
Зындзынæн!
...Ды кæндзынæ Хуыцауау фынæй.

Фурды астæу нæ баззайдзæн уылæн.
Былгæронмæ
Фæдисы цæуæгау
Цæудзæн.
...Куыдз мыл кæрты ысрæйдзæн,
Стæй – фыр цинæй – ныхъхъыллист кæндзæни,
Уый дæр мæ фæдыл бырсдзæн.
Йæ фисты ныссуйтæ уыдзысты
Мæйрухсы тынтæ...

Дуар-иу гомæй ныууадз –
Æз зындзынæн...

*1972*

*ХАДЖЕТЫ Таймураз*

# ÆНХЪÆЛМÆ-ИУ КÆС

*Я вернусь, когда раскинет ветви*
*По-весеннему наш старый сад...*
*С. Есенин*

Æнхъæлмæ-иу кæс,
Æз зындзынæн
Тъæнджы мæйы хъызты,
Мæ ном дæр дæ зæрдыл куы нал лæууа, гъе уæд

Фæтæнриу æфсургъыл
Дæ къæсмæ.
Хæхбæсты фыдтымыгъы митæй
Дæ цæсгомæй нал зыны ницы,
Уæддæр ма
Дæ сидзæр уæрыччытæн
Уазал ыскъæты
Æвæрдзынæ дзуллаг ыссадау
Фæтæйнаг лыстæг хос.
Æнхъæлмæ-иу кæс,
Æз зындзынæн,
Куы сфæлмæцон ме знæт фæндæгтæй,
Мæ фыддæр ызнæгтæй,
Мæ уарзон сылгоймæгтæй,
Гъе уæд,
Хæтæнхуаг Пер Гюнтау...
Æнхъæлмæ-иу кæс,
Уый, чи зоны,
Иу рæсугъд уалдзыгон райсом
Дæ сабыр, æфснайд кæрты
Ныххойа йæ раззæгтæ байраг –
Тугæвдылд бæх,
Ныккæна фæдисон мыр-мыр
Мæ номыл.
Фæлæ ма 'ууæнд: æнхъæлмæ-иу кæс,
Æз зындзынæн!

*Ирыстоны Хуссарæй Цæгатмæ цы курдиатджын поэттæ уыд æмæ ис, уыдонæй дыккаг ахæмы нæ зонын, æмæ Камалау ирон æмæ фæсарæйнаг поэтты уацмыстæ сахатгай хæрзаив æмæ зæрдæвæрдæй кæса. Уый тæ у йæ курдиаты æрттивгæ тигъ...*

***КАСАТЫ Батрадз,***
*01. 2021*

# ЛÆДЖЫ ФАРН СÆРЫСТЫРÆЙ КÆМ ЦÆРЫ, УЫЦЫ ДУНЕ

Камал стыр лæг у!

Стыр лæг та йæ адæмæн ныфс вæййы, адæмы удварны рæсугъддæр хуызтæм æндæр адæмтæ се стыр лæгты фæрцы æркæсынц, уыдон сисынц бæрзонд сæ раттæг адæмы кад æмæ намысы тырыса. Сисынц æй æмæ æгас дунейæн фенын кæнынц сæ нацийы цæсгом, уыдон ныхъхъæр кæнынц барджынæй дунейы адæмтæм, æркæсут-ма нæм, мах дæр дзыхъхъы лæуд не стæм, зæгъгæ.

Дзырд дæр ыл нæй, Ирыстоны фæрнджындæр æмæ стырдæр лæгтæй иу Камал у!

Дыууæ азы размæ журнал «Ирæф»-ы юбилейон фынгыл, Ходыфыртæн кувгæйæ, Цыбырты Людвиг афтæ загъта:

– Диссаджы лæг у, Камал, цæйфæнды тыххæй дæр æм бахат, уæддæр дзы лæджы ныхас фехъусдзынæ.

Камал Ирыстоны рагæй хъуыстгонд у – йæ нуарджын поэзи æмæ йæ курдиатджын удæй, йæ куырыхон ныхас æмæ йе 'мбæстаджы бæрзонд удыхъæды фарнæй. Ирон аив литературæ сæрыстыр цы курдиæттæй у, уыдоны 'хсæн Камал сæ тæккæ нымаинагдæртæй у, йе сфæлдыстады бархъомыс æмæ курдиаты цæхæрæй зæрдæрухс у ирон чиныгкæсæг. Йæ лæджыхъæд æмæ адæймагуарзондзинадæй сæрыстыр сты ирон адæм æмæ Ирыстон – уымæн цæрынц кæрæдзи цæрайæ.

Стыр лæджы тыххæй аккаг ныхас ракæнынæн дæр стыр лæг кæй хъæуы, уый дæр дызæрдыггаг нæу, уый дæр бæрндзинад у, стыр лæг уæвыны æмуæз. Хъазиты Мелитоны курдиат раджы разынд йæ уацмысты, монографитæ фыссыны бæрндзинад нырма æрæджы райста йæхимæ, фæлæ æнæмæнгæй йæ куыст фæрæстмæ. Монографитæ ныффыста Гафез æмæ Нафийыл æмæ дзы ирдæй равдыста дыууæ стыр лæджы удыхъæд, сæ курдиаты тæмæн æмæ сфæлдыстады уæрæх авналæнтæ. Ныр та ныккаст Ходы Камалы уды рæбинагдæр къуымтæм, йе сфæлдыстады æрфытæм. Æмæ нын сæ йæ арæхстджын къухæй фенын кодта, куыд æй уынæм, ахæмæй. Йæхи зондæй йæм ницы бафтыдта, уымæн æмæ йæ уый сæр нæ хъæуы. Фæлæ Хъазийы-фырты ахадгæ куысты сæйраг рахæцæн уый

мидæг ис, æмæ нæ Камалы сфæлдыстадмæ лæмбынæгдæр кæсыны хъуыдыйыл кæй бафтыдта. Лæмбынæгдæр уымæн зæгъын, æмæ нæ стыр лæджы цардвæндагыл нæ цæст ахæссын арæхдæр кæй хъæуы, фæлæ нæ арæх кæй айрох вæййы, уый тыххæй.

Мелитон чиныгкæсæджы дзырдæй-дзырдмæ, къахдзæфæй -къахдзæфмæ хоны Камалы мидисджын цардвæндагыл. Йæ цард, йе сфæлдыстады хъæздыг дунемæ нæ ныккæсын кодта мин-мин цæстæй, æмæ дзы федтам æвæджиауы рæсугъд фæлгонц – курдиатæй дæр æмæ удыхъæды æнæлаз фарнæй дæр. Чиныг райдайы ахæм зæгъинæгтæй: «Нæ Иры зæхх курдиæттæ дæттынил æлгъин никуы уыд. Æндæр хъуыддаг у, уыцы курдиæтты-иу барæвдауын куы нæ базыдтам...»

Æмæ Мелитон махæй, чиныгкæсджытæй, цы домы, уый æххæст кæны йæхæдæг – барæвдауинаг лæджы фæлгонцæн цыма авгау æрхауынæй тæрсы, афтæ арæхстгай йæ систа æмæ равдыста поэты дуне. Уыцы дунейы, дзырд дæр ыл нæй, уыдзæн æмæ уыдаид æндæр хабæрттæ дæр, фæлæ дзы уынæм сæ аивдæрты, сæ мидисджындæрты, иу дзырдæй, зонгæ дзы кæнæм, поэты дунемæ сæрыстырæй кæй фæрцы кæсæм, ахæм уырзæвзæрст хабæрттимæ. Уый мидæг ис Хъазийы-фырты бæстон æмæ зæрдæбын куысты сæйраг æнтыст. Поэты дунейыл дзургæйæ, йæ ныхас райдыдта Камалы сабибонтæй. Стыр хæсты райдайæн азы гуырд лæппу йæхи рæстмæ дæр нæма базыдта, афтæмæй баззад зæрдæхъæдгомæй – тохы быдыры фæмард йæ фыд, æмæ ма рæзинаг сабийыл уæззау царды хъизæмæртты уæлдай сидзæры ном дæр сбадт.

Фæлæ, дам, зынтæн дæр лæг хъæуы. Нæ фæтасыд лæппуйы удыхъæд зынæвзарæн дугты, æмæ дзы суанг уæдæй фæстæмæ агуырдта æмæ арæзта йæхи сæрмагонд дуне, поэты дуне.

Чиныджы лæмбынæг ныхас цæуы Камалæн йæ фыццаг сфæлдыстадон къахдзæфтыл дæр æмæ, стыр лæджы бынатмæ цæугæйæ, йæ цард, йæ куыстхъомдзинад æвдисæг цаутыл дæр. Кæмыты куыста, кæимæ æмæ куыд, уыдонæн кæддæриддæр вæййы ахсджиаг бынат адæймаджы биографийы. Уымæн æмæ адæймаджы удыхъæд бонæй-бонмæ рæзы, йæ алфамбылай дунейы рæзты иугæндзон мидзмæлдимæ. Куынæ фенай, куынæ бавзарай, уæд нæ базондзынæ царды ад дæр æмæ адæмы 'хсæн лæджы цардæй рацæрын дæр.

Мелитоны чиныг хъæздыг у æрмæст Камалы сфæлдыстады бæстон анализ æмæ профессионалон æмвæзадæй нæ, фæлæ сфæлдыстадон дунейы алыхуызон цаутæй дæр. Цыма сæ фæрссаг архайджыты хуызы æхсæнмæ-æхсæнты æвдисы, афтæ цæуы, фæлæ – нæ, цы æндæр фысджыты кой кæны, уыдоны архайд дæр дзурæг у монографийы ахадындзинадыл. Иу михыл кау ничи бийы, адæймаг цыфæнды гени куы уа, уæддæр йæ цард иунæгæй æгъуыз æмæ æнæмидис у. Камал цы адæмимæ кусы, кæуыл æмбæлы, поэзийы уаргъ кæимæ хæссы, уыдонимæ æнгом ахастыты фæрцы хуыздæр зынынц йæ курдиат æмæ йæ удыхъæды рæсугъддзинад. Уадз уыцы адæм се 'ппæт йæ хæлæрттæ ма уæнт – знæгтæ дæр ын дзы уæд, фæлæ дзыллæйы номæй ныхасы бар кæмæн ис, ахæм лæгæн йæ царды иунæгдзинад æцæгæлон вæййы. Камал фидауы адæмæй, адæм фидауынц Камалы хуызæттæй.

Чиныджы ис хъыгтæ дæр æмæ цинтæ дæр, уайдзæфтæ дæр æмæ фæлмæн, цæстуарзондзинадæй гуыргæ юмор дæр.

Иу дзырдæй, бирæ дзурæн ис ацы чиныджы тыххæй, фæлæ уый æгæр бæрзонд бæрн у, стæй чиныг йæхи тыххæй йæ кæсджытæн йæхæдæг хуыздæр сарæхсдзæн дзурынмæ. Æмæ «Æгасцуай-фæндараст» зæгъæм Хъазийы-фырты ног монографийæн. Цæстуарзон æмæ зæрдæбынæй. Авторæн дæр æмæ йæ хъайтарæн дæр ахæм зæрдæйыуагимæ мæ арфæ у: «Уе сфæлдыстадон æнтыстытæ бæрзондæй-бæрзонддæр кæнæнт, зæрдæрухс цардæй бафсæдут, лæджы фарн сæрыстырæй кæм цæры, уыцы дунейы!».

***ГÆБÆРАТЫ Юри***

## НОГ ТÆЛМАЦТÆ

*Василий ШУКШИН*

# ДАРД ЗЫМÆГОН ИЗÆРТÆ

Мæскуыйы бынмæ цыд уæззау тох…

Кæмдæр, дард Сыбыры та, иу хъæугæрон сæумæрайсом гыццыл лæппутæ, сæ чингуытæй дзаг хызынтæ зæхмæ аппæрстой æмæ хъулæй цъыкк кодтой. Се ‘ппæты дæр æмбылдта фидæрттæарæзт стырхудджын лæппу – зындгонд Мишкæ Босовило. Йæ хъул алы къæрццæн дæр дзыгуырæй стоны иу фондз хъулы. Мишкæ йæхиуыл йæ зæрдæ дары æмæ хъазы æдæрсгæ, хиуылхæцгæ. Мæнæ та ныр дæр ныкъкъуырыны размæ раласта йæ рахиз æрмкъух, йæ фындз ныххиртт ласта стыр лæгау, йæ галиу цæст æрцъынд кодта æмæ ныхъхъавыд... Иууылдæр ныхъхъус сты, улæфгæ дæр нал кæнынц, афтæмæй æнхъæлмæ кæсынц. Мишкæ размæ иу къахдзæф акодта, стæй дыккаг æмæ – цъыкк! – йæ хъавд фæрæстмæ, акъуырдта та…

Мишкæйы фыдымады тыххæй адæм хъус-хъус кæнынц, зæгъгæ, дам, кæлæнтæ кæнынмæ арæхсы. Æмæ йын лæппутæ йæ къуырæн хъулыл, кæд хингонд у, зæгъгæ, дызæрдыг кæнын райдыдтой. Сæ иу – Ванькæ Колокольников – сихормæ хæстæг бынтон фæцæйхæрд кодта. Фæстагмæ, иу хъул йеддæмæ йæм куы нал баззад, уæд йæ сæры фæмидæг Гришкæ Коноваловы рад йæхи бакæнын. Гришкæ, кæй зæгъын æй хъæуы, йемæ нæ разы кодта, æмæ фæбыцæу сты.

– Æмæ дын ныр дæ мукъуйæн иу авæрдтон, зæгъгæ, уæд та? – фæрсы йæ мæстыйæ Ванькæ.

– Дæуæн дæ рад Петькæйы фæстæ у!

– Нæ-нæ, дæ мукъуйæн дын иу ныддау, зæгъгæ, уæд куыд уаид? – Ванькæ, æндæр дзуапп ын куы ницы вæййы, уæд алы хатт дæр афтæ фæдзуры.

Хыл кæнын сæ нæ бауагътой, æмæ Ванькæ, йæ дæндæгты къæс-къæс цæугæйæ, йæ фæстаг хъул æрæвæрдта… Фæхæрд та. Иуварс ацыд æмæ тарæрфыгæй каст хъазтмæ.

– «Бадгæ кафт» дын акæнон – дзуры Ванькæ Мишкæмæ.

– Цасыл?

– Фондзыл.

– Ærtæ дын дæттын.

– Цыппар.

– Ærtæ.

– Хорз, æртæ дæр фæуæд, мæрддзæст. Дæуæй чъындыдæр никуыма федтон. Зæхх дæ куыд уромы, уый диссаг у!

– Ууыл ма тыхс, уромы мæ, – æвæлмонхуызæй дзуапп дæтты Мишкæ. – Нæ дæ хъæуы – къах дæ роны. Дæхи афтæ бафæндыд.

Сабитæ тымбыл зиллакк ацарæзтой. Ванькæ йæ къухтæ йæ фæрстыл цæхгæрмæ авæрдта æмæ райдыдта кафын. Исты зын уавæры куы бахауы, адæймаджы зæрдæ æрфæлмæн кæнын, кæнæ та йæ искæй тымбыл къухæй фервæзыны сæр куы бахъæуы, уæд «Бадгæ кафт» райдайы. Æмæ, кафын куыд зоны, уый та! Хистæртæ йæ хæйрæджыты фæтдзæгъдæн фæхонынц, лæгæн, дам, йæ дыууæ цæсты астæуæй йæ фындз фелвасдзæн.

Ванькæ, йæ уæрджытæ фæкъæдз кæнгæйæ, зиллаккыл дзуццæджы лыстæг сирдæй фæраст. Йæ гуыр, зырзыргæнгæ, тилы. Иу къух хæрдмæ фелвасы, цыма дзы къухмæрзæныл хæцы, уыйау æй стилы æмæ, сылгоймаджы цъæхснаг хъæлæс фæзмæгау, рæстæгæй-рæстæгмæ фæхъæр кæны: «Ух! Ух! Ух, ты!» Фæстагмæ йæ къухтыл алæууы æмæ сыл, йæ бон цас вæййы, уыйбæрц цæуын райдайы. Ныр дæр та Ванькæ иу-фондз хатты æрзылди зиллаккыл, стæй æрлæууыд.

– Æри!

Мишкæ митмæ æрæппæрста дыууæ хъулы.

Ванькæ сагъдауæй аззад.

– Æртæйыл куы баныхас кодтам!

– Фаг дын у.

Ванькæ йæ худы бырынкъ фæстæрдæм фæзылдта æмæ сындæггай Мишкæмæ фæцæуы. Уый дæр йæхи æрцæттæ кодта. Ванькæ йын æнæнхъæлæджы йæ гуыбын сæрæй бацавта, æмæ Мишкæ фæфæлдæхт. Уыдонмæ бакæсын йæхæдæг худæг уыд. Лæппутæн се ‘рдæг Ванькæйы фарс фæцис, иннæтæ – Мишкæйы. Цæнд цæнды уæлæ самадтой. Уалынмæ кæйдæр хъæр фехъуыст:

– Ахуыргæнæг!

Сывæллæттæ сæ хызынтæм фæлæбурдтой æмæ, чи куыд арæхсти, афтæ, цыма сæ дымгæ фæхаста, уыйау фæцыдæр сты!

Лидзгæ-лидзын ма Ванькæйы къухы бафтыд миты рагъыл хъулты цæндæй цалдæр фелвасын. Кауы сæрты агæпп кодта æмæ сæхи

уынджы ‘рдæм ныййарц. Йæ хылы тævд нæма ссыд. Сæ хæдзары цур ауыдта митын ус. Йæ хъусæн ын иу ныддаудта æмæ хæдзармæ бацыд. Хызын тъахтины бынмæ баппæрста, хызыны фæдыл – йæ худ. Агъуысты уазал уыд, æмæ йæ цыбыр кæрц нæ раласта.

Пецы сæр бадти хæрз гыццыл цъæхдзæст чызг æмæ йæ хæцъилын чындзæй хъазыд. Уый уыд Ванькæйы хо Наташкæ.

– Ваня æрбацыди, – бацин ыл кодта Наташкæ. – Уыдтæ скъолайы?

– Уыдтæн, уæдæ нæ уыдтæн, – схъуыр-хъуыр кодта Ванькæ æмæ скъапмæ бакаст.

– Вань, æмæ уын абон цытæ дзырдтой скъолайы?

– Хъарм бæстæты тыххæй. – Ванькæ ныккасти агмæ, бакасти пецы хуылфмæ. – Хæринаг дзы ницы и?

– Ницы, – загъта Наташкæ æмæ та йæ хъазæн чындзы – хъæдын уидыг алыхуызон хæцъилы гæбæзты тыхтæй, – рæсугъдтæ кæнынмæ фæци. Стæй базарыд лыстæг хъæлæсæй:

*Ох, сронила колечко-о*
*С правой руки-и!*
*Забилось сердечко-о*
*По милом дружке-е...*

Наташкæ зарыди ивазгæ хъæлæсæй, авдæны зарæг зарæгау, фæлæ зарæджы æнкъард азæлд нæ фехæлдта.

*Ох, сказали, мил помер,*
*Во гробе-е лежи-ит,*
*В глубокой могилке-е*
*Землею зарыт.*

Ванькæ рудзынджы цур æрбадти æмæ æддæмæ кæсы. Йæ чъизи къухтæй стъолæмбæрзæны цъæх чырынтæ сæрфы æмæ, Наташкæйы хъæлæс уæле кæцæйдæр афтид агъуыстмæ хæххон сыгъдæг суадоны донау куыд кæлы, уымæ хъуынтъызæй хъусы.

*Ох, надену я платье-е,*
*К милому пойду-у,*
*А месяц укажет*
*Дорожку к нему-у...*

– Фаг у, нал мын æфсæды зарынæй, – сдзырдта Ванькæ. – Фæлтау Хаз-Булаты зарæг акæн.

Наташкæ райдыдта:

*Хаз-Булат удалой...*

Стæй æвиппайды фæхъус:

– Нæ мæ фæнды Хаз-Булаты тыххæй.

– Хивæнд ма у! Уæд та Катяйы зарæг, – ногæй та йæм æрхатыд Ванькæ.

– Катя-Катеринæйы, къупецаджы чызджы тыххæй?

– О.

– Уый дæр мæ нæ фæнды, мæн уарзоны тыххæй фæнды зарын.

*Ох, пускай люди судю-ют,*
*Пускай говоря-ят...*

Ванька сыстад, тъахтины бынæй йæ хызын раласта, пъолыл тъæпæн æрбадт, æркалдта, хызыны цы хъултæ уыд, уыдон æмæ сæ нымайын райдыдта. Бады хъуыддагхуызæй: цæсты зулæй Наташкæйы 'рдæм йæ хъус дары.

Наташкæйæн фыр дисæй фыццаг йæ бон сдзурын дæр нал баци, стæй йæ къухтæ кæрæдзийыл ныццагъта:

– Хъултæ-хъултæ! Нæ та уыдтæ скъолайы, нæ! Æз дæ ныр мамæйыл ардаугæ кæндзынæн. Ехх, Ванькæ, куыд дыл дзы æрхаудзæни!

– Æхсæз, авд... Ардау, цас дæ фæнды, уыйас, уыдæттæй мæ ма тæрсын кæ. Фараст, дæс... – нымайы лæппу йæ хъултæ.

– Нæ сахуыр кæндзынæ æмæ къуырма ницæйагæй баззайдзынæ. Фæсмон ма кæндзынæ æрæджиау...

Ванькæ, цыма йæм худæг кæсынц чызджы ныхæстæ, йæхи ахæм хуызы æвдисы:

–…Иуæндæс, дыууадæс... Æмæ ницæйагæй уæвын, дæумæ гæсгæ, æвзæр у?

Тыргъы цыдæр тъæнг фæцыд. Ванькæ йæ хъултæ амбырд кодта æмæ фæхъус.

– Агъа! – фæрæвдз Наташæ.

Фæлæ уый зымæджы хъызты тъæнг уыд. Уæддæр хъултæ æмбæхсын хъуыд, æмæ сæ Ванькæ зæронд нымæтын цырыхъхъы ныккалдта, цырыхъхъ та тыргъмæ ахаста.

Лæппу та ногæй стъолы цур æрбадт. Ныр йæ хъуыдытæ уыдысты, дыууæ-æртæ суджы лыггаджы кæм ссардæуа, ууыл. Уæд пецы бандзарид, æмæ сæ мады æрбацыдмæ хæдзар афтæ схъарм уаид, æмæ ма суанг пъолыл дæр ратул-батул кæн. Хæрзаг æй йæ мад дисхуызæй афæрсид: «Кæм ссардтай сугтæ та, мæ лæппу?»

Ванькæйы афтæ тынг бафæндыд сугтæ ссарын, æмæ ма йæ

мидбынаты тыхст тæлфт дæр бакодта. Фæлæ йæ зоны – суг, хъæдмæ куы нæ ацæуай, уæд не 'ссардзынæ.

Наташкæ нал зары, йæ куклайы узы.

Рæстæг раст удласæн у – размæ нал æккуырсы. Изæрмилтæ æрбаввахс сты.

Цæмæй суджы тыххæй хъуыдытæ фæсура, уый тыххæй Ванькæ сындæггай сыстад, пецы цурмæ бахъуызыд, уыцы иу гæппæн пецы сæр абадт æмæ ныхъхъæр кодта:

– А-а!

– Оуу!.. Ныр цытæ кæныс?! – Наташкæ скуыдта. – Фæтæрсын мæ кодтай, уæд та ма мæ зæрдæ аскъуыд...

– Тæппуд! – дзуры Ванькæ. – Кокка-быззи! Нæ дын æрбахæсдзынæн ног азмæ заз бæлас. Æз зонын, рæсугъд зазтæ кæм зайы, уый!

– Ницæмæн мæ хъæуы дæ заз бæлас. Мæнæн мамæ æрбахæсдзæн.

– «Бадгæ кафт» дын акæнон?

Ванькæ та йæ хойы зæрдæ балхæныны тыххæй йæ къухтæ йæ синты сæрыл авæрдта æмæ уаты къуымты дзуццæджы фæуайы, йæ къæхтæ уæлæуæз размæ фехс-фехс кæнгæйæ.

Наташкæ ныххудти.

– Цæй æрра дæ, Ванькæ, цæй! – йæ цæсыгтæ сæрфгæйæ, дзуры Наташкæ. – Æз уæддæр мамæйæн радзурдзынæн, куыд мæ фæтæрсын кодтай, уый.

Ванькæ бацыди рудзынгмæ æмæ авгæй, цæмæй йæм фæндаг зына, уый тыххæй иугыццыл зиллакк йæ комы тæфæй атайын кодта.

Хæдзар уыд æмыр, талынг, афтид æмæ уазал.

– Вань, бирæгъ куыд федтат, уый ма радзур.

Ванькæмæ дзурын нæ цыди – стыхсти.

– Куыд, куыд? Федтам, æмæ – ахицæн.

– Вань, гуылтæ нæ бахæрис? Дзæбæх хъарм гуылтæ, – æнæнхъæлæджы йæ афарста Наташкæ.

– Ды та?

– Æз бахæрин!

Дыууæйæн дæр ахæм ныхас худыны хос фæци.

Уалынмæ рудзгуыты бынæй рог къахдзæфтæ æмæ миты хъыррыст æрбайхъуыст. Ванькæ фæгæпп ласта.

Наташкæ, цы дзаумæтты тыхтытæ уыди, уыдоны уæрццы лæппынау стыхст æмæ йæ бон пецæй æрхизын нæ уыд.

– Вань, ærис-ма мæ... Ва-ань!

Фæлæ Ванькæ йæ цурты асыффытт кодта æмæ сæ мады размæ азгъордта.

Мад кæрты гæрстæ ауындзæн бæттæнæй салд хуыссæныцъæрттæ иста. Йæ цуры миты уæлæ – цыдæр дзæкъулгонд.

– Мам, ам цы ис?

– Бæгънæгæй та куы рагæпп кодтай! Ахæсс æй мидæмæ.

Хæдзары Наташкæ, кæугæйæ, йæ гыццыл къахæй дуар хоста – дуар уымæлæй ныннæрст, æмæ йын гом кæнын нæ куымдта. Ванькæйы тыхтонимæ куы ауыдта, уæд йæ кæуынæй фенцад.

Дыууæйæ стъолы цурмæ бауадысты, тыхтон райхæлдтой. Разынди дзы иугыццыл ссад æмæ хом дзидзайы кæрдих. Цæттæ хæринагæй дзы куы ницы разынд, уæд сывæллæттæ фенкъард сты.

Мад тыргъы салд дзаумæттæ ныууагъта, йæхæдæг мидæмæ бацыди. Æвæццæгæн, боны дæргъы тынг суазал æмæ ныффæллад, фæлæ уæддæр мидбылты худы. Йæ фæлмæн хъæлдзæг хъæлæсæй хæдзар байдзаг, уазалæн дзы йæ фæд дæр нал аззад.

– Таля (афтæ хоны Наташкæйы), гъа-ма, радзур мын, мæ хæдзары гыццыл æфсин, цытæ куыстат æнæ мæнæй?..

– Ох, цы дын радзурон, мамæ! – Наташкæ йæ гыццыл къухтæ дисгæнæгау хæрдмæ феппæрста. – Ванькæйæн йæ хызыны дуне хъултæ уыди. Нымадта сæ.

Ванькæ кæсы йæ хойы стыр цъæх цæстытæм æмæ хъæрæй хъуыр-хъуыр кæны:

– Ныр цымæ цы гæды ныхæстæ кæныс? Мам, зæгъ-ма йын, æмæ сайгæ ма кæна...

Наташкæйæн фыр дисæй йæ дзых хæлиуæй аззад, йæ мадмæ адæймаджы цæстытæй каст: йæ гыццыл сæр ахæм æвирхъау гадзрахат бамбарынхъом нырма нæма уыд.

– Мамæ, мамæ, уыдис æм, уыдис! Тыргъмæ сæ ахаста. – Скæуынмæ йæ бирæ нал хъуыд. – Уæдæ тыргътæм кæй ахастай?

– Кæй нæ, фæлæ, цы, – фæкъæпп æм кодта Ванькæ. – Кæд дын удæгас не сты.

Мад йæхи барæй фæмæстыхуыз кодта æмæ, Ванькæйы ‘рдæм кæсгæйæ, дзырдта:

– Æз ын бацамондзынæн хъултæ! Ахæм хъултæ йæ фæуыдзæн, æмæ сæм кæсын дæр йæ зæрдæ нал комдзæн.

Фælæ, мады ныртæккæ хъулты мæт кæй нæй, уый Ванькæ тынг хорз дæр ма æмбары… Ныртæккæ райдайдзæн гыццыл бæрæгбон, ныртæккæ кæндзысты гыццыл донифых хъæбынтæ дзидзаимæ.

– Суг нæм æппындæр нал баззад? – фæрсы мад.

– Нал, – Ванькæ къæбицмæ базгъордта, арынг рахаста. – Дзидзайыл картоф дæр кæндзыстæм?

– Хъæудзæн ыл иугыццыл акæнын.

Наташкæ пецыл агуры хыссæ тæнæг кæнæн тулæн.

Райдыдта рухс цард. Алчидæр йæ куыст кæны. Къупп-къупп, дзыгъал-мыгъул, хъæлдзæг ныхæстæ...

– Федькæ мын зæрдæ бавæрдта иу хъæды лыггагæй… Нæ зонын, кæд æрбаласид, – къусы хыссæ змæнтгæйæ, йæхинымæр дзурæгау кæны мад, стæй хъæрдæрæй йæ ныхасыл бафтыдта:

– Æрбацæуæм дын æрдæбон хъæмп ласынæй. Кæсæм: фæндагыл рувас хуыссы. Йæхи стымбыл кодта, змæлгæ дæр нæ кæны. Уæрдон ыл фæцæйтылд. Ахæм уæндон систы а фæстаг рæстæг.

Наташкæйæн фыр диссагæй йæ дзых хæлиу, афтæмæй хъусы. Ванькæ та сабыргай, стыр лæгау балхынцъ кодта:

– Уый, хæст кæй цæуы, уый тыххæй афтæ у. Хæст куы вæййы, уæд сырдтæ ницæмæйуал фæтæрсынц. Чи сыл цуан кæна, уый нæй – æмæ уыдон дæр фæндæгтыл хуыссынц. Бур рувас уыд, æвæццæгæн?..

Дзидза – лыстæг карст. Хыссæ дæр – цæттæ. Æрбадтысты æртæйæ хъæбынтæ кæныныл. Наташкæ хыссæйы тымбылтæ тъæпæн кæны, мад æмæ Ванькæ та сын сæ мидæг дзидза тухынц. Чызг йæ удæй бацыд, йæ дзаумæттæ ссады æвдылд. Уый йæ зонгæ дæр нæ кæны, уыцы гуылтæ зынгтыл дæр ис авæрæн, æмæ уый фæстæ къæр-къæр кæндзысты дæндæгтыл, дзыхы тайдзысты. Пецы арт куы уаид, уæд уал дзы Ванькæ иу-дыууæ афтæ афыцид.

– Мам, æмæ йын сабитæ вæййы? – фæрсы Наташкæ.

– Кæмæн?

– Рувасæн.

Ванькæ ныффуртт кодта.

– Уæдæ куыдæй бирæ кæнынц?

Наташкæ йæм ницы дзуры – нырма йæм хæрам у.

– Ис ын лæппынтæ, гыццыл рувæстæ, – дзуры мад.

– Æмæ куыннæ ныссæлынц?

Ванькæ худæгæй бакъæцæл.

– Уæуу, мæнæ диссаг! Æмæ ма сæ кæрцытæ та цæмæн хъæуынц!?

– Ды та ма бæр-бæр бирæ ма кæн, ницæйаг!

– Ма дзур афтæтæ де ‘фсымæрæн, мæ чызг. Уый худинаг у, – фæлмæн уайдзæф кæны гыццыл чызгæн мад.

– Нæ нын сахуыр кæндзæн, – хистæрты фæзмæгау дзуры Наташкæ, Ванькæмæ тызмæгæй кæсгæйæ. – Æрæджиау фæсмон кæндзæн.

– Райсом ахуыргæнæгмæ бауайдзынæн, – мад дæр комкоммæ бакаст Ванькæмæ. – Скъолайы цытæ фæкусы, уый базонон.

Ванькæ стъолмæ нымдзаст æмæ йæ сым-сым ссыд.

Мад та талынг рудзынджы ‘рдæм фæзылд æмæ арф ныуулæфыд:

– Фæсайдта нæ Федькæйы удхæссæг, фæсайдта! Цом, бæрзбынмæ бауайæм, мæ лæппу.

Ванькæ йæ бæмбæдджджын хæлаф пецы сæрæй райста, дзаумæтты скъаппæй та – бæзджын фуфайкæ. Мад дæр йæхиуыл хъарм дзаумæттæ скодта æмæ ныфсытæ æвæры йæ чызгæн:

– Мах, мæ гыццыл къона, тагъд фездæхдзыстæм.

Наташкæйы хæдзары иунæгæй баззайын нæ фæнды, фæлæ дзургæ ницы кæны.

Мад æмæ ма Ванькæ уынджы, рудзынджы цур барæй хъæрæй аныхæстæ кодтой, цæмæй сæ Наташкæ хъуса. Стæй мад рудзынг бахоста, дзуры чызгмæ:

– Таля, мах тагъд уыдзыстæм. Мацæмæй тæрс, мæ къона!

Наташкæ дæр æм цыдæртæ дзуры, фæлæ йæ ныхас æддæмæ нæ хъуысы.

– Тæрсы мæ гыццыл хур, тæрсы, – сдзырдта мад. Стæй иуварс азылди æмæ йе ‘рмкъухæй йæ цæссыгтæ асæрфта.

– Чызджытæ иуылдæр афтæ сты, – схатдзæг кодта Ванькæ.

Ныххызтысты доны былмæ. Быгъдæг быдыры дымгæ ‘хситт кæны. Ванькæ дзы йæхи æмбæхсы: куы иуырдæм азилы, куы – иннæрдæм, куы йæм йæ чъылдым фездахы, фæлæ уæддæр цæсгом артмæ судзæгау судзы.

– Мам, æрбакæс-ма! – хъæрæй дзуры мадмæ.

Мад ын йæ цæсгоммæ бакаст, дæрзæг æрмкъухæй йын йæ рустæ æрсæрфтытæ кодта. Цæсгом риссы, фæлæ лæппу быхсы.

Стæй хъæдмæ бахызтысты. Хъæды уыд хъарм æмæ сабыр. Иу сыбыртт дæр нæ хъуысы, цыма дуне фынæй ныцци. Хæрзуынд, рæхснæг бæрзытæ æнафоны уазджыты алыварс æрбалæууыдысты

æмæ удаист цæмæдæр æнхъæлмæ кæсынц.

Ванькæ арф миты балæгæрста, иу бæлас равзæрста, фæрæты цæгатæй йын йе 'взонг тæлтæг буар бацавта. Уæле бынмæ уæззау гуыпп ныккодта миты гуппар. Ванькæ иуварс алиуырдта, фæлæ йæ къах арф миты фæсагъд æмæ, раст цыма ногдзагъд къуымбилты ныххауд, уыйау сæрбынмæ миты обауы аныгъуылæгау кодта. Цалынмæ йæ дзаумæттæ цагъта, уæдмæ мад бæласы алыварс мит æрнадта, йе 'рмкъухтæ феппæрста æмæ бæласы зæнг фыццаг цæф фæкодта, стæй – дыккаг, æртыккаг... Бæрз бæлас сæрæй бынмæ ныррызти, æмæ лыстæг æрттиваг цæппæртæ зæхмæ æркалдта. Фæрæты æндон уазал ком иу цæфæй иннæмæ арфæй-арфдæр ныхсы хъæддых урс буары.

Ванькæ дæр, мад куы афæллайы, уæд афæлвары бæлас калынмæ. Фæлæ йын дæс-дыууадæс цæфы фæстæ йæ цæстытæ судзаг мигъы уылæн ахгæны. Фæрæты лæгъз хъæдыл кухтæ бырын райдайынц. Æмæ та уæд мад ногæй райсы фæрæт.

Фæстагмæ бæрз ныхъхъæрзыдта æмæ йæ фарсыл æрхауд.

Ноджыдæр ма иу къаддæр бæлас акалдтой – уый та Ванькæйæн, æмæ сæ сыфцæй аластой фæндаджы 'рдæм. Лæппумæ фыццаг æнцон фæкаст цæуын. Æхсызгон дæр ма йын уыди. Мад кæй ласы, уыцы бæласы цъупп быры фæндагыл, Ванькæйы тæккæ размæ дыууæрдæм кæны. Ванькæйы бафæндыд йæ кæроныл ныллæууын, йæхи нал баурæдта, аййæфта йæ мады æмæ бæласы цъуппыл къахæй фæлæуууыд.

– Ма фыдуаг кæн! – бауайдзæф ын кодта мад.

Цæуынц.

Иннæ бæлас та Ванькæйы уæхскыл хъæрзы æмæ алы къахдзæфимæ дæр йæ фæтас-фæтасæй æлхъивы уæхск. Лæппу æрлæууыди, бæласы хъæд иннæ уæхскмæ байста, фæлæ уый дæр уайтагъд андзыг. Ванькæ сындæггай тæвд кæнын райдыдта, ноджы фæндаг дæр уыцы тæвд улæфт кæны цæсгоммæ.

– Æвдай авд, æвдай аст, æвдай фараст – сыбар-сыбур кæны Ванькæ.

Цæуынц.

– Бафæлладтæ? – фæрсы йæ мад.

– Иугыццыл ... Нæуæдз авд, нæуæдз аст, – Ванькæ йæ был дæндæгтæй ныхъхъывта æмæ сым-сым кæны. – Нæуæдз фараст, сæдæ!

Стæй бæрз бæлас йе уæхскæй æрæппæрста æмæ æхсызгонæй уæлгоммæ ныддæргъ фæндагыл.

Мад ыл схæцыди. Æрбадтысты бæласыл. Ванькæйы фæнды æрхуыссын æмæ дзуры йæ мадмæ:

– Кæд мын, куы суазал уон, уымæй тæрсыс, уæд бæлæстæ кæрæдзийы фарсмæ авæрæм, æмæ сыл æз афтæмæй æрхуысдзынæн.

Мад æй йæхимæ æрбалхъывта.

– Лæг дæ, лæг, æнæхъæн гыццыл лæг… Иучысыл-ма бафæраз. Æгæр стыр бæлас дын акалдтам. Къаддæр бæлас нæ хъуыди калын.

Ванькæ ныхъхъус. Ныхъхъус йæ сæрыстырдзинад дæр.

Мад та дзуры:

– Цымæ куыд у нæ Талюшкæ? Афонмæ хæрзаг кæуы?

– Кæудзæн, уæдæ нæ, – дзуры Ванькæ. – Кæд ма уый нæ зоны кæуын.

Иуцасдæр ма абадтысты.

– Уæ фыдæн дæр уым зын у, – æнкъардæй дзуры мад. – Афонмæ миты астæу бадынц, мæгуыр сæ бон... Зымæджы-иу уæд та куы ныссабыр уаид хæст.

– Ныр нал ныссабыр уыдзысты, – стыр лæгау бакодта Ванькæ. – Цалынмæ фашистты нæ ныппырх кæной, уæдмæ нал бауромдзысты хæст.

Бынтон æрталынг, афтæ бахæццæ сты хæдзармæ мад æмæ фырт.

Наташкæ нæ куыдта. Тæбæгъы æрæвæрдта хом хъæбынтæ, пецæй æриста йæ дыууæ хъазæн куклайы æмæ сæ стъолыл, тæбæгъы цур æрбадын кодта. Сæ иуы дзы йæхимæ хæстæгдæр æрбакодта æмæ йын рæвдаугæйæ дзуры: – Ахæр, мæ чызг, ахæр! Ацы ницæйагæн та ницы ратдзыстæм.

Мад æмæ Ванькæ бæлæсты дыууæкъухын хырхæй ахырхтой, лæппу талынджы куыддæртæй сугтæ ныссаста, мад та арт бандзæрста пецы.

Уый фæстæ Ванькæ æмæ Наташкæ сбадтысты пецы дзыхмæ.

Арт хъæлдзæг гуыв-гуыв кæны; рухсы тæппытæ раст бур гæдыйы лæппынтау хъазынц пъолыл. Ванькæ уыдæнцойæ ницы дзуры. Наташкæ дæр Ванькæйы уæрджытыл æруагъта йæ сæр æмæ ныхъхъус. Пецæй ивылынц хъарм фæлмæн æрвхуыз уылæнтæ æмæ хæдзары къуымты зилынц. Наташкæйы хуыссæг ахсы… Ванькæйы дæр… Аджы та дон нырма ныр райдыдта змæлын. Мад стъолыл

кæрды цыдæр хæдойнаг æмæ рæстæгæй-рæстæгмæ сывæллæттæм сдзуры:

– Мæнæ Ног аз æрцæуа, æрбахæсдзыстæм рæсугъд заз бæлас... Таля, хъусыс мæ? Фынæй ма кæнут, мæ гыццыл къонатæ. Æрбахæсдзыстæм заз, сараздзыстæм æй хъазæнтæй, гыркъотæй. Ахæм рæсугъд уыдзæн, ахæм...

Ванькæйы фæнды, мад цы дзуры, уымæ хъусын, фæлæ йын чидæр рæвдаугæ йе уæхсчытыл бынмæ хæцы æмæ йæ пъолыл æрхуыссын кодта. Ванькæйы нæ фæнды, фæлæ йæ бон ницы у. Мады хъæлæс æм хъуысы дард кæцæйдæр. Лæппуйы цæстытыл уайы, цыма та хъæды сты, цыма та хуыссы митыл, æмæ ницы дзуры йæ мадмæ. Æрмæст йæ сæр батилы. Диссаг – мит куыд хъарм у!

Ванькæ йæ адджын фынтæй хуыссæгхъæлдзæгæй куы вæййы, уæд айхъуысы йæ мады хъæлæс:

– Уый цавæр хуыссæг фæтых ис нæ гыццыл лæггагыл? Ехх, ацы хуыссæг, ацы!..

Ванькæ, рæдзæмæдзæгæнгæ, фæцæуы стъолмæ.

Стъолыл, тæбæгъы тæвд хъæбынтæн сæ фæздæг кæлы, фæлæ Ванькæйæн уæлдай нал у. Хæрын æм нал цæуы. Наташкæ та бынтондæр нæ комы хъал кæнын. Хинæйдзаг у уыцы рувасау. Мад æй æрдæгфынæйæ уæддæр стъолы цур сбадын кодта. Чызг æхснырсы æмæ фынæй кæнынæн стъолыл агуры дзæбæх бынат. Мад худы. Ванькæ дæр йæ мидбылты бахудт. Хæрынц.

Иуцасдæры фæстæ Ванькæ, æгæр бахордтон, зæгъгæ, йæ хæрын ныууагъта. Мады та фæнды, йæ лæппу ма ноджыдæр куы ахæрид…

Æхсæвæры фæстæ Ванькæ лæууыд йæ мады цур, æмæ, йæ сæр йæ риуыл уагъдæй, фынæй кодта.

Мады хъарм къухтæ æрзылдтой Ванькæйы: дæргъбарæн (сантиметр) æртыхсы куы йæ астæуыл, куы – йе уæхсчытыл, æмæ уыцы уацхаджы уазалæй лæппу базыр-зыр кæны.

Уый фæстæ Ванькæ схылди пецы сæрмæ æмæ, куыддæр йæ сæр базыл авæрдта, афтæ афынæй. Наташкæ дæр, йæ иу къухы хъæбын нылхъывта, афтæмæй фынæй кæны.

Ванькæ ма æрдæгфынæйæ цы хъуыста, уый уыд хуыйæн машинæйы æфсæрты къæрцц-къæрцц – райсом скъоламæ ацæудзæн ногхуыд хæдоны.

# ДЕМАГОГТÆ

Хур ныгуылæнырдæм фæкъул. Рог дымгæ доныбылты кæрдæг зæхмæ фаста, къудзиты ‘хсæн хыбар-хыбур кодта. Сæ риутæ размæ, афтæмæй дуртау донмæ хаудтой денджызы бæлæттæ, стæй та-иу ногæй æмдзæхгæр стахтысты хæрдмæ, æмæ-иу уырдыгæй сæ утæхсæн хъæр райхъуыст.

Бынæй, цæхгæр фæзилæны, дон йæхи былтыл хоста æмæ, цыма чидæр йæ армытъæпæнæй кæйдæр бæгънæг буар дзæхстытæ кæны, йæ уынæр афтæ хъуысти.

Былгæрæттæ-былгæрæтты цыдысты дыууæйæ: бæрзонд, къæсхуыртæ, аив зылд, йæ карæй æрыгондæрхуыз зæронд лæг æмæ, иу-дæс азы кæуыл цыдаид, ахæм лæппу Петькæ.

Петькæйы сæрыхъуынтæ уыдысты къаппа-къуппайы пъакъуытау хæнт урс, æмæ афтæ зынд, цыма тынг куы радымтаид, уæд ын атахтаиккой. Зæронд лæджы уæхсчытыл уыд хус кæсагахсæн хыз. Лæппу, йæ къухтæ йæ хæлафы дзыппыты тъыст, афтæмæй арвмæ скæс-скæс кæнгæ, цыди разæй. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу йæ дæндæгты ‘хсæнты рачъыртт ласта.

Цыдысты, ныхæстæ кæнгæ. Зæронд лæг уæзхъус уыд, æмæ уыйадыл хъæрæй дзырдта, хатгай-ма йын-иу æгæр хъæрæй дæр рауад. Ныр дæр Петькæйæн, кæсагахсæн хызыл уæлдæр схæцгæйæ, цавæрдæр хабар кодта:

– Хъусыс, æмæ йын æз дæр афтæ зæгъын: «Хорз лæг! Ды мæнæй æртæ хатты кæстæр дæ, æмæ мемæ афтæ куыд ныхас кæныс? Ды хицауадæй дæ, уый, о!.. Фæлæ мæнæн та ды дæ ничи æмæ ницы. Æз хъахъхъæнын паддзахады исбон, æмæ мыл ды хъæртæ ма кæн, дæ хорзæхæй!»

– Æмæ уæд уый та? – фæрсы Петькæ.

– Æй?

– Цы загъта уый та?

– Уый та? Хъæр, дам дыл куынæ кæнын.

Æмæ та йæм æз ногæй дзурын: «Уый та мыл куынnæ кæныс, иугæр дæ æз хорз кæм хъусын, уым мыл дæхи цæгъдыс! Мæнмæ дзыхыдзагæй куы нæ дзурай, уæд ницы фехъусдзынæн!»

– Ха-ха-ха! – ныххудти Петькæ.

Зæронд лæг йæ къахайст фæтагъддæр кодта, Петькæйы аййæфта,

æмæ йæ фæрсы, йæхæдæг дæр худы, афтæмæй:

– Цæуыл худыс?

– Цæй хинæйдзаг дæ, дада!

– Æз? Мæн исчи асайдта, зæгъгæ, уæд иу бон дæр нал фæцæрин. Æз мæхæдæг кæйфæнды дæр афæливдзынæн.

Былгæронмæ ауазæнæй рацæйленк кодта дынджыр кæсаг; дон раст суылæнтæ. Петькæ сагъдауæй аззад.

– Федтай?

Лæг дæр фæлæууæгау кодта.

– Ам кæсаг уыдзæни, – сдзырдта сабырæй. – Фæлæ дзы бынæй, дæлдон, бындзæфхæдтæ бирæ ис.

Петькæ кæлæнгондау касти донмæ.

– Мæнæ афтæ аййас уыдзæнис! – йæ кухтæ фæйнæрдæм аивæзта.

Зæронд лæг дæр донмæ кæсы.

– Ам хызæй ницы бакæндзыстæм, ныскъуыдтæ нын уыдзæн.

Ногæй та иу кæсаг æрбацæйленк кодта, æмæ та дон суылæнтæ.

– Оуу! – фæхъæр кодта Петькæ æмæ йæ ту аныхъуырдта. – Уæд та бафæлварикхам?

– Цы? Нагъ, хыз гæбазгай бауыдзæн, æндæр ницы. Æз дын æй бæлвырд зæгъын. Æз ацы бынæттæ хорз зонын. Ам иу æрыгон чызг фæдæлдон. Раджы, æз дæр ма уæд æрыгон уыдтæн.

Петькæ зæронд лæгмæ скасти.

– Куыд анығъуылд?

– Куыд...куыд! Куы ныггæпп кодта, уæд йæ дзыккутæ уидæгтыл стыхстысты. Тынг даргъ ын уыдисты...

Иуцасдæр æнæдзургæйæ алæууыдысты.

– Дада, æмæ адæймаджы дон куы аласы, кæнæ куы анығъуылы, уæд кæдмæдæр бынæй куы фæвæййы, уæд æй уый фæстæ дон уæлæмæ цæмæн сласы?

– Ныддымсы æмæ уымæн, – бамбарын кодта зæронд лæг.

– Æмæ ма йæ уый фæстæ ссардтой?

– Кæй?

– Уыцы чызджы.

– Уæдæ. Аргæ йæ тагъд скодтой... Æнæхъæн хъæу фæфæдис сты, фæлæ...

Лæг иучысыл æнæдзургæйæ алæууыди, стæй æнкъардхуызæй сдзырдта:

– Рæсугъд чызг уыди... Марья Малюгина.

Петькæ касти, йæ быны уыцы тæссаг къуындзихтæ æмæ уидæгтæ кæмæн нымбæхстысты, уыцы донмæ.

– Ам хуыссыди? – Петькæ цæстæй ацамыдта былмæ.

– О, ам кæмдæр. Бæлвырд æй нал хъуыды кæнын. Раджыйы хабар у.

Петькæ ма иуцасдæр донмæ нымдзаст и.

– Тæригъæд уыд, – арф ныуулæфыд лæппу. – Донмæ хизыс æмæ ма дæ дзыккутæ та цæмæ уæгъд кæныс? Ахæм æнæрхъуыды куыд хъуамæ уай!

– Цы?

– Марьяйы кой кæнын.

– А-а. Хорз чызг уыди. Тынг рæсугъд.

Хъуыст доны уынæр, хъæдæй та – дымгæйы сыбар-сыбур. Хур дард хæхты фæстæмæ йæ фæндаг акодта æмæ доны былгæрæттæм æввахс сырх дардта. Фæсатæг. Дымгæмæ уылæнтæ дæр фæтынгдæр сты.

– Цом, Петро. Дымгæ фæтыхджындæр. Фæстæдæр бынтон стынг уыдзæн: цæгатырдыгæй радымдта.

Петькæ йæ къухтæ йæ дзыппытæй нæ систа, афтæмæй араст дарддæр.

– Цæгатаг дымгæ уазал хæссы. Афтæ нæу?

– Афтæ, афтæ.

– Уымæн æмæ дзы Ихджын фурд ис.

Зæронд лæг ницы сдзырдта лæппуйы ныхæстæм.

– Дада, æмæ йæ ды зоныс, нæ цæугæдон сæрдыгон цæмæн раивылы, уый? Иннæтæ уалдзæджы раивылынц – куыд æмбæлы, афтæ, мах дон та – сæрды тæккæ астæу. Зоныс, цæмæн?

– Нæ зонын, цæмæн?

– Уымæн, æмæ йæ гуырæн хæхты ис. Мит та, дæхæдæг æй зоныс, хæхты æрмæст сæрдыгон тайы.

– Уыдæттæ уын уæ ахуыргæнæг фæдзуры?

– Уæдæ.

– Уый уын раст амоны. Ныры адæм бирæ цыдæртæ зонынц. Хæрзаг ыл дæс æмæ ссæдз азы дæр нæма цæуы?

– Мæгъа...

– Цы?

– Нæ йæ, зæгъын, зонын!

– Æвæццæгæн ыл иу-ссæдз азы цæуы. Æмæ афтæмæй цас зоны! Раст мæ бæрц.

– Зондджын у. – Петькæ дур систа æмæ йæ донмæ фехста. – Æз та мæ къухтыл цæуын зонын! Нæма мæ федтай?

– Нæма...

Петькæ размæ азгъордта, йæ къухтыл алæууыд æмæ... йæ фæстагыл абадти.

– Фæлæуу! Иу хатт ма!

Зæронд лæг ныххудти:

– Сæрæн дæ! Хорз дын рауад.

– Фæлæуу-ма, цæй! Кæс!.. – Петькæ та ногæй азгъордта æмæ та фæфæлдæхт.

– Цæй, фаг у! Уырны мæ, кæй арæхсыс, уый.

– Иугыццыл ма мæ ацархайын хъæуы. Нырма знон сахуыр дæн. – Петькæ йæ хæлафы фадгуытæ æрцагъта. – Цæй, райсом дын æй фенын кæндзынæн.

Цæугæдон цæхгæр кæм фæзилы, уыцы ранмæ бахæццæ сты. Уым дон, йæхи дуртыл хойгæ æмæ фынккалгæ, тынг тагъд цæуы.

– Ам хариустæ ис.

Сæ дзаумæттæ раластой. Лæг райхæлдта хыз æмæ донмæ бахызт. Цæхгæр уазалæй зæронд лæджы буар сисбын абадт.

– Ух-ха! – æмæ доны уыциу бадт æркодта, цæмæй уазалыл тагъддæр ацахуыр уа.

Петькæ ныххудти.

– Æлхысчъытæ дæ кæны?

Зæронд, фурттытæгæнгæ, йæ сæр тилы, йæ иу къухæй йæ боцъо лæмары, æрдуцæгау кæны, иннæмæй хызыл хæцы.

– Цом!

Хызы дыууæрдыгæй хъæдтæ хъен ныссагътой æмæ азгъордтой, цыма уылæнты разæй фæуынмæ хъавынц. Хыз æрдынау никъкъæдз æмæ сæ йæ фæстæ ласы. Петькæйæн йæ къæхтæ дуртыл бырынц. Иу хатт дзыхъхъы æрныгъуылди, скаст дзы, йæ сæр ныттылдта æмæ зæронд лæджы фæзмæгау фæхъæр кодта:

– Ух-ха!

– Афтау-ма йæм! – хъæр æм кæны йæ дада.

Дон роцъойы онг æххæссы; лæппу гæппытæ æмæ тутæ кæны.

Æнæнхъæлæджы сын уылæн сæ хыз æгæр дард бахаста арфдæр ранмæ, фæлæ Петькæ йæ былтæ дæндæгтæй нылхъывта æмæ йæ нæ уадзы.

– Хæц ыл, ма йæ суадз, Петро! – хъæр æм кæны йæ дада. Ныр дон дзыхмæ кæлы. Петькæ йæ фæстаг тыхтæ сæмбырд кодта.

Лæг фæныгъуылд. Хыз тынг атъæпп кодта. Петькæ фæцудыдта æмæ ахауд, фæлæ хъил йæ кухтæй не суæгъд кодта. Стыр дурыл йæхи скъуырдта, йæ зæрды йыл уыди къухæй фæхæцын, фæлæ дуры фæрстæ бырынцъаг разындысты, æмæ лæппуйы уылæн дарддæр аскъæфта.

Петькæ бафæлвæрдта йæ къæхтæ фæбыцæу кæнын, фæлæ та ногæй иннæ бырынцъаг дур йæ размæ фæци. Ацы хатт ын бантыст, хыз не суæгъд кæнгæйæ, æрлæууын.

Йæ алыварс акасти – зæронд лæг нæ зыны. Иу уысмы бæрцмæ йæ сæр доны бынæй сзынди. Йæ бон ма ныхъхъæр кæнын баци:

– Мæ къæхтæ! Тагъддæр! – æмæ та ногæй доны бын фæци.

Хыз тынг тъæппытæ куы кодта, уæд лæппу фембæрста хъуыддаг: зæронд лæджы къæхтæ хызы стыхстысты. Петькæ ныкъæдз и, йæ дæндæгтæ нылхъывта æмæ доныбылы ‘рдæм сындæггай хыз ивазы. Уылæнтæ йын йæ риу хойынц, йæ къухтæ бандзыг сты, йæ фæстаг тыхтæ лæмары, йæ цæсгом фыр тас æмæ рыстæй нынхъырдтæ, фæлæ уæддæр, къахдзæф къахдзæфы фæстæ, бырынцъаг дуртыл фæбыр-фæбыр кæнгæйæ, хыз йæ фæдыл ласгæ, былмæ хæстæгæй-хæстæгдæр кæны. Иннæ кæрон та, хыз йæ къæхтыл тыхстытæй, йæ къухтæ æнæбон тылд кодта зæронд лæг.

…Петькæ йæ донæй бæргæ раласта, фæлæ лæг бауадзыг.

– Дада! Дада!.. – дзырдта йæм лæппу, кæугæйæ. Стæй йын райдыдта йæ риу нылхъив-нылхъив кæнын. Лæг схуыфыди æмæ йæ хъæлæсæй дон кæлын райдыдта. Зæххыл хуысгæйæ, сабыргай хъæрзыди, йе уæнгтæ сисынхъом нæ уыд.

– Æгас дæ, дада, æгас дæ?! – цины хъæр кодта Петькæ.

– Цы?

Лæппу йын йæ рус йæ къухæй æрсæрфта.

– Афтæ тынг никуыма фæтарстæн, дада. Фыр тæссæй фæцæймардтæн.

Зæронд лæг йæ сæр ныззмæлын кодта:

– Мæ сæр гуыв-гуыв кæны. Цы загътай?

– Ницы.

– Ох-ох, Петро, æз та загътон, æмæ мæ кæрон æрцыд.

– Фæтарстæ?

– Цы?

–Тынг фæтарстæ?

– Куыннæ стæй! Æмбаргæ дæр ницыуал бакодтон. Фæтæрсын мын нал бантыст.

Петькæ ныххудти.

– Æз та кæсын, æмæ дæ сæр зыны – стæй æвиппайды фæцыдæр.

– Нал... Афонмæ кæфтимæ хъæбысæй хæцин. Уый дын дзы хабар, гъе! Ныр мыл гуыбынниз кæй бахæцдзæн, уый бæлвырд у.

– Цы тарст фæкодтон, уый куы зонис. Ноджы ма æххуысмæ фæсидын дæр никæмæ уыдис.

– Цы?

– Ницы. – Петькæ касти йæ дадамæ, зæронд лæгæн ахæм удаист æмæ мæгуырхуыз уыди, æмæ лæппу йæ худын нал баурæдта.

Дада дæр бахудти.

– Уазал кæныс? Ныртæккæ арт акæндзыстæм!

Петькæ ауади æмæ сæ дзаумæттæ æрбадавта. Сæ уæлæ сæ скодтой. Лæппу хус къалиутæ рамбырд кодта, бандзæрста сæ, æмæ сын чысыл фæстæдæр æхсæв сæ алыварс сау къултæ ацамадта. Хус къалиутæн сæ къæрццытæ хъуыстысты, дæрдты тахтысты сырх зынджы стъæлфæнтæ. Дымгæмæ арты'взæгтæ сæхи алырдæмты раиваз-баиваз кодтой.

Зæронд лæг æмæ лæппу тæтæйраг бадт кодтой, сæ къæхтæ дзуарæвæрд скæнгæйæ, æмæ кастысты артмæ.

– Нæ фыд нæ ардæм куы ласта, – райдыдта дзурын зæронд лæг, – уæд æз нæ хæдзары цармæ сбырыдтæн æмæ хæкъуырццæй куыдтон. Уыцы афон, æвæццæгæн, иу дæ карæн уыдаин, кæд къаддæр нæ, уæд. Тынг мæ нæ фæндыди нæ хæдзар ныууадзын. Уым дæр уыд цæугæдон, уый фæстæ йæ мæ фыны арæх уыдтон.

– Куыд хуынди уый та?

– Ока.

– Æмæ дарддæр та цы уыд?

– Дарддæр та – ницы. Сахуыр дæн. Ам бирæ хуыздæр у. Ам уæртæ цас зæххытæ ис! Стæй йын йæ мæр уымы зæххимæ нæй абарæн. Ам зæхх сойджын у.

Петькæ ныххудти.

– Зæхх сойджын куыд хъуамæ уа?

– Уæдæ?

– Зæхх вæййы саумæр, змисджын, дурджын æмæ æлыгбын, – хъуыддагхуызæй æмбарын кодта Петькæ.

– Уый æз дæр зонын. Саумæр... Саумæр, уый – о, фæлæ ма сойджын дæр вæййы.

– Царв конд ыл вæййы?

– Хъус-ма! – фæхæрам и зæронд лæг. – Цæргæбонты йæ мæнæ ацы къухтæй къахтон, æууæрстон, æмæ мын æй ныр ды ’мбарын кæныс. Ахæм зæхх дæр вæййы, кæд дæ йæ базонын фæнды, æмæ дзы уалдзæджы байтауыс хор, фæззæджы та дын – фучъи. Иннæйы та, мæ бон, рæтæнæгъдты стæвдæн зайæгхал сбырсы, уымæн æмæ сойджын у.

Петькæ æмдзæвгæ кæсын райдыдта, фæлæ йæ æрдæгыл фæуагъта:

– Дарддæр мæ ферох и.

– Зарæг у?

– Æмдзæвгæ.

– Цы?

– Зарæг зæгъын нæу, æмдзæвгæ у.

– Уыдон иу сты: Хорз фыст куы уа, йæ ныхæстæ кæрæдзиимæ фидауынц, зæгъгæ, уæд æй зарæн дæр ис.

– Дæ салам бирæ! – фесхъиудта лæппу. – Зарæг хицæн у, æмдзæвгæ та – бынтон æндæр цыдæр.

– Ох! Ох! Ахæцыди та! – зæронд лæг та цалдæр къалиуы арты баппæрста. – Демæ ныхас кæныны размæ уал фысырдæг бахæрын хъæуы.

Иуцасдæр æнæдзургæйæ абадтысты.

– Дада, æмæ зарджытæ куыд æрымысынц? – фæрсы Петькæ.

– Зарджытæ кæнгæ скæнынц, мысгæ сæ не ‘ркæнынц, – æмбарын кæны дада. – Уый, адæймагыл исты стыр уæззау хабар куы ‘рцæуы, уæд ыл скæнынц зарæг, цæмæй йын фенцондæр уа. Зæгъæм «Ой, цæууай, дæ хæдзар фехæла кæд дыл цы бон акодта!..»

«Гъей, дуаргæс, хæстмæ цæттæ у!» – та?

– Фæлæуу... Æз ныртæккæ... – Лæг фæгæпп кодта æмæ къудзитæм фезгъоры. – Цавæр дуаргæс? – афарста ма йæ.

– Зарæг ис ахæм.

– Æмæ дуаргæс та чи у?

– Мæнæ… футболæй хъазгæйæ, дуарыл чи фæлæууы, уый!..

– Нæ зонын. Уый, æвæццæгæн, исты хъæлдзæг зарæг у. Ахæмтæ дæр бирæ ис. Æз сæ нæ уарзын. Æз æцæг зарджытæ уарзын.

– Азар-ма дзы искæцы!

Лæг арты цурмæ æрбаздæхти.

– Цы зæгъыс?

– Азар-ма мын, зæгъын, зарæг!

– Зарæг? Ныхас дæр ыл нæй. Æцæг зæронд зарджытæй. Ныры зарджытæ нæ зонын.

Уыцы тæккæ афон арты рухсмæ ‘хсæвы талынгæй рахызти Петькæйы мад.

– Ныр адонæн куыд кæнгæ у?! – сдзырдта сæм хъæрæй. – Æз уым мæхицæн бынат нал арын фыр мæтæй, адон та ам æртытæ кæнынц. Рæвдз хæдзармæ! Баба, цал хатты дын лæгъстæ кодтон, бирæ ма фæстиат кæнут доны был, зæгъгæ? Тæрсгæ уын фæкæнын, уый куыннæ ‘мбарут?

Зæронд лæг æмæ лæппу сыстадысты, райдыдтой сæ хыз тухын. Мад лæууы арты цур æмæ сæм кæсы. Стæй сæ афарста:

– Æмæ уæ кæсæгтæ та кæм сты?

– Цы зæгъыс? – нæ йæ фехъуыста зæронд лæг.

– Уæ кæсæгтæ, дам, кæм сты? – хъæрæй йæм дзуры Петькæ.

– Кæсæгтæ? – кæсы Петькæмæ. – Кæсæгтæ – доны. Уæдæ ма æндæр кæм хъуамæ уой.

Мад ныххудти.

– Демагогтæ стут, демагогтæ? – дзуры сылгоймаг. – Искуы ма ныффæстиат уат афтæ æрæгмæ... Дæу та дæ фыдыл сардаудзынæн, æмæ дæхæдæг зоныс. Уый демæ æндæр хуызы аныхас кæндзæн.

Лæг ын йæ ныхæстæм ницы сдзырта. Уæззау хыз йе уæхскыл баппæрста æмæ над къахвæндагыл араст и разæй, йæ фæдыл – мад. Петькæ арт йæ къæхтæй æрнадта æмæ сæ уый дæр аййæфта.

Цыдысты æнæдзургæйæ.

Хъуыст цæугæдоны уынæргъын. Быдырты къуыззитт кодта дымгæ.

***Уырыссаг æвзагæй***
***БЕЗАТЫ Фаризæйы тæлмац***

*ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег*

# ЗЕЙНАП

II хай *
1 сæр

*Мæ хур, фыдыбæстæн нывондæн*
*Æрхæссæм уды уаз фæндтæ...*
*(А. Пушкин)*

Æз зонын, чиныгкæсæг, ды
Мæнмæ кæдæй нырмæ тæргай дæ!
Зейнапы амонд дæу фæнды,
Фæлæ йæ нæ, нæ уыныс райгæ.
Йæ хъысмæт – алыппæтæй цауд,
Йæ уд фæнизджын ис. Æрхауд.
Йæ бон – æнæныфс æмæ тар,
Йæ уд – дæлимонты дæлбар.
Æгъатыр разындтæн æз, ау?!
Æгæр фæрыстыстут Зейнапыл,
Йæ сæрвæлтау мæн домут дзуаппыл,
Мæнмæ хæссут æргомæй фау,
Фæлæ мæныл цы кæнут дау,
Кæд у хъысмæтдæттæг Хуыцау!

2

«Их донып сæвæрдта йæ хид».
Йæ быны уайы дон рæсугъдæй.
Хъысмæт æм дард бæстæм фæсидт –
Нæ лæууы уæлвæзты йæ дугъæй.
Цæмæй йæ дард фæндаг уа раст –
Уый дуртæ авзилы æваст,
Æрисы къæдзæхтæн сæ рыг,
Стæй мæстæй акалы йæ фынк.
Тындзынц йæ къабæзтæ хæстæг,

* *Райдайæн кæс журналы 2020 азы 9-10 номырты*

Цæмæй йæ сæнт риумæ ныттæдзой,
Æдыхæй уый æрхыл нындæдзой.
Ам хибар дугъæн нæй рæстæг.
Кæнынц сæ рухс фидæнмæ тагъд.
Ныр уым сæ тæлтæг уд ныттагъд.

3

Гъе, афтæ иумæйаг тыхæй
Лæбурынц, абухгæйæ, размæ.
Сæ фæрсты горæтæй, сыхæй
Згъоры знæт дон азæй-азмæ.
Беслæн, Мæздæг, гъе стæй йæ цыд
Кæны уый Грознæмæ уæд цырд,
Цæмæй йыл Хъаспы денджыз ам
Æруадза урс уылæн – йæ арм.
Æнусон ницы ис зæххыл:
Фæзынæм иу хатт мах дæр цардмæ,
Нæ удтæ тавæм уарзты артмæ.
Æнамонд стæй фæкæны хыл:
«Цымæ, цы у зæххыл нæ цард?»
Нæ уарзта уый, хæрын уын ард!

4

Султан, Зейнап – æлгъыст хъысмæтæй,
Сæ уд – æфхæрд, сæ цард –зындон.
Мæ зæрдæ рафтыди сæ мæтæй.
Зейнап – уæззау рынчын – зыдтон.
Султан – æдзух куыстыл æфтыд,
Ныхасмæ уæздæттæм æфтыд,
Фæлæ нæ рох кодта йæ рыст,
Йæ кæуын сусæг-æргом хъуыст.
Цы бон Зейнапæй уый фæхицæн,
Уæдæй нырмæ йыл батар хур.
Йæ цæссыг никуы кодта сур.
Фыдгуыст тæрхон уыди йæхицæн.
Æмæ йæхиуыл кодта дис:
Цæрæн æнæ Зейнап куыд ис!..

5

Фæлæ мæ зæрдæ нæй, нæ хъæцы –
Зейнап йæ адыл нал у, нал…
Цæры ма, о, Хуыцау, дæ фæрцы.
(Йæ койæн ссардтон ныр амал…)
Æцæг йæ низ чысылгай фездæхт.
Ныр у æмбаргæдæр йæ фердæхт.
Нæ хауд йæ дзыхæй раздæр дзырд,
Хæрд дæр йæ зæрдæмæ нæ цыд.
Фæлæ йæм хорз фæдардтой цæст.
Нæ цыди дохтыр дæр йæ цурæй.
Чысылтæ аходы ныр дзулæй,
Хъæрзы йæ хъæдгæмттæй æрмæст.
У амонд дохтырæн йæ хорз.
Æрцæуы низæн дæр уæд хос.

6

Роксанæ семæ уыд æмдзæрин.
Уыди йæ хæдзарæй иртæст.
Цыма æндæр зæххыл кæмдæр ис –
Зейнап йæ мæт уыди æрмæст.
Æмæ йыл адæм кодтой дис:
Зæххыл ма ахæм хорзæх ис,
Ис хомæ ахæм судзгæ уарзт?
Дыууæйæ иу зæрдæйау раст.
Зейнапæн уый йæ уæлхъус бадт.
Куывта æхсæв уа, бон, Хуыцаумæ,
Æнхъæлмæ каст уæларвон цаумæ.
Йæ уарзон хойы мæтæй мард.
Мæ хæлар, арфæгонд уа уас,
Мæ диссаг райгуырæн Кавказ!

7

Йæ куывд æнæхъуаджы нæ уыд,
Æмæ нæ рынчынæн фæстагмæ
Йæ уд йæхимидæг æрцыд,
Цыдысты хъуыдытæ сæ уагмæ.

Æрмæст йæ сæфт фырты хъысмæт
Æфтыдта уый рыст удыл мæт,
Æмæ йæ ивгъуыды æндæрг
Уый кодта уды низы тæрк.
Æмæ та исдугмæ – æдзæм!
Роксанæ ног зынтæ æвзæрста,
Уый, æз дæуæн зæгъон, æмбæрста –
Цæуыныл архайдта – кæдæм?
Фæлæ йыл дуар уыди æхгæд…
Гъе стæй йын хъарм ныхас æгъгъæд…

8

Уый хъавыд ацæуынмæ арæх,
Фæлæ Роксанæ цырддзаст уыд.
Зæгъгæ нæ уыди уый хæрзарæхст,
Уæд ма фыдбылызæн цы хъуыд.
Уысммæ дзы аззадаид рох –
Рыст удæн уæд къæсæр йæ хох.
Йæ хойы  аудгæ рæвдыд,
Зейнапы бакодта æвыд.
Уыдысты дохтыртæ дæр цырд.
Сæ цæст нæ уарзта уый схойын.
Адджын æмгар, æнувыд хойау
Уыди сæ зондамонæн дзырд:
«Султан ын баххуыс уаид ныр!..» –
Уыди сæ ныфсы таг стыр:

9

«Зындгонд нæ сахары уыдис,
Фæлæ йын нал и ныр ссарæн.
Йæ ацыд бафтыдта ныл дис.
Цæуыл ис уый арæхст сбарæн!
Йæ куыстыл систа ныр йæ къух,
Нæ дзыллæ йе ‘ххуысæй фæцух.
Ныфсæнхъæл æм цыдысты адæм.
Кæм уыд зæрдæфæлмæн та ахæм!
Хуыцауæй уымæн уыд лæвар –

Цæттæ кæддæриддæр æххуысмæ,
Æвнæлдта, уарзгæйæ, йæ куыстмæ.
Уадз уæд йæ ног цард дæр йæ бар –
Куыстæй та чи зæгъдзæн æвзæр,
Фæлæ куыд хъæуы мах йæ сæр!»

10

Матфеймæ арвыстой уæд дзырд –
Куыста уый хъахъхъæнæгæй рагæй,
Æмæ сæм ныр фæзынди тагъд.
Тыхст уыд – бæрæг уыди йæ уагæй:
«Фæцу, куыд дын ныффыстон æз,
Мæ хæлар, сæххæст кæн мæ хæс.
Æрвитын тагъддæр дæу хъæмæ,
Уыдзæн дæ лæггад фыст мæнмæ.
Цæры уым саударæг, мæ мад.
Зæгъ ын: «Дæуæй Роксанæ куры –
Зейнапæн абадай йæ цуры».
Йæ хо мæйы размæ фæмард,
Нырма йæ цæстысыг нæ басур,
Фæлæ йын мах хабæрттæ радзур».

11

Матфей æвиппайды фæтары,
Фæлæ та ног фæзынди тагъд.
Бæлвырд, цыдæр йæ дзыппы дары,
Зыны йæхæдаг та уæнгуагъд.
Йæ удæй сусæгæй цы рыст,
Уыди уый йе 'рвыстæджы фыст.
Дæтты Роксанæмæ гæххæтт,
Йæхицæн айсæфти йæ фæд:
Йæ цæссыг фергомæй уый тарст.
Зыдта уый гæххæттæн йæ мидис,
Уыдис дзы хахуыр æмæ фидис.
Йæ царды бирæ федта маст,
Æмæ йын базонын цы хъуыд,
Ныртæккæ й' алыварс цы 'рцыд.

12

Фыста Роксанæмæ йæ мад:
«Сыгъд у нæ кæстæртæн сæ намыс,
Кæнæм сæ хъуыддæгтæй æгад.
Ды та уый сраст кæнымæ хъавыс?
Зейнап фæкодта не ‘гъдау рох,
Йæ мады баййæфта фыдох.
Йæ азым арвы раз – стыр,
Нæ йын æрцæудзæни хатыр.
Ныр ын тæрхонгæнæг хъысмæт.
Дзæнæты уа, æви зындоны,
Æз æй мæ сæфт хæрæфырт хонын.
Мæ удмæ нал уадзын йæ мæт.
Ды та  æрцагур ныр дæ хæдзар,
Цæмæй дæ мадыл фарн æрхæца.

13

Мæнæй йын никуы уыдзæн барст,
Æнус нæ фендзæн уый мæ хуыз.
Фæлæ мæ ма ракæнæд хъаст.
Мæнæй нæ райсдзæни æххуыс.
Уыди ныййарæг мадæй тард,
‘Мæ йæм æнæсдзургæ фæцард.
Мæрдтæм æй барвитдзæн, зыдта,
Фæдæн æнæхъæбул, дзырдта.
Ныр та нæм нал и уаг, æгъдау,
Тæрхон нæм нал зонынц  æгадæн.
Кæддæр-иу хъоды кодтой адæм –
Хæтыд-иу азымджын сырдау.
Мæ чызг, дæ уаргъ дæуæн – стыр,
Фæлæ йæ хæсс – мæнæн хатыр!»

14

Фæлæ Роксанæйæн йæ уарзт
Зейнапмæ н‘ ахуыссыд æнцонæй.
Кæд уыд æнувыд зæрдæ саст!
Вæййы уый фидардæр æндонæй.

Ӕмæ ныууагъта уый дзæгъæл
Йæ хойы – мачи уæд æгъгъæл.
Уæззау у уарзаг уды хæс,
Фæлæ йæ кувгæйæ ды хæсс!
Султаны ссарын уыд йæ зæрды.
Уый хонынц хорз дохтыр æцæг.
Гъе стæй ма райгас вæййы лæг,
Куы фены уарзоны, хæлæртты.
Йæ рынчынмæ фæкæсæг уæд,
Ӕндæр ссардзæн уый йæ фæд.

15

Фæлæ кæуыл дара йæ зæрдæ,
Кæй фæрцы агура амал?
Кæм сты йе ‘нувыд хæлæрттæ,
У стæм зын рæстæджы æмбал…
«Матфей!», – скарста уæд йæ зонд.
Цы у сыгъдæг зæрдæйы конд!
Фæци йын уый уынаффæ раст:
Зейнапмæ уый чызджы чызг каст.
Роксанæ дардта ныр йæ фæндаг.
Уыди йæ балцы сæр Султан.
Зыдта, кæм агура, цы ран.
Уыд уарзты хъаруйыл æууæндаг.
Ӕмæ æрлæууыд ныр йæ разы.
Уый бадт йæ куыстуаты ныхасы.

16

Султан уæд цавддур фестад раст –
Мæрдтæй ма чи хъусы хабæрттæ!
Йæ уæнгтæн айхæлди сæ баст,
Ӕмæ йæ зæрдæйы нуæрттæн.
Йæ риуы фегуырди æваст
Йæ рагон рох бæллицц, йæ уарзт.
Ныр æм йæ риуы дзаг тырны,
Ныр æй æцæг амонд уырны.
Роксанæ рæвдз йæ фæдыл уад.

Мæгуыр, йæ риумæ рухс ныккасти.
Нæ зыдта уый нырма, нæ тарсти,
Нырма йæм цас фыдæбон хауд.
Ныр та дыууæ удæн сæ фембæлд…
Æз сын æвдисæн уон, уый не 'мбæлд…

17

Фæлæ йæ монцты хицау разынд
Султан, нæ романы хъайтар.
Хъæудзæн уый тухæнтæн фæразын,
Фæлæ сын не суыдзæн дæлбар.
Æнкъары уарзоны раз хæс,
Хъæуы цæрæнуатæн фæрæз.
Ныууагъта иуварс карз æгъдау,
Кæнæнт ыл зулцæстытæ дау.
Зейнап йæ хæдзары æрцард.
Æдзæрæг уыд йæ артдзæст рагæй,
Уыд цух фæрныгады тæвагæй,
Æфтыдта зæрдæйыл æнкъард.
Зейнапмæ зилæг дæр фæзынд,
Эдит – Султаны фæндæй хуынд.

18

Нæй зондæн сæндидзæн æнцонæй,
Фæлæ уæддæр Хуыцау у хорз:
Фæлгъуыдта иу æхсæвæй бонæй,
Æмæ йын ардта уый йæ хос.
Мæскуыйы Сербскийы фæдонтæй
Султан ссардта иу æнцонтæй.
Профессор загъта уымæн: «Хорз!
Уырны мæ, ссардзыстæм ын хос!»
Кæрон йæ цинæн уæд кæм уыд!
Хъуыди ныр рынчын уа бынаты.
Эдитмæ уый фæдыл ныр хаты.
Рæстæгыл рараст уæвын хъуыд.
Султаны цæссыг русыл уад.
Йæ риуы гуырд Хуыцауæн кад!..

19

Мæскуы кæрдзындæттон кæд уыд!
Кæм дæтты нуазæн уый бæлццонæн!
Нæ зоны хион, мад, йе фыд,
Кæны æнæхцайæ æвзонæн.
Султан дзы бонзонгæ уыди,
Йæ балцы ифтонгæй цыди.
Зыдта, хъæудзæни йæ сæртæ,
Æндæртæй не ‘вæрдта зæрдæ.
Æхцайæн хорз амал ссардта:
Йæ фыдæн хорз хæдзар уыди.
Кæйдæр зæрдиагæй хъуыди,
Фæлæ æддагонæй цы дардта:
Йæ фыды мады мой – кæмдæр,
Амал ссардзæн уый æндæр.

20

Фæлæ ма уый уæлдай йæ номыл
Уыди йæ фыдмæ дæр æвæрд.
Ныр та йæ фырт, зæгъгæ, фæхъомыл,
Уыдысты уый къухмæ лæвæрд.
Эдит дæр хорз æмдзу фæци,
Султанæн хаста уый дæр цин.
Хуымæтæг цардыл ахуыр уыд.
Зыдта, æнæмæнг æй цы хъуыд.
Къæбæрваг ардта уый æрсындзæй.
Хуыйынмæ арæхсти бæлвырд.
Йæ хæрдзтæм уый лæууыди цырд,
Йæ мулк нæ акалдтаид рындзæй.
Уæдæ зынвæндæгтыл фæцу –
Хуыздæр дæ рауайдзæн æмдзу!..

21

Бæркадæй нал у ныр æххæст,
Фæлæ йæ фæнд йæ къухты бафтыд:
Аслам цæрæнуæттыл фæхæст,
Хæрдзтыл æй ауæрдынтæ бахъуыд.

Эдит Зейнапимæ æрцард.
Нæ кодтой исбоныл æнкъард…
Сæ хатæн– рухс æмæ сыгъдæг,
Æцæг мæгуыр æмæ быгъдæг.
Фæлæ сын дохтыр радта дзырд:
Цæрдзысты хибарæй, йæ фæндæй,
Æрцæудзæн йе 'муд дæр æнцæнттæй,
Зейнапæн хос æрцæудзæн цырд.
Султан æрвылбон уыд йæ уазæг,
Бæллыди фембæлдмæ йæ уарзæг…

22

Уый фенын йе 'нгасы фæндыд
Кæддæры царды рухс – æнæниз,
Цæмæй хъысмæтæй уа æвыд.
Тæхуды, ахæм ныфс кæмæ ис!
Æмæ та иу бон уади рог
Султан йæ буц уарзонмæ ног.
Эдит фæцис æваст йæ размæ.
Султанмæ уый хъæцыд ныхасмæ:
«Султан, дæ фыдæбон, дæ куывд
Æнхъæл дæн, фехъуысти Хуыцаумæ!
Бæллыдтæ цindзинады цаумæ –
Зейнап нын йе 'муд ныр æрцыд!
Фæлæ нæ бахъæудзæни сæр,
Бæргæ зын у дæ тох æгæр…

23

Ныр баззад иунæгæй йæ уаты,
Æмбал ын– сагъæстæ æрмæст.
Хæдзарон дарæсы уый бады,
Нæ исы рудзгуытæй йæ цæст.
Мæн дæр нæ бауагъта хæстæг,
Ныр та быцæуæн нæй рæстæг…
«Дæ бар дæхи!», – æз дæр ын загътон,
Æмæ йæ иунæгæй ныууагътон.
Фæлæ зæрдæдзургæ дæн ныр.

Султан, фæцу йæм ныр дæхæдæг,
Фæсур йæ зæрдæйæ æрхæндæг,
Скæн йæ низы дуг цыбыр.
Кæд нал у дохтыры къух хорз,
Уæд ын дæ уынд фæуыдзæн хос!»

24

Султан ныр асинтыл тындзы,
Тырны, йæ уарзонмæ бæлгæйæ.
Цæй хæрд, цæй уырдыг ма хынцы!
Цæуы йæ къæхты хъæр, нæргæйæ.
Зейнап йæ къахыайст зыдта,
Йæ сæнттты уарзоны уыдта.
Куы айгом хатæны дуар,
Уæд йе ‘взаг нал уыди йæ бар:
Йæ разы буц уарзон лæууы,
Нырмæ кæуыл баста йæ сæнттæ,
Æлвасынц риумæ уым йæ цæнгтæ,
Йæхæдæг амондæй кæуы.
Ныр уадул уадулмæ æнгом,
Сæ уарзтæн зæрдæтæ æргом:

25

«Мæ боныл, абоны онг æз
Нæ кодтон аргъ мæ зæххон цардæн.
Мæ уды маст схаста рæз,
Цыма зæххон дунейæ тард дæн.
Уыдтæн мæ амондимæ хыл,
Цы уыд зынаргъ мæнæн зæххыл,
Гъе уымæй дард ранмæ фæцыдтæн.
Зæгъ-ма, æз уарзты знаг нæ уыдтæн?
Цыма Хуыцаумæ ис хъæнтæ!
Уыдтæн æнæввæрсон йæ фæндыл.
Фæлæ цæудзыстæм ныр йæ фæдыл.
Нæ Хуыцау, ратт нын тых, кæм Дæ!
Мæнмæ ныр тохмæ сиды управ.
Хæрын дæ разы ууыл ард!

26

Æвæстаг æз фæдæн мæ фыртæй…
Уæвгæ, йæ бон ныккала дуг!
Уый удтыл кодта цуан мæнг дзырдтæй,
Йæ фыдæй байсысти нæ туг…
Ныр залым махæн у фысым…
Лæгæн уый бамбарын у зын.
Куы бауæм куырм æмæ къуырма –
Нæ удтæй хъаздзæн уый нырма.
Султан, æвæстаг фестæм мах…
Æвзæнгты размæ цыд нæ фæнды.
Нæ хъалтæй чи бафтдзæн нæ фæдыл –
Быры фыдвæндæгтыл сæ къах.
Нæхæдæг рахæссæм фæндон –
Æрлæууæм карз тохы уæндон!»

27

«Зейнап, фæхæц дæхиуыл, курын!
Ссар дæ рыст удæн æнцой.
Фæнды дæу бæрзæндтæм лæбурын,
Дæ сагъæс дун-дуне, дæ кой!
Нырма уал айсæфа дæ низ!..»
Нæ, нæ, мæ хæлар, ма кæн дис…
Сымахæй бакодтон æз сусæг,
Æппæт уынæг, æппæтмæ хъусæг
Уыдтæн сымах фæсвæдæй æз.
Мæ дохтыр – диссаг у йæ арæхст,
Мæ хъæдгом уд уыд тугæй амæхст,
Фæлæ йын базыдта фæрæз.
Мæ зонд мын фесафынæй ма тæрс.
Мæ хабар дохтырмæ дæр ахæсс!

28

Æдзух мæ фарсмæ уыд Эдит.
Хæссын  йæ фезмæлд абон дисæн.
Кæдфæнды хъуыста уый мæ сидт,
Йæ удæй ардта хос мæ рисæн.

Уый хаста уарзгæйæ мæ уаргъ,
Уыдтæн йæ зæрдæйæн зынаргъ,
Æмæ мын уый лæвæрдта цин.
Йæ рæвдыд – зæрдæйæн æфсин.
Фæлæ нæ дунейы фыдуаг
Мæн ногæй сагъæсы æппары.
Хæрзуды тухæнæй уый мары…
Эдит дæр царды хæрзтæй хъуаг.
Цы галуан сарæзта нæ фырт –
Æфтауын уый тыххæй æз дзырд…

29

Ныр цардæн базыдтон йæ аргъ,
Куыддæр æрцыд кæрон мæ рисæн,
Гъе афтæ аппæрстон мæ уаргъ,
Ныр сидын хæст фыдлæг, фыднизæн.
Дæуæй нæ домын дзуапп æрмæст…
Дæу федта тугкалгæ мæ цæст.
Æгайтма абон дæ æгас,
Мæ куывдæй нæу дæ удæн тас.
Æмæ нæ фæрсын ногæй дæу,
Дæ уарзт дын тæрæзтыл нæ барын.
Æз уый дæ ахастæй æмбарын,
Ныр уарзт æвзарыны дуг нæу.
Бæрæг – кæрæдзимæ нæ уарзт…
Мах рагæй иу хъысмæтæй – баст!

30

Æмæ цы хъауджыдæр у, уастæн:
Дæ цæнгтæй тохы иу фæхъуыд.
Нæ цæфтыл дзуырныл нæма стæм,
Нæдæр ахъаз уыдзæн нæ куыд.
Фæлæ ахъаз уыдзæн нæ куыст.
Нæ мæт – нæ адæмы æнтыст.
Æвæрд у тæрæзтыл нæ цард.
Стæм зæххон хæрзтæй ныр тард.
Хъæздыг æппæтæй дæр нæ зæхх,

Фæлæ мæгуыргуртау – нæ адæм.
Ныр мах æнæмæтæй куыд бадæм?
Нæ нын ис зонд базонæн, зæгъ!
Уыд Ельцин, чи уыдзæн йæ фæстæ?
Цæмæ æрхаудзæни нæ бæстæ!?»

31

Сæ фæндаг акодтой хъæмæ.
Зейнап йæ уæзæгмæ тындзыдта.
Йæ хойы ‘рцагуырдта¸ æмæ
Рæхджы йæм хæдзармæ фæдзырдта.
«Роксанæ, – дзуры йæм, – мæ хо,
Дæуæн мæ фæндон ныр зæгъон:
Мæ фæнд дæ мадмæ у цæуын,
Сæркъулæй уый разы лæууын.
Гъе стæй мæ мады риумæ æз
Нымдæй хатыр курæг цæудзынæн,
Кæугæйæ уый разы лæудзынæн.
Мæ мастæн уый уыдзæн фæрæз.
Гыцци, мæ азым мын ныббар,
Мæ уарзт кæй нæ уыди дæ бар…

32

Мæнæн Султан ныр дæр зынаргъ у,
У мемæ уый зæрдæ дæр баст.
Бæргæ, æгъуыстаг уарзт зын уаргъ у,
Фæлæ нæу уарзаг зæрдæ саст.
У се ‘ууæнк уарзæттæн сæ тых,
Кæд сыста зæрдæйыл тымыгъ,
Уæддæр у махæн цард æвдисæн –
Амал ссардзыстæм нæ рисæн.
Æмæ нæ цæдисæн йæ тых
Дунейыл басæттын кæй бон у!
Дыууæйæ царды тох æнцон у.
Ныр размæ саразæм нæ ных.
Уæдæ нæ адæмæн дæр, цæй,
Æххуыс фæуæм, уæд та, бæрцæй…

33

Фæлæ дыууæйæ не стæм фаг,
Хъæудзæн нæ фæндагыл æмбæлттæ:
Кæмæ ис ног царды тæваг,
Нæ тохæн чи ссара амæлттæ,
Цæмæй æрбаздахæм рæхджы,
Цы исбон раздахын фæтчы,
Æмæ æцæгæлон бæстæй
Нæ бартæ байстæуа рæстæй,
Мыхуыры чи кæны мæнг дзырд,
Гъе ууыл ма ‘ууæндой нæ адæм.
Æгъгъæд фæуæд ныр та æгадæн,
Мæнг дугæн ныр кæрон æрцыд.
Фæуæд фыддуг, – зæгъæм æргом!
Æрлæууæм, дзыллæтæ, æнгом!

34

Кæмæ ис ныфс, кæмæ ис тых,
Уæлæхох чи нæ у нæ цардыл –
Мæнгардæн бакъуырæм йæ ных,
Кæннод тæппуд нымад у мардыл.
Йæ бартыл чи нæ кæны тох,
Йæ фыдызæхх кæмæй у рох,
Æндæртæм чи радта йæ бар –
Зæххыл уый не скæндзæн хæдзар.
Уæдæ æрбалæууæм æнгом
Султаны алыварс нæхæдæг,
Уый ныр – нæ раздзæуæг, нæ фæтæг.
Тыхмийæн мауал раттæм ком.
Зæххыл – фыдæх æмæ фыдрис,
Цæрæн уæд афтæмæй куыд ис!»

35

«Цы фæци раздæры Зейнап!
Цы уыд æн‘ азым зæд дæ разы!
Дæттын дæ ныхæстæн æз дзуапп:
Дæн демæ алцæмæй дæр разы.

Цæттæ дæн æз, æхсæв уа, бон.
Уæ тох мæнæн дæр у фæндон.
Ærцыд нæ бæллицтæн сæ рад.
Дзырдта мын уый мæ фырт Азат,
Уыди йæ фыдимæ æмзонд.
Ныр иунæг нал уыдзæн йæ тохы
Фæлтæрты рухс фидæны охыл.
Нæ цард кæй къухтæй æрцыд конд,
Кæй фæрцы мах ссардтам кад,
Нæ бæстæн фарн æмæ бæркад.

36

Йæхиуыл чи н‘ ауæрста тохы,
Нæ сæрыл чи ‘рхаста йæ цард,
Йæ бонтæ чи ‘рвыста фыдохы
Тæрсгæйæ, удæнцойæ дард,
Мæ хъысмæт уыдоныл бæттын,
Мæ уд сæ сæрвæлтау дæттын.
Ææз демæ разы дæн, мæ хур:
Нæ фидæн – сæфт, цыфæнды дзур,
Цæудзæн нæ адæмыл дæр ард.
Фæлæ-ма ракæсæм нæ цæстæй,
Фыдвæндаг ма фæуæм æххæстæй,
Нæ удтæй тас фæсурæм дард.
Сæрибар удау у зынаргъ.
Кæд зарыд ахæстоны маргъ!»

37

«Мæ хо, дæуæй æз бузныг дæн.
Дæуыл иттæг мæ зæрдæ дардтон.
Ææвахс мæ царды хурхæтæн,
Фæлæ мæ царды фæнд ссардтон.
Ныр тохæн у нывонд мæ цард,
Гадзрахат у дæумæ дæр дард.
Мæнмæ æрлæууыдтæ æнгом,
Гъе уымæн у мæ цин æргом.
Нывонд у адæмæн мæ цард.

Фæнды мæ хайджын уон сæ мастæй,
Цæрон сæ хъысмæтимæ бастæй,
Нæра сæрибарыл нæ зард.
Ныр у нæ тохы бон хæстæг.
Султан – нæ тырыса хæссæг!

38

Æппæтдæр ивы – адæм, рæстæг.
Æрзилы дугимæ нæ зонд.
Фæлæ нæм уыцы бон æрхæстæг,
Æмæ уыдзæн нæ амонд конд:
Тæрхон кæндзысты махыл уæд,
Æрмæст нæ уд кæй уыд нæ мæт,
Уыдыстæм тарст æмæ сæркъул,
Нæ удтæй хъазыди фыдгул.
Ныгæдтой къордгæйттæй кæддæр
Сæ буц æдзард хъæбулты цæцæн,
Кæй зонды райгуырдис «Схæцæм!»?
Æфсон куынæ зыдтам уæд дæр!
Нæ бодзтæн сæххæст ис сæ хыгъд,
Мæгуыр та хæсты арты сыгъд.

39

Нæ бæстæн чи уыди йæ сæргъ –
Сæ сæртæ бафснайдтой кæмдæрты.
Мæгуыр, æххормаджы æндæрг
Бырсы нæ зæрдæтæм, лæгæрды.
Хæлар нын чи басгуыхти знон,
Ныууагъта уый нæ зæхх, нæ дон,
Йæ гамхуд акодта æваст,
Фæци нæ бæркад былмæ ласт.
Ныр та æгадæн мах бындар.
Фæкодтой адæмы æвæстаг.
Фæци ныр Ленин дæр сæ хъæстаг.
Ныр ногæй агурæм нæ бар,
Æбæрæг адæмæн сæ фидæн.
Æмæ сæм уымæн тохмæ сидæм!

40

Ис ныфс нæ зæрдæйы нырма –
Цæры рæстаг адæмтæ не ‘хсæн.
Бæрæг нæма дарынц, цыма,
Фæлæ бынтон æвæстаг не стæм.
Нæ бæрц у кадавар, æниу,
Бæрц та рæстаджы тохы циу!
Стæм Хуыцауæй мах æрвыст,
Цæмæй ныр уæм фыдæхæй хызт.
Фæзынд Орловы ног фæтæг,
Цæуынц æгас уырыс йæ фæдыл.
Нæ бодзты уый æнтыст кæм фæнды!
Йæ ных ын бакъуырдтой цæрдæг.
Тæрхон ыл цыд, закъæттæ уагътой,
Фæлæ сын тæрхон «раст у!», – загътой!

41

Ныр уал, мæ чиныгкæсæг, мах
Чысыл фæуадзæм ам нæ дзырддаг.
Куы байсæм фидæнмæ нæ къах,
Хуыздæр уæд бамбардзыстæм хъуыддаг.
Султан – рæстдзинадыл йæ дзырд,
Уыдис ыл йе ‘ууæнк ныр æфтыд.
Стыр – фыдыбæстæм йæ уарзт,
Йæ зæрдæ партиимæ  – баст.
Йæхи дæр раттаид мæлæтмæ.
Уыдис ын афтæмæй зындгонд
Нæ бодзты талынг удысконд:
Цæттæ– æвæлмастæй тæлæтмæ.
Хуыдтой Зюгановы рæстаг,
Фæлæ дзы адæм та – хъæстаг.

42

Уыди йæм се ‘ууæнк раздæр бирæ,
Æнхъæлдтой, Данко сæм фæзынд.
Фæлæ фысы царм дардта бирæгъ,
Сæ цæргæс разынди ныр сынт.

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



# Тæхуды, Иры буц хæрзтæ фæфид...



**Галиуæрдыгæй рахизæрдæм лæууынц: Камалы хо Рая, йе `фсымæр Беслæн; бады Камалы фыдыфыд Джиуæр, дзуццæджы бады Камал**



**Йæ фыд Хазби, мадыхо Варикка, мад Уæлгъа**



**Ахуыры азтæ. Галиуæрдыгæй кæронæй Камал йе `мбæлттимæ**



**Медицинон институты студенттимæ**




**Цæрукъаты Алыксандр, Джусойты Нафи æмæ Хъодзаты Æхсаримæ**



**Хъазиты Мелитонимæ. Цхинвал**



Журналист Хуыгаты Валодя æмæ поэт Хъодзаты Æхсаримæ



Ходы Тамерлан, Камал æмæ йæ хистæр æфсымæр Мæирбег



Галиуæрдыгæй рахизæрдæм: Хъесаты Володя, Цыбырты Людвиг, Камал æмæ Фидараты Булат



Цирчы артист Дзуццаты Виктор æмæ поэт Кокайты Тотрадзимæ Литературон институты æмдзæрæны



Хохы Дæргъæвсы



Йæ бинонтимæ



**Артист Хуыгаты Сурен æмæ къамисæг Темыраты Миронимæ**



**Поэт Хъайтыхъты Георимæ**



Уататы Бибо,  Дзиуаты Анатоли æмæ Камал Горæтгæрон районы адæмон театры артисттимæ




Ирыстоны фысджытимæ



Гæбæраты Юриимæ



Фысджытæ æмæ нывгæнджытимæ



Пушкины номыл скверы



Дзасохты Алыксандримæ фæмбæлды рæстæг



Спектакль «Испайнæгтæ»,
5-æм испайнаджы ролы



Спектакль «Æфхæрдты Хасанæ», Хуындæджы ролы.
1962 аз



Дзантиаты Анатоли æмæ Чъерджиаты Олегимæ




**Ирыстоны фысджыты иумæйаг съезд. Цхинвал, 2013 аз**

Йæ ныхмæ бауæнд ды ныхас –
Нæ дын уыд мастæй уæд æдас.
Йæ фарс – æххормаг куыйты бал.
Кæм уыд сæ мæнг дзырдæн æмбал.
Æрцыди бирæ тыхтæ хардз,
Цæмæй схицау уа нæ бæстæн.
Сæ фæндæй Ельцин ныр фæфæстæ.
Уæдмæ нæм райхъуысти фыдуац:
Нæ раст лæг разынди уæййаг!
Бæстыл ма сусæг уыд, мыййаг!

43

Æрвыста арфæтæ æгадæй –
Хæцыди Елцинæн йæ фарс.
Уый разылд партийыл мæнгардæй,
Хуыснæгæн радта ныр ныхас.
Æбар йæ партионты чыр,
Сæ хъæлæс – сусс, сæ дзых – æмыр.
Йæ къух æй амыдта бæлвырд,
Хæрдмæ цыди йæ фæндыл цырд.
Уæд æм мыдыбындзытау раст
Хæстæг амалджынтæ цыдысты,
Йæ сæрбос Думæйæн уыдысты,
Æмæ сæ хæзгултимæ баст.
Ширшов сæ сæрыл хаст æрцыд.
Уæд сын гадзрахатæн цы хъуыд!

44

Гæртам уæд цардæн уыд фæрæз.
Йæ хъару фесæфта компарти.
Йæ рæстаг тох – йе уый йæ хæс,
Фæлæ рæстаджы ном ныммарди.
Зюганов рацыди æргом,
Æхцайыл баивта йæ ном.
Æрмæстдæр мулк уыди йæ куыст,
Йæ зæххы сагъæстæй уыд хызт.
Цыма сæ зонд уыди хæццæ –

Хуыснæджы раздзогæй æвзæрстой,
Нæ бæсты тары ног æппæрстой.
Сæ дзойæ дуг уыди сæццæ.
Æгадмæ радтой ног сæ сæр.
Æниу æгадæй уыд фыддæр!

45

Мæ хæлар, раздæхæм ныр ног
Æмæ нæ хъайтартæм æркæсæм.
Уæд ма Султанмæ касти рог
Йæ фидæн. Иппæрд та – ирхæфсæн.
Нæ зыдта йе ‘рмдзæф уый цъаммарæн,
Кæй ис рæстаг тохæн ныммарæн,
Мæнгард кæй айсдзæни йæ фæнд
Æмæ кæй сафдзæни йæ фæд.
Гъе стæй нæ хуыснæджытæй иу
Фæндаг йæхи хуызæнæн ратдзæн –
Цæлтыл йæ хæзгулимæ баддзæн,
Нæ зондзæн уый та намыс циу.
Ус – Салтычихæйæн æмбал –
Æрцыд уæд партийы адзал…

46

Сæ фæнд æнцонтæй ивынц адæм,
Мæскуы æмткæй, æгас Уырыс –
Цæрын уæд нал фæрæзтой адæн.
Сæ уды нал баззади ныфс.
Гъе стæй, цыма фыдхинау раст,
Кавказмæ стыр фыдбылыз каст.
Уыд рагæй адæмæн æмбæрст –
Нæ уыди цæцæныл сæ хæст.
Бæрæг уыд – удызиæнтты аргъ
Кæмæндæр арæзта йæ фæндаг.
Цæмæй уæм Ельцинныл æууæндаг –
Сæ рæстæг ахæсса ма даргъ.
Æмæ кæй бауырндзæни уæд
Хæдбарæй й‘ ацæуыны фæнд.

47

Фыстæг фæсарæнæй æрцыд,
Уыдис дзы президентæн амынд:
«Ныр хъуамæ сæххæст уа нæ дзырд!» –
Æргъæвæн бардзырдæн ныр нал уыд.
Кæддæр сæм дзырд æрхауд Китайы –
Рæузонд та хицауæн кæм тайы –
Йæхицæй раппæлыди уæд:
Мæнмæ ракетæ ис! Кæсæд!»
Бæлвырд, нæ басгуыхти уый зондæй.
Æниу сын амыдтой кæмдæр…
Толстой сæ равдыста кæддæр:
Раст Филипоктæ удыскондæй.
Æлгъыстаг адæмæн сæ ном.
Фыддугæн радтой уыдон ком.

48

Æвæлтæрдæй цыдысты хæстмæ
Цæцæйнаг фæсивæд уæддæр.
Сæ фæнд уæд хицæуттæн фæрæстмæ –
Сæхи цард сæвæрдтой уæлдæр.
Нæма уыд ахæм цау зæххыл:
Рæстаг æфхæрд, рæстаджы хыл
Хуыснæг нæ баййæфта нæ дуджы.
Уæд дуне сæвдылдаид туджы.
Сæ арм уæд давыныл фæхæст и,
Æмæ цæмæй хъæздыг у æрдз –
Æмбисыл банцади йæ бæрц.
Сæ арм цæмæдæрид æххæсти –
Фæсарæн аивылд нæ ис.
Нæхи дзы нал фæци æрхъис.

49

Ныр та сæйраг сахары ногæй
Скæнын бахъуыди партком.
Куыстмæ дзы рæвналын уæнгрогæй,
Султанмæ балæууыд æнгом.

Нæ бодзтæн уый пайда кæм уыд,
Фæлæ уæдмæ уый конд æрцыд.
Султанæн разæй цыд йæ кад –
Цæттæ йæ парткомæн бынат.
Фæстæдæр ацыд даргъ-уæрæх.
Йæ зæрдæ хицауæн æрсасти.
Уый дис йæ хъузæттæм дæр касти.
Цы ‘рцыди – ацу ‘мæ йæ зæгъ!
Фæлæ кæмæндæрты та – маст,
Йæ сæфтмæ партийæн сæ каст.

50

Сæ фыдæх агуырдта фæндаг –
Ныр парти ауадздзæн фæндæгтæ.
Фыдлæг йæ сæнтты у уæндаг –
Фæзынди сахары æндæргтæ.
Æмæ æхсæвыгон æрцыд
Рæмыгъд нæ буц фæтæджы цырт.
Фæлæ фæивгъуыдта фыдзонд –
Бæлвырд, йæ фæнд нæ фæци конд.
Уæд фарст æрцыди хаст рæгъмæ.
Стæй цырт æрцыди ногæй арæзт.
Зыны ныр дæр – бæрзонд йæ ауæзт!
Реском дæр рæзыди, æмæ
Фæзынди зæрдæты дæр ныфс:
Сыгъдонæй растдзæни Уырыс.

51

Уыди фæззыгон бон уымæл.
Зейнап йæ рудзынджы раз бадти.
Мæгуыр, æфхæрд æмæ гæмæл
Йæ цурмæ иу сылгоймаг уади.
Йæ конд йæ ивгуыдыл дзырдта.
Бæрæг уыд – амонд æй сырдта.
Йæ цæсгом дзаг мæйау – фæлурс,
Йæ цæстæн бамынæг йæ рухс.
Æфтыдта сыхæгтыл дæр дис,

Бæлвырд, æцæгæлон йæ хуызæй,
Цыма йыл рацыди тыгъдызæй.
Фæлæ кæй æндæвта йæ рис!
Кæмæдæр худæгау дæр каст,
Цыма тыхæй кургæ у маст…

52

Зейнап уæд рауади йæ размæ,
Йæ зæрдæ уый фендæй фæрыст.
Лæууыд æм бæлццон дæр ныхасмæ:
«Хатыр, куыд зын мын у дæ рыст!
Зæгъ-ма, кæй фæд агурыс ам?
Дæуæн, мæ буц уазæг, салам!
Æз дын рæдау фысым, æмæ
Цу ныр мæ хатырæй хъæмæ».
Æдзæмæй аззади уæд уазæг,
Уысммæ æнæсдзырдыбон уыд –
Йæ разы буц æфсин лæууыд.
Бæлвырд йæ уды ныфс уæд рацæг.
«Дæу агурын – уыдис йæ дзырд, –
Мæ буц хъæбул – дæ фырты фырт…

53

Хъысмæтмæ æз нæ хæссын азым…
У иунæг а зæххыл мæ фырт,
Фæлæ зын фæндаг ис мæ разы –
Нæ дуджы азарыл мæ дзырд…
Куыстмæ нæ дарын туггарз æз,
Фæлæ дзы не ссарын фæрæз.
Нæ дзул, нæ дон æдзух – нæ мæт.
Бынтон нæ ауæрды хъысмæт.
Уæддæр мæхи рыстыл хъæцин.
Хъысмæты азымы нæ дарын.
Хуыцау æфхæры мæн – æмбарын.
Мæ фырт – мæ маст æмæ мæ цин.
Мæ уд дзы раскъуындзынæн ныр.
Дæ бар фæуæд, дæ фарн стыр.

54

Хъæуы йæ чысыл уды хъарм.
Уый у йæ фырт мæгуыр Хасанæн,
Æмæ йæм радаргъ кæн дæ арм,
Дæ фыртæн бароны нысанæн.
Фæлæ, бæлвырд, кæсы дæм дис,
Зæгъгæ, Хасанæн фырт куыд ис?
Æз ыл куыд фембæлдтæн, йе кæм?
Æвзонгæй абадти мыл къæм.
Уый уыд мæ фыццаг уарзты цин.
Хасан уыд арæхстджын æвзагæй.
Мæ зæрдæ рамбылдта йæ уагæй,
Гъе стæй æбæрæг сæфт фæци.
Хасан фæхъуыди, зонын, ныр.
Æргом дæм рацыдтæн – хатыр…»

55

Зейнап æм, дисгæнгæйæ, каст.
Рæстмæ дæр нал ардта ныхæстæ.
Фæлæ нæ дард бæлццон æваст
Фæуагъта йе ‘фсинæн йæ лæгъстæ.
«Бæлвырд, нæ уыд мæ фæндон раст?» –
Æнкъардæй загъта ‘мæ фæраст.
Зейнапæн райхъуысти йæ куыд,
Фæлæ уый цины цæссыг уыд:
«Мæ чызг, мæ уды тыхст ныббар.
Æз хъуыддаг афоныл нæ зыдтон,
Мæ мастæй царды фæнд нæ уыдтон.
Кæмдæр мæнæн уыди бындар,
Æз та мæ зæрыбонæн тарстæн,
Фæлæ мын ратт ды дзуапп мæ фарстæн:

56

Зæгъ-ма, мæ хъæбул ныр кæм ис
Æмæ цæуылнæ ис дæ цуры?
Æнкъары зæрдæйы йæ рис,
Æдзух мæ зæрдæ йемæ дзуры.

Ныр кæд фæуид мæ фæндаг раст,
Хæлар мæ хъæбулæн мæ уарзт
Æмæ хуыздæр амонд – йæ хай,
Æрмæст мын ма фæу тæргай.
Мæ фæдыл рацу ныр хъæмæ.
Уынын, куыд рафтыдтæ ды мæтæй.
Кæд дард нæ фæлидзай хъысмæтæй –
Æнцой ссардзынæ мæнмæ.
Фæнды мæ, сæххæст уа мæ дзырд,
Йæ зынтæй фервæза дæ фырт.»

57

Цы маст сын баззади Хасанæй!
Йæ галуан раджы уæй æрцыд.
Уый баци хъæздыджы асламæй.
Ныр у сæ хион – радта дзырд.
Æндæр ссардтой ныр хæдзар.
Æрвтыл нæ ныдзæвы йæ цар,
Фæлæ сæ зæрдæ – уарзтæй дзаг,
Фæллой кæнынц, æппæт сын фаг.
Цыппарæй бинонтæ цæрынц,
Фылдæр кæмæ æрхауди цинæй,
Нæу уый бæрæг – чындзæй, æфсинæй
Султанæй уыдон ард хæрынц.
Кæнынц сæ бындарыл цæрддзу,
Сæ царды фидæн ныр рæвдз у.

58

Султан куысты лæуд уыд æдзух –
Рескомтæ алы ран æвзæрста.
Æххæссыд бинонтæм дæр къух.
Нырма йæ фырты фырт цы ‘мбæрста,
Уыдис æртæаздзыд лæппын –
Нæ цыди йе ‘мгæрон æппын.
Цыма дзы фыды маст сыгъди,
Тæргай ныййарæгмæ лыгъди.
Зынтæн фæразаг уыд Султан –

Фæлмæн йæ бындары рæвдыдта,
Цыма йæ тæргæйттæ нæ уыдта.
Уыди уый рагæй дæр уæздан.
Ныр зæрдæ барухс ис йæ хурæй –
Æппындæр нал цæуы йæ цурæй.

59

Æмæ йæ сæрибар рæстæг
Æхцонæй уыимæ æрвыста.
Кæй уыд йæ зæрдæмæ хæстæг,
Гъе уый йæ рухс цæсгом æвдыста.
Зейнап дзы айрох ис куыддæр.
Йæ мæт – Амыраныл фыддæр.
Уыди ныр иумæйаг сæ хъазт.
Уый худæг сылгоймæгтæм каст,
Æмæ-иу, хъазгæйæ, кæддæр
Сæхи тæргайгъуызæй æвдыстой.
Сæ рæстæг хъæлдзæгæй æрвыстой.
Цы ма сын баззади æндæр.
Амыран уыд сæ рæзгæ цин.
Уыд фарн сæ цардæн та æфсин.

60

Фæлæ йæхион домы цард,
Æмæ сæм сидт уый ногæй размæ.
Хъысмæтæй чи баййæфта тард –
Сæ сагъæс уыдон азæй-азмæ.
Нæ адæм цас бавзæрстой фыд…
Рæстдзинад ныр сæ бæллиц уыд.
Фыдлæг сын рагæй уыд æлдар,
Ныр ногæй агуырдтой сæ бар.
Ныр сын фæндаг амонын хъуыд,
Цæмæй æмбарой, циу сæрибар,
Лæууой сæ раст фæндагыл фидар,
Фыдлæгтæй баззайой æвыд.
Сæ бар сын хъахъхъæнæг уыдис
Уырысы Адæмты цæдис.

*Уыдзæн ма*

# НОГ РАДЗЫРДТÆ

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# ГÆДУЛИ

Æвзагджынтæ дæр иууыл æмхуызæттæ не сты, ома æвзагджын лæгтæ. Сæ иутæ хуыздæр арæхсынц цыты уазджытимæ абадынмæ, уыцы сойыл цæуæгау цæудзæни сæ ныхас, æмæ уазджытæн, цыма раст сæ хъуырмæ царв æмæ мыды аирвæзтысты, уымæй уæлдай сæ цæсгæмттыл царды мæтæй ницыуал аззайдзæн.

Сæ иннæтæ та туджджынты бафидауын кæнынмæ сты дæсны. Уæллæй, се ’хсæн бацыдысты туджджынтæн, уæд сæ æфсымæртæ фестын кæнынц кæрæдзийæн. Сæ аннæтæ чи сты, æвзагджынты аннæтæ, уыдон та зианы уæлхъус раныхас кæнынмæ сты рæвдз. Дæ марды нал базондзынæ, ахæм диссæгтæ дын дзы радзурдзысты, йæ уæлхъус ныллæууыдысты ’мæ. Фæлæ дзы иу хъуыддаг ахæм ис, æмæ адон стæмдæр сты, ома зианы уæлхъус чи арæхсы ныхас кæнынмæ, уыдон, бирæ стæмдæр. Амæй стырдæр хъæу нал и, уæддæр дзы кæд разына бирæ-бирæ цыппар-фондз лæджы. Æндæр нæ.

Æмæ кадджын сты адæмы ’хсæн, тынг кадджын. Сæхиуыл дæр уымæн фервæссыдысты, æвæццæгæн, – уæдæ æндæр цæмæн! Цалынмæ сын де ’взаг цъиуы æвзаджы йас суа, уæдмæ дын ницæй тыххæй сразы уыдзысты. Æмæ цынæ 'фсон скæндзысты! Сæ иу зæгъдзæн: мæнæ мæ тугдадзинтæ ныддымстысты, æвзæр туг мæм и, уæлдай туг, æвæццæгæн, æмæ сæ кæцы кæд нытътъæпп кæндзæн, уый куы нæ зонын, уæд мæ афтæмæй куыд ныхас кæнын кæныс? Чи та йæ йæ дæндаджы ’фсон фæкæны. Мæ дæндагæй, дам, мæлын, дысон-бонмæ, дам, мæ сæрыхъуынтæ дæр фæтыдтон. Æмæ, дам, цытæ дзурыс – дæндаг, дам, куы рисса, уæд, дам, ныхасгæнæнтæйедтæ и!

Уалæ Гæдули чи у, Саусамтаты Гæдули, уый та йе стæгниз радавы. Цыма, лæг истытæ дзурдзæн, уымæ стæгниз цы бар дары! Фæлæ уымæ байхъус! Мæнæ, зæгъы, сармадзаны схъис куыддæриддæр ныссæдза, афтæ, зæгъы, ныссагъди мæ ронбасты æмæ ма, зæгъы, мæ дзых фæхæлиу кæнон, уый дæр мæ нал уадзы.

Фæлæ иу Хуыцау хорз у, æмæ уæддæр сразы вæййы, Гæдули, ома афсæнттæ кæны, стæй сразы вæййы. Æмæ дзæбæх раныхас кæны,

йæ тæригъæд лæджы нæ хъæуы, нæ бацауæрды йæхиуыл. Зианы хабар дуг æмæ рæстæгимæ абæтты, царды уавæрты кой дæр скæны. Афтæ нæу, нæ – уæдæ кæрæй-кæронмæ зианы кой кæна!

Дæлæ хъæуыбинаг Дзолборттаты Гæмси куы фæзиан, – мæрдты рухсы фæбадæд! – уæддæр нæ разы кодта:

– Мæ сæрæн нæ дæн, мæ сæрæн. Знон райсом æддæмæ куы рауадтæн, уæд мын уыцы судзгæ уæлдæфæй æгæр улæфт фæци. Мæ хурхыуадындзтæ адымстысты, æмæ уæдæй нырмæ сæ хыр-хырæй нал æнцайынц. Цыдæр кодта мæ хъæлæс. Ахæм æнамонды хабар лæгыл мауал сæмбæлæд! – йæ даргъ цæнгтæ фæйнæрдæм дард фæхаста Гæдули æмæ сæ йæ кæрцы фæдджитыл æрæппæрста.

Лæгтæй йæм иу нал фæлæууыд:

– Ныронг-иу де стæгниз радавтай, ныр та – дæ хъæлæс!

Гæдули йæ хурхыуадындзтæм сæвнæлдта, фæйнæрдыгæй сыл бахæцтытæ кодта йæ даргъ æнгуылдзтæй – йе 'нгуылдзтæ æрдæгæй æддæмæ бур-бурид адардтой тамакойы фæздæгæй – стæй йæ армæй йæ дзыхаууон акодта æмæ иуварс ахуыфыд.

– Арæппи, Гæмсийы тыххæй лæг куыд нæ зæгъид, фæлæ мæ хъæлæсы хыр-хыр цæуы, æмæ.

Уæд æм Мæргъуыдз йе 'ргом куы фездахид, зианджынтæн се 'рвад:

– Гæррæтт, бирæгътыл дæ нæ хъæр кæнын кæнæм! Сыхбæстæхъæубæсты номæй дыууæ ныхасы зæгъдзынæ, уымæй ницы 'рцæудзæн дæ хъæлæсыл.

Уæддæр ма йæ сæр атил-атил кодта фæйнæрдæм Гæдули, нæй, ома нæй, мæ бон нæ бауыдзæн, фæлæ мæ ныууадзут, ома. Æмæ йыл уæд уый дæр куы схъæр кæнид, Мæргъуыдз:

– Уæдæ нын æгомыгæй æрвитын кæныс нæ зианы!

Уыцы хъæр æй басаста.

Нæннæ, хъæр дæр хъæуы иуæй-иу ран.

Æмæ æвзæр нæ раныхас кодта. Уæлдайдæр, колхозы сæрдарæн кæм раарфæ кодта, Ахлæуæн, йæ раныхас уыцы ран бынтон фæцыд адæмы зæрдæмæ:

– Æвзæр заман ныл скодта, мæнæ хъынцъымгæнæг мæрддзыгой адæм. Сцыбыркъух стæм, нал иуæрдæм æххæссæм, нал – иннæрдæм. Фæлæ нын Хуыцау уыцы амонд радта, æмæ нæ колхозы сæрдар, нæ зын дæр чи 'мбары æмæ нæ хъыг дæр, ахæм уарзон лæг разынди.

Куыддæр нæ исчи фæцуды, афтæ йе ’нцой æрбалæууы. Абон Дзолборттаты стыр мыггаг цудгæ нæ – кæлгæ фæкодта: мæ фыдзæрдæйы мыггагæй ма Гæмсийы хуызæн лæгтæ Гæмсийы карæнæй цæуой се ’нусон дунемæ. Æмæ фыццаджы-фыццагдæр мыггагмæ, хæдзармæ йе ’ххуысы къух чи бадардта, уый уыди нæ колхозы сæрдар, нæхи Ахлæу! Уый хуызæн хуыскъ хъуг рафыста колхозæй, уыцы стыр пецы дзаг урс дзул сфыцын кодта. Æмæ хæрнæджы фынгæн йæ рахæцæн фыдызгъæл æмæ дзул сты, мæ хæдзæрттæ! Гъемæ дын, Ахлæу, не ’ппæты чи сфæлдыста, уыцы кадджын æмæ радджын Хуыцау уыцы ахъаз бакæнæд, æмæ дын цы кæстæртæ ис, уыдон урсбоцъо æмæ урсдадалимæ куыд фæцæрой!

Уыцы зæрдиаг ныхæстæ афтæ бахъардтой адæммæ, афтæ сæ базмæлын кодтой, æмæ сæ бирæтæй байрох, зианы уæлхъус кæй лæууынц, уый, гыццыл ма бахъæуа, сæ къухтæ ма фæхæссой æмæ ма нымдзæгъд кæной.

Йæхæдæг дæр разы уыди йæ раныхасæй Гæдули – куыддæр дзырд фæци, йæ къухтæ авæрдта Гæмсийыл æмæ иуварс алæууыд, афтæ тамако сдымдта æмæ дзы иу-цалдæр ахъаззаг улæфты ныккодта фæд-фæдыл.

Куыннæ-иу æм ныххатыдаиккой уый фæстæ иннæ зианджынтæ дæр! Æмæ-иу æм ныххатыдысты. Фæлæ-иу, цалынмæ иу-цалдæр хатты не ’рбалæууыдысты йæ уæлхъус, уæдмæ никуы сразы. Ноджы ма иу хъуыддагмæ йæ цæст дардта Гæдули: чи йæм хатыд, уыдонæй хъуамæ исчи бынтон æввахс уыдаид зианджын хæдзарæн.

Æмæ-иу дзæбæх ахæцыд йæ ныхасыл – хъæуы нæ, фæлæ-иу Ирыстоны арæнтæй дæр ахызт, суанг-иу далæ Мæскуымæ дæр ахæццæ. Дæлæ Дзæбæхлæг куы амарди, Мистъалаты Дзæбæхлæг, уæд бынтон акалдта йæ маст нæ Мæскуыйы хицауадыл:

– Бæстæ фесæфтой! Къаины фидар уыд нæ паддзахад æмæ йын йæ бындур ныззилын кодтой. Кæм цы цæстфæлдахæг æмæ къазнахор ис, уыдонмæ æрхауди хицауад, æмæ хынджылæг скъæрынц адæмæй. Лæг нал и нæ хицауады, мæ хæдзæрттæ! Уый йеддæмæ ма уым лæг куы уаид, уæд, уыцы бур гæды чи у, уый бæрны бакæн дæ паддзахады мулк! Хуызæй та кæд нæу Гитлеры хуызæн – цы йæ бецыкк афаст, цы йæ хъила фындз, цы йæ мæстæг былтæ! Хуыцауардыстæн, нæ мæ сомы кæнын кæнут, фæлæ ма ууыл Гитлеры рихитæ асадз, уæд дзы зæхмæ мур не ’руадзид, ивддзæгтæ кæникkой

кæрæдзийæ. Иннæ ахæм, уыцы хæсгæ хъыбыл! Арсены фыст куы у, Коцойты. Уым сауджын Гигойæ цы куадзæйнаг хъыбыл асайдта, уый мын кæд не 'рбалæууын кæны мæ зæрдыл, уæд мыл мæ куадзæн мауал æрцæуæд. Хъуамæ йæ гогора сæр радав-бадав сиса, цыма йын ыл хъæддаг дыдынты æвзæн æртымбыл и, уый хуызæн. Реформæтæ, дам уын аразæм, æмæ нæ сыдæй мæлынмæ æртардтой. Цыма сын реформæтыл куыдтам! Иу та дзы æнтыды гарз и! Стыр кæлæтджыны нытътъæбæза, афтæмæй йæ ныхæстæй иуæн йæ фæстаг æрдæг анюхъуыры, иннæмæн – йæ раззаг æрдæг, æмæ, кæд исты зæгъынмæ фæхъавы, уæддæр ын дзы ницуал сбæрæг вæййы. Æмæ се 'ппæт дæр, уæле чи бады, уый аххосæй сты уым, уыцы кæлдымы аххосæй. Уый фыдбылызтæ нын сты адон иууылдæр, мæнæ зианмæ æрцæуæг, хъынцъымгæнæг адæм! Кæлдым у æмæ пыс-пыс кæны Кремлы сыгъдæг бынæтты, судзгæ куыд скæна!

Æмæ йын тынг разыйæ баззадысты адæм йæ раныхасæй. Сæ иуæй-иутæн ма сæ сусу-бусу дæр райхъуыст:

– Æмæ сын цы мæнг зæгъы! Уæдæ ныр хицау дæ, æнæхицау дæ фæуæм, уый тыххæй хъуамæ дæхи гуыбыны аирвæза паддзахады фæллой иууыл! Æмæ иннæтыл дæр гуыбынтæ и!

– Хорз сын фæци, кæд сын бæсты ацæуа, уæд.

Пинаты Мосе чи у, дæлæ æрвдзæф акъацийы цур чи цæры, уый та афтæ дзырдта йæ сыхаг Мамытджерийы хъусы:

– Ныр а бур гæды кæмæй зæгъы, уый гыццылтæ æмбарын. Хæсгæ хъыбыл кæй хоны, уый дæр хатын. Фæлæ цымæ æнтыды гарз кæмæй зæгъы, уый та сæ кæцы уа? Ды дæр ын ницы зоныс, чи сæ уа уыцы æнтыды гарз? Афтæ дæ уымæн фæрсын, æмæ иууылдæр тæнджын сты – хæрынц æмæ!

Мамытджери, цыма йын исчи, йæ къæхтыбынмæ чи æххæссы, ахæм кæрц балæвар кодта, уыйау йæ сæр æхсызгон анкъус-анкъус кодта, уæле бынмæ. Мосейы ныхасмæ дæр не 'рлæууыд йæ сæр æнкъусынæй, афтæмæй загъта:

– Уый сæ зоны – æнтыды гарз сæ чи у, уый дæр зоны æмæ сæ кæлдым чи у, уый дæр. Фæлæ мæм дис кæсы, стыр дис – кæм базыдта дзурын а Гæдули? Искуы ахæм дзырдарæхст лæг федтай, дæ дзæбæх фыд Зурабийыстæн?

Æмæ уæд афоныл йæ къухы нæ бафтыд Гæдулийæн Ахлæуæй раппæлын. Уымæн æмæ æгæр адард æмæ цæхгæр фæзилынмæ нал

фæцарæхст, мæнæ иуæй-иу æвæлтæрд шофыр йæ машинæ фæзилынмæ куыд нал фæцарæхсы, афтæ. Фæндгæ та йæ тынг кодта, йæхи ма æрбаивæзта. Æрбаивæзта, фæлæ нал æрбаххæст дзæбæх, нал сахадыдта йæ ныхас. Æмæ ма, æниу, ахадгæ дæр куыд скодтаид! Далæ Мæскуымæ ахæццæ у, уым куыдзы къахæй ныннæм хицауады, стæй цæхгæр ныззил æмæ колхозы сæрдарæй æппæлынил ныццæв дæхи! Уæддæр ма йын скæндтытæ кодта йæ хорзы кой:

– Ныр у, æмæ нæ стыр Хуыцау уыцы тæразы бафтауæд, æмæ-иу нæ зыны сахат кæрæдзимæ æнгом куыд æрбалæууæм. Мæнæ нæ колхозы сæрдар Ахлæу æгас хъæуыл йæ арм дары, хорз хæдзарддзин лæг йæ бинонтыл куыд дара йæ арм, афтæ, æмæ нын йæ ныфс Хуыцау макуы байсæд! Не знæгты фæндиаг куыд никуы фæуæм, уыцы амонд нæ уæд!

Фæстаг хъуыдыйад дзы бæргæ нал хъуыди. Мæнæ, знæгты фæндиаджы тыххæй кæй загъта, уый, фæлæ, æвзаг дæр куы бацырын вæййы, уæд ма лæджы фæфæрсы!

Æмæ нæ цыди йæ зæрдæмæ йæ раныхасы къуди. Нæ рауади Ахлæуы аккаг. Дзæбæх ныхас зæгъдзынæ, раппæлдзынæ, уымæй де ’рдæг нæ ахаудзæн, уымæн та æхсызгон уыдзæн. Дзæбæх ныхас хъыг кæмæн хъуамæ уа! Уый йæ зæрдæмæ айста Гæдули æмæ, уартæ Джетæгъæзыл трактор куы афæлдæхт, къуыппысыхаг Сапандранатты Джетæгъæзыл, уæд бирæ хатын нал бауагъта йæхимæ. Кæрты хицау Дзебекка йæм куыддæр йæхи бакъул кодта, зианджынты, дам, афтæ фæнды, ды куы зæгъис сыхбæсты-хъæубæсты номæй, уæд ма скъæрцц кæна:

– Зæгъдзынæн, цæуылнæ зæгъдзынæн. Йæ мæгуыр бинонтæн сæ туг сæ цæстæй мизы, мах та нæхиуыл фæйнæрдæм куы ахæцæм, уæд нын уый æгъдау уыдзæни!

Дзебекка ма йæм кæсынтыл дæр фæци. Уæдæ иннæ хæттыты кæд æмæ кæд сразы вæййы, ныр ма йæм исчи акæсæд! Йæ цæрæнбон бирæ уæд, хъуыды кодта Дзебекка, æвæццæгæн мæ фефсæрмы. Уый хорз у, уый æвзæр нæу, æгайтма лæджы исчи нымайы.

Æмæ ныр дард нал авнæлдта – куы та адзæгъæл уа æмæ та фæстæмæ разилын йæ къухы куы нал бафта, уымæй тарст. Æмæ афоныл райдыдта Ахлæуы кой:

– Уый фæрнджын хæдзары райгуырд, уый фæрнджын мад æмæ фыд схъомыл кодтой. Уæхæдæг мæнæй хуыздæр зыдтат Дзарасте-

мыр æмæ Елбачионы. Сæхицæй кæрдзындæттондæр æгас хъæуы нæ, фæлæ æгас районы дæр нæ уыди, мæ зæрдæ цы зæгъы, умæй. Æмæ сæ фарн семæ нæ ахастой мæрдтæм Дзарастемыр æмæ Елбачион, фæлæ йæ ныууагътой сæ кæстæртæн. Уыцы фарнæй хайджын у, гъе, Ахлæу дæр. Умæн æрбалæууы нæ алы тыхсты нæ уæлхъус, умæн фæхъынцъым кæны нæ алы хъынцъымы нæ фарсмæ. Æмæ алкæй сæрдартæ афтæ кæнынц? Æппындæр нæ кæнынц афтæ, кæд мæ фæрсут, уæд. Ахæм сæрдартæ ис, æмæ йæ тæфтыл дæр нæ ацæуы зианæн, мæн, дам, не 'вдæлы, мæн, дам, хъуыддæгтæ и, цыма иннæ адæм сæ фыр æвдæлонæй æрæмбырд вæййынц! Æмæ мах дæуæй куыд бузныг стæм, о Ахлæу, афтæ бузныг дæ уæд, дуне чи сфæлдыста, уыцы кадджын æмæ радджын Хуыцау!

Мæрддзыгой адæм хъуыдытыл фесты – цæмæн афтæ æппæлын байдыдта Гæдули колхозы сæрдарæй? Уæдæ Джетæгъæз йæ гыццылæй фæстæмæ нæ рахызт уыцы тракторæй, йæ мæлæт дæр ма умæй куы ссардта, уæд цас диссаг у, æмæ йын йæ хæрнæгæн колхоз иу стур ратдзæн æмæ йын иу пецы дзаг дзул сфыцдзæн! Æнæуи арфæ ракæнын æмбæлы сæрдарæн, куыд нæ йын æмбæлы, фæлæ йын йæ хæдзарвæндаджы тæккæ рæбынмæ кæдæм æвналыс! Кæд дзы исты куыст æркурын и йæ зæрды? Æмæ йын уартæ комæй кургæ куыст куы и! Уым хуыйджыты хъарм тыргъы схуысс æмæ фынæй кæн, æмæ та йын мæйы кæрон йæ улупа йæ къухмæ банымайынц. Уæдæ йе 'фсымæрæн исты агура, Бердыхъойæн, æмæ ма йæ цы хъæуы – уый хуызæн куырой! Райсом афтид уæрдон ныттулы йæ разæй æмæ йыл изæры бур голлаг ссад стеу-теу кæны йæ хæдзармæ. Мæнæ, дам, згъæлæнтæ-йедтæ расæрфтон мæ хъыбылтæн.

Дзæбæх згъæлæнтæ сты!

Æмæ-иу гуырысхойы бахауд æгас хъæубæстæ.

Джетæгъæзы мардæй цалдæр боны рацыди нымадæй, æмæ уалæ уæлæсыхаг Химанты Абырæг куы æрбамæлид. Æхснырсæг ыл бахæцыд йæ сыхаг Пирузæй, æмæ æхснырсæджы хуызæн æхснырсæг дæр куы уыдаид, уæд бæргæ! Куы-иу æрæхснырста, уæд-иу уартæ куыройы сыхмæ хъуыст. Йæхæдæг фервæзти Пируз, фæлæ Абырæг амарди. Амарди, уæд мард йе 'гъдæуттæ домы. Æмæ та дын сыхæгтæ иу-цалдæрæй куы æрлæууиккой Гæдулийы уæлхъус.

– Уæ Гæдули, дæ рын бахæрæм! Нæ зиан нын сфидауын кæныс алы æмæ алыхатт, æмæ афтæ æнхъæл ма у, мах ницы 'мбарæм.

Æмбарæм дын де стыр фыдæбон. Æмæ та иу-дыууæ ныхасы зæгъ хъæубæсты номæй мæрддзыгой адæмæн. Уыцы хорзы бацу зианджынтæн. Махæй дæр уыйас фефсæрмы у.

Гæдули нæдæр «о» загъта, нæдæр «нæ». Лæууыд, æмæ лæгтæ джитæнтæ байдыдтой – не сразы уыдзæн. Æфсон агуры – уыыл хъуыды кæны. Æмæ ма сын чи сразы уыдзæн, ай куы ныууоцани кæна, уæд? Нæннæ, алкæмæ дæр хардзау кæсы, ома фыццаг бæхджынтыл æрзилынц, стæй та сæ тъæпп фистæджытыл фæцæуы. Бустæты хай бакæнынц, чи сæм бахаты, уыдоны. Æмæ старстысты лæгтæ, тынг старстысты. Фæлæ Хуыцау ныддæлæ-уæлæ кодта, æмæ сразы Гæдули. Фыццаг йæ тамако ссыгъта, дзæбæх дзы сулæфыд, стæй загъта:

– Зæгъдзынæн, цæуылнæ зæгъдзынæн. Дзуары хуызæн лæг уыди Абырæг. Æмæ йæ уынджы къæйыл кæм ныууадздзыстæм æмæ раныхасгæнæг агурынмæ кæм фæцæудзыстæм фæйнæрдæм!

Æмæ дзæбæх раныхас кодта ацы хатт дæр, тынг дзæбæх. Раппæлыди Абырæгæй, хæсты куыд хъæбатырæй хæцыди, уый тыххæй радзырдта. Стæй куы 'рцыд, уæд æй куыд æрцахстой, уацары кæй бахауд, уый тыххæй æмæ йæ Сыбырмæ куыд ахастой. Уым цы хъизæмæрттæ федта, уыдон дæр сын, раст цыма йемæ уыд, афтæ лæмбынæг фæнымадта. Æмæ йæ иу-дыууæ-æртæ хатты ныллæууын бахъуыд йæ ныхасæй – сæхи-иу нал баурæдтой мæрддзыгой адæм. Кæмæн-иу сæ йæ богъ фæцыди, чи-иу йæ кæуын тыхурæд ныккодта, æмæ-иу ын хуыфынмæ асайдта, æмæ афтæмæй ныхасгæнæн и! Абырæджы хабæртты фæстæ дуг æмæ рæстæджы кой ракодта æмæ та колхозы хъуыддæгтæм рахызт:

– Ныр у æмæ, дам, мæсты дзураг у, стонг – хæраг, мæнæ хъынцъымгæнæг адæм. Æмæ куыннæ уа лæг мæсты, кæд æмæ нæ колхоз чи у, нæ колхоз, уый сæфты къахыл ныллæууыди, уæд! Нæ сæрдар, цыдæриддæр нæ хъæуы цæстфæлдахæг æмæ хахуыр лæгæй зыдта, иууылдæр сæ йæ алыварс æрæмбырд кодта, æмæ йын уынаффæгæнджытæ систы. Уыйадыл, йæ гыццылæй фæстæмæ зæрдиаг фæллой чи фæкодта колхозы, уыдонæн дзы бынат нал и. Раст æмæ цæсгомджын лæг чи у, уый ист цæуы йæ куыстæй. Æмæ уыдоны бынæтты йæхиуæтты тъыссы нæ сæрдар, бæззы дзы – нæ дзы бæззы, зоны дзы кусын – нæ дзы зоны, уыдæттæм  айбæрц дæр каст нæ цæуы, ай. – Гæдули йæ хистæр æнгуылдзы ных йæ фæсдæндаг

фæцавта æмæ йæ ахъаззаджы къæрцц ракодта æддæмæ. – Фæхъал и Дзарастемыры фырт, æндæр дзы иу дæр нæй æмæ иннæ дæр, мæнæ хъынцъымгæнæг адæм. Æмæ тæрсын, стыр тарст кæнын, нæ колхозы фæллой барджынты хъуыры куы аирвæза, иннæтæ та ихы сæрыл куы аззайой – мæнæ мæ хуызæттæ, мæнæ сымах хуызæттæ. Цæрæнбонты халгай цы колхоз æрæмбырд кодтам, нæ къухты фыдтæ кæуыл фæхордтам, уыцы колхозæй афтидæй куы аззайæм, уымæй тæрсын, гъе!

Мæрддзыгой адæм зæхмæ ныккастысты: æрæджы дæр ма æппæлгæ куы кодта Ахлæуæй, уæд фæрæтвæлдæхт фæци ацы лæг?! Ахлæу кæимæ лæууыд, колхозы сæрдар, уыдон-иу æм фæрсæджы каст бакодтой, уый дæр-иу сæм бакаст, – афтæ ницызонæджы каст, йе 'рмттæ-иу уæлгоммæ сфæлдæхта, йе уæхсчытыл-иу уæлиау схæцыд, тынг уæлиау.

– Ныр, дам, мардаудæг æмæ зæдаудæгæй уæлдай нæй, æмæ уыл хæрзаудæн фæкæнæд Абырæг, кæдæм æй æрвитæм, уыцы сыгъдæг ранæй, – Абырæгыл йæ къухтæ авæрдта æмæ иуварс алæууыд Гæдули.

Гæдулимæ чи бахатыд, уыцы лæгтæ иуварс лæууыдысты. Сæ иу, цыбыркъах гуыбынджын лæг, йæ кæрцы тæрттыл æрбахæцтытæ кодта æмæ йе 'мбалмæ – иу даргъкъубал тæнтъихæг лæгмæ баздæхт:

– Цы рауади ацы лæгмæ, нæ сæрдары хорзы койæ фылдæр-иу куы нæ уыд иннæ зианты?

– Æз уый нæ зæгъын! – Цыма йын йе 'фцæггот уынгæг уыд, уыйау йæ даргъ къубал хæрдмæ сивæзтытæ кодта уый. – Ибон ма дзы, мæгуыр, Джетæгъæзы зианы дæр цы 'ппæлдтытæ фæкодта!

– Гъомæ йыл ныр цы бындз фæхæцыди?!

– Ницы йын зонын, стыр Хуыцауыстæн. Кæд æм йе 'фсымæры тыххæй бахаста маст, Бердыхъойы тыххæй.

– Æмæ цы кодта Бердыхъо?

– Кæнгæ та цы хъуамæ кодтаид, фæлæ дæлæ куыройы хицауæй нæ куыста, мæнæ лæхургæ чи кæны, уыцы куыройы хицауæй.

– Куыста 'мæ цы?

– Цы, куы зæгъай, уæд ма дзуллагыссæн куырой дæр нæ балхæдта нæ сæрдар…

– Хорз куырой балхæдта, стыр хорз куырой! – лæджы ныхас фескъуыдта цыбыркъах. – Фервæзын нæ кодта нæ мæнæуы муртæ

ралас-баласæй. Уас æй Хуыцау саразæд!

– Ныр мæнмæ хъус, – ныхас фæстæмæ айста даргъкъубал. – Уæд а Ахлæу бамидæг и æмæ дыууæ куыройæн иу хицау баурæдта. Уæдæ сæ фæйнæ-фæйнæ хицауы цæмæн хъуыди, исты æрмгуырæйттæ нæ уыдысты æмæ сæ къухæй зилын нæ хъуыд! Ток сæм раскъæр æмæ зыррытт кæной. Иу агъуысты бын сты, æндæр сты.

– Æмæ сын кæй баурæдта хицауæй?

– Сахъманы.

– Сахъман къухджын лæг у, стыр къухджын лæг у Сахъман. Гæр, æмæ уый тыххæй куыйты хæринаг кæдæм кæныс лæджы ай æппæт адæмы æхсæн! – Йæ къухтæ кæрæдзийыл æрцæйцавта цыбыркъах, фæлæ йæхиуыл фæхæцыд æмæ йæ къухтæ йæ дзыппыты нытътъыста фæстæмæ. – Куырой йеддæмæ ма исты у!

Даргъ къубал кæмæн уыд, уый йæм иу дзагъул фæкодта:

– Æмæ куырой цы хонис ды? Уартæ ма йын йæ хуыты дзугтæм бакæс, кæддæра афтæ нæ зæгъис: афтæ цард дæ сæры, уыдон иу хæдзары цы сты. Уыцы гæррыты хуызæттæ дуарæй куы ракæлынц, уæд азмæлæнтæ нал вæййы уынджы. Æмæ сæ цæмæй хаста, дæумæ гæсгæ? Гъей лæппу, куыроймæ ды хырттым-быртттымы цæстæй ма кæс!

Кæрцджын чи уыди, уый, æвæццæгæн, хырттым-быртттым куыд æмбарын хъуыд, уый дзæбæх нæ бамбæрста – иу каст зæхмæ æркодта, иннæ каст лæгмæ бакодта, фæлæ йæ рафæрс-бафæрсыл не схæцыд: ахæм ран нæ лæууыдысты. Æмæ уæд загъта:

– Гъомæ ныр йе ’фсымæрмæ куырой нал æрхауд, уый тыххæй ахæм ныхас ракæнын хъуыд кæйдæр зианы уæлхъус! Пуй, мæ куыдз дын дæ кæрдзын бахæрæд, кæд ды лæг нæ дæ! Уæдæ, мæн тыххæй цыфæнды кæнæд Ахлæу, фæлæ нæ алкæмæ куырой кæцæй æрхаудзæн æмæ нæ куырой кæмæ не ’рхауа, уый хъуамæ ахæм ныхæстæ кæна, умæй дæр искæй зианы уæлхъус! Ныр-иу дзы æппæлгæ куы кодта, уæд-иу дзы, æвæццæгæн, уымæн æппæлыд – уадза куыройы Бердыхъойы, ма йæ дзы сиса! Ныр уымæ бацу, Гæдулимæ, æмæ йын афтæ зæгъ: ацу, зæрдæхудт фæу! Уæд ын нæ хъæуы?!

– Хъæугæ та йын куыннæ кæны, куыннæ! Фæлæ йæм исты сдзурдзынæ, æмæ иннæ хатт йæ къæхтæ ныццæвдзæн æмæ нал раныхас кæндзæн. Умæй тæрсы лæг, гъе! Цъус сты адон, цъус, хæрз цъус сты, зианы уæлхъус раныхас кæнын чи фæразы, уыдон.

Дæхæдæг ахъуыды кæн: дæ зианы уæлхъус иу мыхъхъмыхъгæнæджы кæм бафтаудзынæ ныхас кæныныл. Æмæ сысхъæл, схъал сты. Цы сæ фæнды, уый дзургæ дæр кæнынц, цы сæ фæнды, уый кæнгæ дæр кæнынц. Уæдæ!

Кæрцджын та йæ къухтæ сцæйласта йæ дзыппытæй, æвæццæгæн та йе ’рмттæ æркъуырынмæ хъавыд, фæлæ та афоныл фæхæцыд йæхиуыл – дзыппыты ныууагъта къухтæ. Æрмæст ма æвæрæз лæджы хъæлæсæй бакодта:

– Мæнæ Хуыцауы диссæгтæ, мæнæ!

# ДЗАТТЕЙЫ ДУРТЫ ЦÆНД

*Хъайтыхъты Азæмæты номарæн*

Дзатте фыццæгæм уæладзыджы цард æмæ сфæнд кодта йæ хæринаггæнæны бын уæрм скъахын. Уæдæ хæдзары куы нæ уа уæлдай къуым, куы нæ уа мæнгагъуыст лæгæн, уæд кæм дæ хуыскъаг дзаума æрæвæрдзынæ, кæм дæ хæринаджы муртæ æрæфснайдзынæ!

Æмæ, кæд бынтон горæт нæ уыди, Дзатте кæм царди, уый – æрзæткъахджыты горæтгонд уыди – уæддæр дзы цæй уæлдай къуым уыд! Уæдæ мæнгагъуыстæн та йæ ном дæр ферох ис уымы цæрджытæй – хæдзæрттæн дзы куы нæ уыди нывыл бынæттæ, æмæ сæ кæрæдзимæ тигъ-мигъы куы лæууыдысты хæдзæрттæ, уæд!..

Кусгæ шахты кодта Дзатте. Уымæн йæ цар куыд не 'ркæла, уый тыххæй быцæуттæ чи æвæрдта цармæ, уыдонимæ. Стæй ма, сæ горæтгонды цы адæмон театр уыдис, уым дæр хъазыд. Худæджы рольтæ йын дзы лæвæрдтой, æмæ-иу адæм сæ гуыбынтыл хæцынмæ æрцыдысты фыр худæгæй. Æнæуи дæр хъæлдзæг лæппу уыди, æнæзивæг лæппу, æмæ йæ бирæ уарзтой йæ алыварс цæрджытæ.

Уæрм къахын цы бон райдыдта, уыцы бон йæ уæлхъус æрбалæууыдысты йе ’мбæлттæ иу-цалдæрæй. Исдугмæ хорз цыди сæ хъуыддаг – уыцы змисхæццæ мæр уыди, æмæ йæ къæдз белтæй фæйлыдтой лæппутæ уæлæмæ. Фæлæ куыддæр уæраджы фæтасæнтæм ныкъкъахтой уæрм, афтæ белы дзыгъал-мыгъул ма ссæуа дуртыл! Æрысгæрстой йæ, æмæ, мæнæ, хæндыг цыхтæй куыд байдзаг кæнай, афтæ дзы иу дур иннæйы уæлæ æвæрд куы разынид. Кæд дзы уый размæ дæр уæрм уыди кæддæр, хæдзар дзы куы нæма

уыд, уæд, æмæ йæ стæй дурæй байдзаг чындæуыд, уый йеддæмæ уанцон дурцæнд нæу!

Урс-урсид тымбыл дуртæ, раст уырыссаг насы хуызæттæ, игæргъуыз тъæпæн дуртæ, дзыгъуыр сус дуртæ – æмæ дзы цынæхуызон дур разынд! Лæггуыфгонд хæссæнмæ сæ 'вгæдтой лæппутæ æмæ сæ æддæмæ хастой. Уым сæ хиды могоры хуызæн тымбыл цæнд ныццамадтой. Изæры сын Дзаттейæн йæ бинойнаг Фырдæуыз фынг æрæвæрдта. Се 'нæзонгæ нæ уыди Фырдæуыз дæр. Уый та фабричы куыста, æрзæтыссæн фабричы, æмæ ма ноджы кафджытæм цыди. Симды æппæты разæй симдта – бæрзонд, гуырвидауц, æмæ-иу ын адæм сæ цæст æрæвæрдтой йæ тасгæ-уасгæ симдыл.

Абадтысты лæппутæ, ахордтой, ахудтысты æмæ апырх сты. Цæнд баззади. Æмæ 'нхъæлмæ касти Дзатте – мæнæ йæ зонгæ шофыртæй исчи фæзындзæн, хæдæвдæлонгæнджытыл чи кусы, уыдонæй. Сыхы лæппутæм фæдзурдзæн, цæнд бавгæндзысты, стæй дæлæ донибыл искуы фæхъил кæндзæн шофыр йæ гуыффæ, æмæ – фæци. Фæлæ ничи зынд зонгæ шофыртæй, æмæ лæууыди цæнд.

Иуизæр куыстæй куы 'рцыди æмæ Культурæйы хæдзармæ куы рараст, уæд та фездæхти цæндмæ, – куыд нæ йын æнтысы йæ аласын! Уыйæппæт зонгæ шофыртæ æмæ сæ иу куыд нæ æрбауайы ауылты: йæхæдæг сæ куы нæ зæгъа искæмæн, уæд афтæмæй – ницы. Тæккæ а зæр – уым сæ мачи уа, Культурæйы хæдзары, уый гæнæн нæй.

Афтæтæ хъуыды кодта, æмæ, Таучелон йæ фарсмæ куыд балæууыд, уый нæ бафиппайдта, – дæлæ сæм йæ даргъ чъылдым чи сыздæхта, уыцы хæдзары чи цæры, уыцы Таучелон. Йæ сиахс сæм мидæгмоймæ куы бацыд. Йæ чызг та, шахтæмæ чи араст вæййы, уыдонæн цырæгътæ уарæгæй куы кусы.

– Де 'зæр хорз уа, мæ дзæбæх сыхаг! – уæздан-уæздан бадзырдта Дзаттемæ Таучелон.

– Кæй изæр у, уый хорзæх дæ уа, Таучелон! – бацин кодта усыл Дзатте. – А фæстаг бонты дыл мæ цæст куы не 'рхæцыд. Рынчынæй дæ Хуыцау бахизæд.

– Рынчын бæргæ нæ уыдтæн. Далæ Змелкæмæ ныууадтæн. Уым мæ хойы лæппу æнтыдласæныл кусы, æмæ мын, зæгъын, кæд иу боцкъа æнтыдæн исты амал скæнид.

– Æнтыд, зæгъыс? – Дзаттейæн йæ дыууæ æрфыгæй фыццаг иу фæкъæдз и, стæй – иннæ.

– Æнтыд, зæгъын, уæдæ кас зæгъын! – хъыг фæкаст Таучелонмæ, Дзаттейæн йе ’рфгуытæ кæй фæкъæдз сты, уый.

– Æмæ дæ цæмæн бахъуыд æнтыд? Хъуг ма балхæнай?

– Ныууадз мæ мæ мæгуырыл, уый дын хъуг æмæ къамбец!

– Уæдæ? – йæ дис нæ къаддæр кодта Дзаттейæн.

– Ауæй йæ кæнин. Фос чи дары, уымæн æнтыд хæзна у. Æмæ дзы лæг дыууæ капеччы æрæвæрид йæ къуымы. Кæннæуæд махæн нæ хæдзары дымгæ зилы. Нæ бинонтæ сæ мызды капеччытæ нæма райсынц, æмæ афтидгуккæй аззайынц – сæ хæстыл сæ байуарынц.

– Æмæ?

– Цы – æмæ? – йæ къухтæ йæ чъылдыммæ айста Таучелон, фæлæ, цыма кæрæдзи не ссардтой къухтæ, уыйау йæ фæрсты æрбахъеллау кодтой размæ.

– Æрбаласдзæн дын æнтыд?

– Æвзæр фестæд! Кæм разы кодта! Æмæ, зæгъы, уырдæм кæд схæццæ уыдзæн уыцы уæззау машинæ. Æмæ, зæгъы, стæй колхозы хъуццытæ ме ’рцыдмæ цы хæрдзысты?! Цыма сын мæ цæф у уыцы хъуццытæн! – Таучелон цъус æнцад алæууыд, стæй йæ къух æртхъирæнгæнæджы тылд ныккодта комы 'рдæм. – Уæдæ ма мын ма 'рбаласæд, кæддæра йæ судзгæ æлгъыстæй нæ бахæрин! – Стæй йæ цæстытæ цæндмæ фæцарæзта Дзаттейы фæрсты. – Ай дын циу, ацы цæнд? Кæцæй ракалдтай уыйæппæт дур?

Дзатте дæр бакасти цæндмæ – цæнд уыцы дзæбæх тымбыл амадæй лæууыд, æмæ Дзаттейы сæры смидæг ис иу æнахуыр хъуыды: цæй æмæ асайа Таучелоны! Уæдæ кæдæм ныххæццæ далæ Змейкæмæ? Цæй æнтыд ласын кæны йæ хойы лæппуйæн уырдыгæй ардæм! Æмæ загъта уыцы сабыр хъæлæсыуагæй:

– Æрæмбырд сæ кодтон.

– Цæмæн дæ бахъуыдысты? – дыууæ цыбыр къахдзæфы бакодта Дзаттейы 'рдæм Таучелон.

– Ауæй сæ кæнон.

– Дуртæ – уæй?! – Таучелон йæ дыууæ 'нгуылдзæй гæрзтæлхъивæны хуызæн ацарæзта æмæ сæ йæ фындзы цъупп ацахста.

– Уæй, уæй. Уæртæ К.А.Х. æлхæндзæн дуртæ, æмæ…

– К.А.Х. та циу? – ныр та иу стыр къахдзæф бакодта Дзаттемæ Таучелон.

– Уæртæ капиталон арæзтады хайад цыбырæй афтæ хонынц –

К.А.Х. Айразмæ мын, сæ хицау чи у, Индырби, уый йæ уд фæфæдзæхста, дур, дам нæ æхсызгон хъæуы, æмæ, дам нын мæнæй уый иу-дыууæ машинæйы самал кæн. Дзæбæх, дам дын бафиддзыстæм.

Таучелон ныр та цæнды 'рдæм бакодта иу стыр къахдзæф.

– Гæр, æмæ а бæстæ дурæй сæфт куы у, уæд æлхæнгæ цæмæн кæнынц дур? Кæдæмфæнды баскъæр машинæ æмæ сæвгæн, цы хуызæн дæ хъæуы, ахæм дур.

– Нæ, Таучелон, алы ран ахæм дур нæ сæвгæндзынæ. Бакæс-ма сæм – дуртæ нæ, фæлæ – титыччы фæрдгуытæ! Уыдон цы къулы самайай, уый цæхæртæ ма скала!

Таучелон æнкъардæй касти цæндмæ:

– Æмæ ма уæд цы боны хорзмæ кæсыс, цæуылнæ сæ уæй кæныс?

– Цæуылнæ куы зæгъай, уæд сæм æхца нæма и. Мæн та æхца хъæуы, æрмæджы æхца. Уæдæ сын ныр уый хуызæн дуртæ сæ фыццаг скæн, стæй сын «æри-æри» кæн!

Таучелон йæ сæр хæлæггæнæджы æнкъуыст кæнын байдыдта. Дзатте та-иу æм йæ цæсты кæронæй бакаст.

– Иу ахæм ма куы бамбырд кæнин, уæд уал мын иу дзæбæх машинæ уаиккой æмæ мын исты райсиккой.

Таучелон ма чысыл алæууыд, стæй цæнды алыварс æрзылд, цыма йæ мæрдтæм фæлдыста, уый хуызæн, æмæ йæ 'ненкъуыса цыдæй сæхимæ фæцæуыныл.

Дзатте йæ фæстæ каст, бахудти-иу æмæ та-иу фæурæдта йæ худын.

Нæй, не 'фтыди машинæ йæ къухы. Куыстæй-иу куы 'рбацыд, уæд-иу, кæд Культурæйы хæдзармæ нæ тагъд кодта, уæд-иу уынджы баззад, хаттæй-хатт-иу æм абадын дæр æрцыд, æмæ-иу уæд, дæлæ цæнды рæбын цы игæрхуыз дур ис, ууыл æрбадт. Уыцы цыппæрдигъон лæгъзсæр дур – хуыздæр ма цæуыл абадтаид лæг!

Афтæмæй та иу фæссихæртты йæ зæрдæ æрбадын куы 'рцагурид Дзаттейæн. Игæрхуыз дурмæ сыдз-мыдзы бацыд æмæ йæм сындæггай йæхи æруагъта. Ныггуыбыр ахъаззаг, фæлæ, марадз, зæгъай – кæд хæццæ кодта дурмæ. Æмæ уæд уыцы гуыбырæй йæ сагæхты фæстæмæ куы акæсид. Акасти æмæ – дурæн йæ кой дæр нал, стæй, йæ фарсмæ цы дуртæ уыд, уыдонæй дæр бирæтæн кæд æмæ уыдысты сæ бынæттæ афтид. Æмæ афтæ, йæ сагæхты фæстæмæ кæсгæйæ, баззади Дзатте.

Нал сбадти, æмæ ма, æниу, цæуыл сбадтаид, куыд ма сбадтаид! Сыстади æмæ, дисгæнгæ, касти цæндмæ. Цæнд цыма руайгæ бакодта, уымæй уæлдай, цы уыди, уымæн йе ’рдæджыйас дæр нал уыди. Æмæ йæ къухтæ фæйнæрдæм фæхаста Дзатте – цы рауадаид ацы цæндмæ, цы фæуыдаиккой уыйæппæт дуртæ?!

Лæууыди æмæ йæ цæстытæ рахæсс-бахæсс кодта цæндыл, стæй æвиппайды йæ сæрыл хæрдмæ фæхæцыд, нынкъуыста йæ æмæ хъæрæй ныххудти:

– Фæтылдтой сæ! Фæтылдтой сæ лæппутæ! Уартæ сæ былмæ фæхастой æмæ сæ уыцы къулы далæ доны былмæ фæтылдтой. Гъомæ сæ хæсгæ дæр куыд фæкодтаиккой – был уартæ кæм æмæ кæм и!

Æниу, уый карæн лæппутæ, дур уырдыджы схъиудтытæгæнгæ куы фæцæйтæха, уымæ акæсыны тыххæй цы нæ бакæндзысты! Фæлæ сæ уæд иу уынæг куыд нæ фæцис, æмæ йын афтæ куыд нæ загъта – уæртæ дын дæ дуртæ фæтылдтой?! Фæлæуу, æмæ сæ кæд фæци уынæг, уæддæр æм фæдисы цæуæгау кæдæм цыдаид, дуртæ йеддæмæ ма исты сты! Йæ сызгъæринтæ йын нæ фæтылдтой, мыййаг.

Касти цæндмæ Дзатте, æмæ йæм иуафон ахæм хъуыды æрцыд: æххæст сæ куы фæхæссиккой æмæ сæ куы фæтуликкой. Машинæ агурынæй уæддæр фервæзид.

Æмæ, æцæг, гыццылæй-гыццылдæр кодта цæнд: хастой дзы алы бон дæр æмæ сæ тылдтой уартæ былæй. Æмæ уæле исгæ, бынæй ахадгæ куы нæ уыди цæнд!

Æмæ-иу рацыди Дзатте, цæнды цур-иу æрлæууыд æмæ-иу æм кæсынæн бахъуыд – кæддæра цас фæкъаддæр, кæддæра кæдмæ фæуыдзæн хаст æмæ тылд уыцы лæппутæн. Æмæ дзы ныфс бацыд – цалынмæ скъоламæ цæуын райдайой, уæдмæ иу дур дæр нал ныууадздзысты цæндæй, æмæ уæд сæ нæуæг бæрз уисой рахæсдзысты Фырдæуызимæ æмæ цæнды бынат хæрз марзт ныккæндзысты. Уадз, æмæ сфидауа уынг.

Фæлæ диссæгтæ цæуы ацы дунейы! Иубон куы уыди, уæд бафиппайдта Дзатте – цæнд къаддæр нал кодта. Ныр дзы цалдæр боны иу дур дæр нал фæхъуыд, йæ зæрдæ йæм цы дзуры, уымæй. Æмæ йыл стыр дис бафтыди – цæуылнæуал хæссынц уыцы лæппутæ ацы дуртæй æмæ сæ цæуылнæуал тулынц уартæ уыцы былæй?! Ныр ма адоны номыл машинæ куыд агура!

Рацыди ноджыдæр цалдæр боны, æмæ бынтон дис уæд бафтыди Дзаттейыл: кæд нæ байдыдта цæнд фæстæмæ стыр кæнын! Æхсæвæй бонмæ та-иу фестырдæр, æмæ та-иу йе ’рмттæ ныццагъта Дзатте: куыд хъуамæ хæссой далæ доны былæй фæстæмæ дуртæ уыцы лæппутæ æмæ сæ куыд хъуамæ амайой цæндыл?! Цæмæн сæ хъуамæ хæссой æмæ сæ цæмæн хъуамæ амайой?! Стæй, цыма доны былы дуртæ не сты, цыма йæхи цæнды дуртæ сты! Дæлæ-иу бадгæ кæуыл æркодта, уыцы игæрхуыз цыппæрдигъон дур дæр. Ныссабыр цæнды рæбын, цыма та йыл кæд æрбаддзæни Дзатте, уымæ æнхъæлмæ кæсы. Уæд ма йæ аргæ та куыд хъуамæ скодтаиккой далæ доны был уыйæппæт дурты ’хсæн!

Стыр Хуыцау, ды мацы кæн лæгæн!

Афтæ куы сагъæстæ кодта иу фæссихор, уæд кæсы, æмæ дæлæ Таучелон суайы йæ 'нæнкъуысгæ цыдæй. Йæ цæстæнгас цыдæр змæст уыди, стæй, цыма йæ цæстæнгас змæст кæй уыди, уый бамбæхсынмæ хъавыд, афтæ фæзынд Дзаттемæ, æмæ та бадис кодта Дзатте – цы кæна а Таучелон та?

– Де зæр хорз уа, мæ сыхæгты хуыздæр! – йæхи фæхъæлдзæг кодта Таучелон.

– Зæрдырай уай, Таучелон. Цæмæй дæ афæрсынмæ фæхъавын: æппын дын æнтыд нæма æрбаласта уыцы лæппу?

– Æвзæр фестæд кæннæуæд! Мæнæ мæ февдæла, а чызг та йæм ныммидæг уыдзæн. Фæндаггаг бирæ хъæуы, уымæ дæр нал фækæсдзынæн. Дæхæдæг дзæбæх дæ?

– Дзæбæхæй дæ бафæрсæд Хуыцау, – Дзатте цæндмæ бакасти. – Мæнæ ацы дурты цæнд… – Йæ зæрды уыди, дурты лæппутæ куыд фæхастой, уартæ сæ былæй уырдыгмæ куыд фæтылдтой, ныр сæ фæстæмæ куыд хæссынц æмæ сæ цæндыл куыд амайынц ногæй, уыдæттæ радзурын Таучелонæн, фæлæ йæхиуыл фæхæцыд – цæмæн бахъуыдисты уыдæттæ Таучелоны! Фæлтау ын æндæр истытæ адзура, гыццыл та йæ сайгæ дæр акæна истæмæй. Уæдæ цæй æнтыд ласын кæны уыцы лæппуйæн! Уырдыгæй ардæм уанцон æнтыды ласт нæу! Æмæ йæ къух ариуыгъта цæнды 'рдæм Дзатте.

– Цыдæр зæгъынмæ хъавыдтæ? – Таучелон та йæ дыууæ æнгуылдзы гæрзтæлхъивæны æвæрд акодта кæрæдзимæ, йæ фындзы цъупмæ сæ фæцæйхаста, фæлæ, цыма йæ уæлгуыры дыс искуы зæгæлыл фæхæцыд, уыйау фæлæууыд цонг, æмæ æнгуылдзтæ фындзы

цъупмæ нал бахæццæ сты. – Æхца сæм нæма и?

– Æхца та сæм куыд нæй, æхца сæм ис ныр. Фæлæ, сæ хицау чи у, сæ хицау аразджытæн, Индырби, уый схæцыд æмæ денджызы былмæ афардæг.

– Æвзæр фестæд уый дæр, уый йын денджыз æмæ фурд! Уæдæ ныр уый искуы йæхи найдзæн, стæй фæстæмæ здæхдзæн, уæдмæ ацу ’мæ уымæ кæс! Намæ Гала йæ хæдивæг нæу? Æмæ йæ Индырбийы йас дур æркъуырдта, уый цæуылнæ исы дуртæ?! Йæхи ницызонæг цы скодта! – цæуылдæр сæм мæсты уыди Таучелон Индырбимæ дæр æмæ Галамæ дæр – уый бамбæрста Дзатте, фæлæ цæуыл, уымæн ницы зыдта.

– Галайæ дæ гал – æгæвдæс.

– Уæдæ лæг дуртæ фембырд кодта, йæ къухыфыдтæ сыл фæхордта, райс ын сæ ’мæ йын йæ капеччытæ ратт!

– Ма тыхс, Таучелон, мæнæ ссæудзæн Индырби æмæ сæ ауæй кæндзынæн. Уыйас дæр мæм куы уаид дуртæ уæййаг.

– Æмæ ма йæ бирæ хъæуы цымæ – Индырбийæ зæгъын? Кæд ссæудзæн?

– Афтæ бæстон æй нæ зонын, фæлæ ныр хъуамæ рæхджы зына.

Цалдæр боны фæстæ та цæнды уæлхъус æрлæууыд Дзатте æмæ цавддурау лæугæйæ баззад – кæд цæнд нæ байдыдта фæстæмæ гыццылдæр кæнын. Бирæ фæлæууыди, фæракæс-бакæс кодта цæндмæ, стæй фыццаг йæ хъæлæсыдзаг ныххудт, уый фæстæ йе ’рмттæ ныццагъта æмæ йæ хъæр фæцыд:

– Уæ, дурты бын макуы фæуай, Таучелон, мæ сæр мын куы нæ разилын кæнай! Гæр, æмæ уæд та дæ лыстæг зæнг ныкъкъæрцц кодта уыцы уæззау дурты бын, уæд аллайаг нæ кодтам æгас сыхбæстæй!

Уыцы изæр æрзæтласджытæй чидæр фæурæдта йæ машинæ цæнды цур. Дзатте йæм рауад. Шофыр машинæйы гуыффæ фæстæмæ ахъил кодта æмæ йæм Дзаттеимæ дыууæйæ бакалдтой дуртæ – цы ма дзы аззади, æмæ цас бакалинаг уыдысты! Стæй йæ машинæйы гуыффæ фæстæмæ æруагъта шофыр йæ бынатмæ, æмæ араст и машинæ уæртæ аразджыты къанторы ’рдæм. Дзатте йæ къухтæ ацæгъд-ацæгъд кодта кæрæдзийыл, афтæ Таучелон йæ разы алæууыд.

– Æрцыди Индырби? – йæхицæй йæ фарст фæраздæр.

– Æрцыди, – Дзатте йæ иу цæст æрцъынд кодта, иннæмæй бакаст Таучелонмæ.

– У-у-у! – æз дæ мæрдты уазæг, йæ фæдыл ауай дæ шофырæн, зæгъ ын, æмæ мæуæтты дæр бадава. Баззайдзысты мын.

– Æмæ дуртæ ис дæумæ дæр? – цыма ницы зоны, уыйау æй афарста Дзатте.

– Цас дуртæ сты, уæртæ иу-дыууæ хъæбысы, фæлæ кæд иу сæкæры килæйы аргъ уæддæр райсиккой.

Уæдмæ машинæ аразджыты къанторы фæрсты ныззылди æмæ, доны былмæ цы тæссар ныццæуæн уыд, ууыл фæуырдыг кодта.

Таучелонæн йæ былтæ фæзыхъхъыр сты æмæ зыхъхъырæй-зыхъхъырдæр кодтой. Стæй йæ дæндæгтæ дæр фæхицæн сты кæрæдзийæ, афтæмæй каст машинæйы фæдыл. Уый, схæцныххæцгæнгæ, доны был хуыртыл æрзылди, йæ гуыффæ схъил кодта æмæ дуртæ уыцы æмгуыппæй атахтысты гуыффæйы лæгъз быныл æмæ зæххыл сæмбæлдысты. Сæ гыбар-гыбур дзæбæх сыхъуыст Дзатте æмæ Таучелонмæ.

Таучелон та йæ дыууæ æнгуылдзы гæрстæлхъивæны æвæрд акодта кæрæдзимæ, йæ фындзы цъупп сæ ацахста æмæ Дзаттемæ бакасти.

Дзатте гуыбырæй баззад.

– Ныххатыр кæн, Таучелон, хъуыддаг афтæ ныггæлир-мæлир уыдзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн.

– Æвзæр фест! – ралгъыста йæ Таучелон æмæ сæхимæ фæраст и.

Дзатте æнкъардæй йæ фæстæ каст. Таучелонæн йе ’нæнкъуыса цыд цыдæр фæци – уыцы риуыгъгæ цыд кодта, æмæ фæсмон æрцыди Дзаттемæ, кæй йæ асайдта, уый тыххæй.

# НÆ УДВАРНЫ УИДÆГТÆ

*МАМИАТЫ Таймураз*

*Чиныг лæджы уд сыгъдæггæнæг æмæ хъæздыггæнæг у, æмæ рох кæны, йæ къухмæ йæ арæх ничиуал исы, уæлдайдæр – ирон чиныг. Æмæ ферох сты æцæг фарн æмæ фыдæлтыккон мидисджын æгъдæуттæ, нæ ирон уаг, нæ уырнæнтæ.*

*Адæймаг хъуамæ истæуыл æууæнда. Ахæм миниуæгæй рæзгæ гуырд цух куы æййафа, уæд йæ миддуне кæны мæгуыр, йæ зонд –цыбыр, йæ цард – фæлурс, йæ бæллицты хал даргъдæр нал, фæлæ æмпылгæ цæуы. Уырнæг адæймагæн йæ ныфс тыхджын у, рæдийын æй нæ уадзы, ахуыр æй кæны «хорз» æмæ «æвзæр» кæрæдзийæ иртасыныл, цы ‘мбæлы, цы не ’мбæлы, фæтчы – нæ фæтчы, уый æвзарыныл.*

*Ныр а фæстаг рæстæг Хуыцауæй арфæйæг фесты нæ фæсивæд, – кæд бынтон зæрдæйы фæндиаг нæ, уæддæр се ’ргом аздæхтой кувæндæттæм. Хæрз рохы дзы чи аззади, уыдонæн дæр ног цард радтой. Æууæндынц æмæ кувынц, табу сын кæнынц, кæд алы хатт кувæндон-дзуары мидис бæлвырд нæ фембарынц, уæддæр.*

*Дзуары бон у дзыллæйы иугæнæг бæрæгбон. Уымæ гæсгæ нæ бафæндыди радзурын цалдæр таурæгъы нæ кувæндætты тыххæй.*

# ФАЛЛАГКОМЫ ХУЫЦАУЫ ДЗУАРЫ КУВÆНДОН

Нæ Иры зæххыл Цæгатæй Хуссармæ фыдæлтыккон рагон кувæндæттæ бирæ ис, фæлæ, хъыгагæн, сæ равзæрды истори, сæ таурæгътæ сын чи зыдта, уыдон се ’цæг дунемæ атагъд кодтой, абоны фæлтæры зæрдыл та сæ бафæрсын афоныл не ’рлæууыди, кæннод та сæ фаг бинонын нæ бафарстой (мæхæдæг дæр уыдонмæ хауын).

Туалгомы цы бирæ кувæндæттæ ис, уыдонæн сæ рагондæртæй иуыл нымад у Хуыцауы Дзуары кувæндон (Хуыцауы аргъуан дæр æй хонынц). Ис Фаллагкомы, Регахы хъæуы бакомкоммæ, нæуу къуылдымыл, тъæпæнгонд бынаты. Йæ бæрæгбон вæййы июлы фæстаг бонты – хуыцаубоны. Ацы кувæндоны равзæрды таурæгъ у рагон æмæ цымыдисаг.


Хуыцауы Дзуары кувæндон

XIV æнусы кæрон Наргоммæ æрбафтыдысты Хетæджы байзæддагыл нымад 12 мыггаджы, уыдонимæ – Фаллагкомы Мамиатæ, Джиотæ, Балатæ. Фаллагкомы фыццаг цæрæгыл нымайынц Мамиаты. Комбæсты цы æхсæз хъæуы ис, уыдонæй сæйрагдæр æмæ стырдæр сты Сауыбын, мыггаджы уидаг кæцæй рацыди, уый (цардысты дзы æрмæстдæр Мамиатæ) æмæ Регах (цардысты дзы айдагъ Джиотæ). Иннæ цыппар хъæуы цардысты Мамиатæ, Джиотæ, Балатæ, Еналдытæ æмхæццæйæ. Æмæ ма иу фиппаинаг. Регахы Джиотæ æмæ Хуссар Иры Джиотæн иумæйагæй ницы ис. Регахы Джиоты рагфыдæл – Хетæг, Хуссар Иры Джиоты рагфыдæл – Хуыбыл.

XIV æнусы кæронæй размæ дæр Фаллагкомы цæрæг кæй уыдис, уымæн ирд æвдисæн – Хуыцауы Дзуары кувæндон, стæй бирæ бынæтты æнахуыр нæмттæ. Хуымæтæг, лæгъзгонд нæуу тъæпæнтæ, æмæ-иу дзы Регахы лæгтæ сæ уалдзыгон куыстытæ кодтой: чи мæхъиаг цæттæ кодта, чи уисæйттæ быдта, чи сугтæ хъулон къодта, цæмæй тагъддæр ахус уой. Сывæллæттæ та ногдзыд цъæх кæрдæгыл уæрыччыты хызтой æмæ хъазынæй сæхи ирхæфстой. Ацы кувæндонаргъуаны равзæрды тыххæй цалдæр хуызы таурæгътæ ис, хицæн адæймæгтæй фыст. Кæд сæ кæцыдæр фæзилæнты хицæндзинæдтæ фæзыны, уæддæр таурæгъгæнджытæ уыцы иу над фæндагыл халынц сæ хъуыдыты къуыбылой.

Цæвиттон, ацы ран-иу Регахы фыййау сихорыл йæ фос ривæд кодта. Иу сæрдыгон æнтæф бон та фыййау Пысийы тъæпæнтæй йæ фосы фæстæ рараст и, æмбис фæндагыл хъæдмæ фæзылди, йæ надзахи фæрæт йæ сины тъыстæй, æмæ уисойæгтæ æрцагъта, йæ дæлармы сæ акодта æмæ йæ фæндаг дарддæр дары. Фос батыгуыр сты иу ранмæ, ривæд кæнынц, уый та йæ уисойæгтæ уыцы тъæпæнгонды æрæппæрста æмæ сын сæ уæлдай къалиутæ æхсæды. Æхсæст куы фæци, уæд йæ надзахи кæрдæгыл баппæрста, цыдæр зæлланг айхъуыста, фæлæ йæм йæ хъус не 'рдардта. Дарддæр йæ куыст кæны, надзахийы сæр та йæ бахъуыди, иуварс разылди, фæлæ фæрæтыл йæ цæст не 'рхæцыд. Сыстад, ракæс-бакæс кæны, фæрæт нæ ары. Æрæджиау иу хуынкъгондмæ фæкомкоммæ ис, ай, æвæццæгæн, рувасы хуынкъ у, зæгъгæ; бынмæ кæсы, æмæ фæрæты хъæдыл йæ цæст фæхæцыд, йæ къух дзы ауагъта, фæлæ йæм не 'ххæссы. Ракъахта йæ иу чысыл æмæ дзы цавæрдæр сисамад раиртæста. Изæрæй фос хъæумæ куы æртардта, уæд хистæртæн радзырдта йæ цымыдисаджы хабæрттæ, æмæ адæм дыккаг бон райсомæй басгæрстой уыцы æнахуыр бынат.

Иннæ таурæгъ дæр уый халдих, фæлæ бынæттон адæмы æхсæн парахатдæр æмæ зындгонддæр у. Иу уалдзыгон бон та Регахы лæгтæ дзæвгарæй æрбамбырд сты, сæ кусинæгтæ кусынц, таурæгътæ дзурынц, æмæ сæ уалдзыгон хур дæр йæ фæлмæн тынтæй рæвдауы. Хур арвы астæумæ схæццæ и, сихорулæфты афон æрбаввахс, афтæ Нары къахыры 'рдыгæй къахвæндагыл æнæнхъæлæджы фæзынди нарон Балаты Гогк (Петыр дæр æй хуыдтой, æвæццæгæн, йæ аргъуыды ном). Гогк уыдис кадджын лæг, ирон хосгæнæг кæмæй фæзæгъынц, ахæм. Кæрдæджытæй алы низтæ дзæбæх кодта.

Гогк кусæг лæгты размæ æрбахæццæ, кæрæдзийæн салам радтой. Уыцы тъæпæнгондыл æрзилæгау кодта, йæ цæстæнгас «Зæнгæй» уæлæмæ тъæпæнтыл ахаста, арф ныуулæфыди, лæгтæм хæстæгдæр бацыди æмæ сæм лæгъстæгæнæгау дзуры:

– Уæздан Джиотæ, кусын хорз у, фæлæ ирон адæм рагзамантæй Хуыцаумæ кувæг сты, сымах дæр афтæ. Фæлæ кæм кусут, уыцы тъæпæны бын рагон аргъуан – Хуыцауы аргъуан ис, уый æнхъæл, кæй зæгъын æй хъæуы, не стут æмæ йæ зонгæ дæр нæ кæнут.

Лæгтæ кæрæдзимæ бакастысты, уый фæстæ Гогкмæ се уæхсчытæ æнæзонæджы тылд бакодтой æмæ æмхуызонæй хатыр курæгау сдзырдтой: – Хуыцау нын æй ныххатыр кæнæд, æнæзонгæйæ рæдыд æруагътам, æвæццæгæн...

– Ныр фæстæмæ раздахæн ницыуал ис, – загъта Балайы-фырт, – фæлæ бавдæлут æмæ ацы тъæпæн скъахут, уæд æй уæхи цæстæй фендзыстут. Куыст куыдæй райдайын хъæуы, уый уæхæдæг зонут, фæлæ ма уын æй æз дæр уæ зæрдыл æрлæууын кæнон. Хатыр ракургæйæ, уæ сыгъдæг кувинæгтимæ ацы бынаты нывондаджы туг суадзут æмæ уæ куыст райдайдзыстут.

Дыккаг бон Регахы хъæубæстæ сæ Ныхас-уынаффæдоны æрæмбырд сты, фæсидтысты комбæсты иннæ мыггæгты минæвæрттæм дæр, радзырдтой сын Балайы-фырты ныхæстæ. Иууылдæр æмхъæлæсæй загътой, Гогк мæнг ныхас нæ зæгъдзæн, зæгъгæ. Фаллагкомы иумæйаг зиу расидын хъæуы. Æртыккаг бон райдыдтой къахын, цас æй фæкъахтой, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ ныххæццæ сты сисамады иу тигъмæ. Амады фæрсты къахгæйæ сæм разынди хырхæй лыджы хуызæн туфæй (сына) дурæй амад къултæ, æцæгæйдæр аргъуаны къултау аив. Йæ мидæг ын ноджы арфдæр куы ракъахтой, уæд дзы федтой уæрмгонд, йæ сæр дынджыр къæйæ æмбæрст. Уыцы уæрмгонды уыди æрхуы аг, æрхуы цайдан æмæ æртæкъухыг уæхст. Хъыгагæн, уыцы диссаджы рагон дзаумæттæ абоны онг нал æрхæццæ сты.

Ацы табуйаг бынат йæ фæзындæй, бæлвырддæр зæгъгæйæ та, йæ дыккаг фæзындæй абонмæ нымад у Хуыцауы Дзуары кувæндоныл (Хуыцауы аргъуаныл). Уый та, нæ хæхбæсты бирæ æнусты размæ æндæр цæрæг кæй уыди, ууыл дзурæг у. Куывды йæм цæуынц Туалгом æнæхъæнæй, фæсхохæй та – Рукъ æмæ Дзомагъ.

Кувæндон сыгъдæгдзинад æмæ сыгъдæг зæрдæйæ архайд уарзы, уый алчидæр зоны æмæ æмбары. Ацы кувæндоны йæ дыккаг равзæрдæй фæстæмæ Дзуары лæг æвзæрстой, хæлттæ исгæйæ, уыимæ, сæйрагдæр каст цыди лæгæн йæ уды сыгъдæгдзинадмæ. Кувæг лæгæн нæй козбау митæ кæнæн, алкæмæн дæр зæрдæйæ хъуамæ скува.

Алы рæстæджыты Дзуары лæгтæй æвзæрст æрцыдысты Джиоты Темболат æмæ Бегка, адон, æвæццæгæн, XIX æнусы кæрон. Сæ размæ ма чи уыди, уый ничиуал хъуыды кæны. Рæстæг цæуы, фæлтæртæ кæрæдзи ивынц. Æз мæхæдæг, хæсты сывæллæттæ кæй хонынц, уыцы фæлтæрæй дæн. Мах ма хистæртæй кæй æрæййæфтам, уыдонæй кувæг лæгтæй фæлæггад кодтой Джиоты Нане æмæ Гæду. Куывддон адæмæн та хистæрæн бадти Мамиаты Алыксандр.

Нане-иу йæхæдæг куыд дзырдта, стæй-иу æй иннæ хистæртæ дæр куыд фæзмыдтой, афтæмæй кувæг лæг йæхи цæттæ кæнын хъуамæ

байдайа къуыри раздæр. Къуырийы мидæг йæхи хиза алы чъизи æмæ æнæмбæлгæ митæй, хыл нæ, фæлæ суанг тызмæг ныхасæй, æнæуаг дзыхыдзырдæй, сылгоймагимæ æмуд уæвынæй æмæ а.д. Уыцы заманы уæлæдарæсæй абоны хуызæн ифтонг кæм уыдысты адæм, фæлæ-иу, цы уыди, уый ног æхсадæй, иту æвæрдæй хъуамæ æрцæттæ кодтаид. Цы гæнæн ис, уымæй – урс дзаумайы, ногдаст, ногнадæй, зæрдæхъæлдзæгæй. Кувæндонмæ ма дæ иу 30 санчъехы куы хъæуа, уæд уым ралас дæ къахыдарæс æмæ мидæмæ найфатмæ бахиз бæгъæввадæй. Уырдæм бахизыны бар ис æрмæстдæр дзуары лæгæн. Куывддон адæм сæ кувинæгтимæ лæууынц сисамады æддаг фарс æмæ уырдыгæй оммен кæнынц кувæг лæгæн. Уыдонæн найфатмæ бахизын нæ фæтчы, æмæ алчидæр йæхи Дзуары фыдæхæй, æфхæрдæй хызта.

Нане дзæвгар рæстæг фæлæггад кодта Дзуарæн дæр æмæ куывддон адæмæн дæр, фæлæ фæстагмæ цæсты рухсæй фæцух ис, æмæ йæ уæд раивта йе 'рвад Гæду. Иттæг сыгъдæгзæрдæ, цæстуарзон, æргомдзырд æмæ хъæлдзæг лæг. Уый дæр сыгъдæгзæрдæйæ фæлæггад кодта, æппæт хъæугæ миниуджытæ æвдисгæйæ æмæ фыдæлты фæтк æмæ æгъдауыл æнцой кæнгæйæ, йæ царды фæстаг бонтæм.

Ацы хабæрттæ æмæ цаутæ цыбырæй – Фаллагкомы Хуыцауы Дзуары равзæрды фæдыл, адæм дзы куыд нымд кодтой, цы цæстæнгас æмæ зæрдæйы уаг сæм уыди фыдæлты кувæндонмæ, уымæн æвдисæнæн. Уæд адæм Дзуары бынмæ цыдысты кувынмæ, курынмæ, лæгъстæ æмæ табу кæнынмæ, кæрæдзийыл фæцин кæнынмæ.

Абон та куыд сты нæ кувæндоны уавæр, куывддон адæмы цæстæнгас, сæ зæрдæйы уаг æмæ ахаст? Ацы ахсджиаг æмæ вазыгджын фарстæн цыбыр дзуапп куы дæттæм, уæд, æвæццæгæн, афтæ: «Зæрдæйы фæндиаг нæ, фæлæ дзæвгар хуыздæрхъуаг».

Раздæры уагæвæрд æмæ абоны уагæвæрд кæрæдзийæ дæрддзæфæй-дæрддзæфдæр кæнынц. Ныхас кæд сæрмагондæй Фаллагкомы Хуыцауы Дзуары кувæндоныл цæуы, уæддæр хауы Ирыстоны æппæт кувæндæттæм, уымæн æмæ иннæ рæтты дæр уавæр хуыздæр нал у. Адæм фылдæр Дзуары бынмæ кувынмæ нал цæуынц, стыр хъыгагæн, фæлæ хæрын æмæ нуазынмæ. Фыдæлтæ-иу афтæ загътой: «Лæгæн йæ сæрæй бæрзонддæр ницы ис. Сæрæй уæлдæр та – худ». Уыцы худы стыр кад æмæ æфсарм ис. Нæлгоймаджы худ исчи куы фæчъизи кæна йæ æнæуаг митæй, уæд дам-иу уый фæдыл лæгмæрдтæ дæр æрцыди. Уæдæ сылгоймаджы кæлмæрзæны (сæрбæттæны) дæр къаддæр кад

æмæ æфсарм нæ уыди, суанг туджджынты дæр фидауын кодта.

Уæдæ цы кодтам, Ирон Адæм!? Нал нæ худы кад, нал нæ кæлмæрзæны фарн æмæ æфсарм æндавы! Кæд, мыййаг, нæлгоймæгтæн сæ фылдæр худтæ дæр уымæн нал дарынц, йæ кад хъахъхъæнын ын мæ бон куы нæ бауа, зæгъгæ. Уæдæ сылгоймæгтæ дæр хуыздæр уавæры нал сты. Худ æмæ кæлмæрзæн бæрнон уаг домынц сæ хицæуттæй. Æбæрнон кæй сыстæм, уымæ гæсгæ нæ зиантæм дæр бæгъæмсарæй æмæ урс дзаумæтты цæуын байдыдтам. Алцы фесæфтам æмæ ферох кодтам. Нæ гуыбын нæ сæрæй бæрзонддæр æвæрд фæци! Гуыбын талынг скъæт у. Цы бахордтай, уый ничи федта. Цы ракодтай, уый та иууылдæр федтой, чи йæ нæ федта, уый дæр æй фехъусдзæн. Не 'фсарм фесæфтам, æгъдау нæ ферох ис. Куыд уыдзæн нæ фидæн?..

Кæцæй райдайы æгъдау? Æгъдау райдайы, кæркуасæнты куы райхъал уай, уырдыгæй; суанг цалынмæ ногæй бахуыссай, уæдмæ цыдæриддæр ракодтай, уыдон сты де 'гъдау, дæ гакк. Лæгæн йæ алы къахдзæф, йе сныхас, йæ бахудт æмæ зæрдæйы ахаст, йæ къухрайст æмæ саламлæвæрд æмæ ма йæ бирæ æндæр миниуджытæ алфамбылай адæмæн хъуамæ циндзинад хæссой. Ахæм адæймагæй фæзæгъынц: æгъдауджын у.

Уæдæ, куыд æмæ цы бакæнæм, цæмæй нæ царды, нæ фыдæлты рухс кувæндæтты уа æгъдау æмæ æфсарм? Фыдæлтæ мæнгæй нæ дзырдтой: «Æгъдау хъæдбыны дæр фидауы». Кæд хъæдбыны дæр æгъдау фидауы, уæд кувæндоны та дæс хатты фылдæр хъуамæ уа æгъдау æмæ æфсарм. Æгъдау æппæтæн дæр – быниндур.

Абон уынæм бынтон æнæзæрдæмæдзæугæ нывтæ. Фыццаджыдæр, Дзуары бын не 'мбæлы хъæр ныхас, тызмæг ныхас та бынтон нæ фæтчы. Фæлæ хатгай райхъуысы, хъус кæй нæ уромы æмæ быхсы, ахæм «уæззау» ныхæстæ. Дыккаджы та, кувæггаджы хай хæдзармæ æвæрдтой дзидзайы кæрдих уæливыхы карстимæ, ома, бинонтæй чи нæ сæмбæлди, уыдон дæр дзы саходой. Ныр та рады слæууынц къæбицмæ, æмæ йын цалынмæ дзидзайы дынджыр къуылдых сæвæрай, уæдмæ дæ нæ ныууадздзæн, кæннод та дæ масты хæй дæр фæкæндзæни. Цы хабар æрцыди, гормæттæ, æххормаг азты дæр адæм ахæм зыд æмæ кæрæф куы нæ уыдысты!

Æркæсæм нæ риссагдæр фарстмæ. Куыд кувæм æмæ цæмæй кувæм? Бирæтæй фехъусæн вæййы, æхсырæй, дам, куывтой нæ фыдæлтæ. Æз дæр хистæр фæлтæрмæ хауын; нæхи комбæсты, стæй бирæ хæхбæсты

дæр сæмбæлдтæн æмæ дзы никуы федтон æмæ фехъуыстон æхсырæй кувгæ. Уæдæ, Нарты кадджытæ кæсгæйæ дæр, æмбæлæм æлутон, ронг æмæ бæгæныйыл, æхсыры кой дзы нæй.

Нæхи нæхæдæг ма сайæм. Нæ абоны царды цы сбада æмæ сфидауа, ахæм цæрæццаг хъуыддæгтæ æмæ мадзæлттæ хъæуы рæгъмæ хæссын. Нæ хæхбæсты Дзуары бын куывтой фылдæр ирон бæгæныйæ æмæ стæмхатт арахъхъæй дæр. Фаллагкомы ма æз цы фынддæс цæрæг хæдзары æрæййæфтон, уыдонæй алкæмæ дæр бæрæгбонмæ уыдис бæгæны конд.

Уæлдæр ской кодтон, бæрæгбонмæ-иу алы хæдзар дæр бæгæны бахсыста, зæгъгæ. Фæстаг рæстæг уыцы фæтк дæр нал ис ирон адæммæ. Рох сæ фæци æви йæ бахсидынмæ зивæг кæнынц? Царциаты диссæгтæ! Ирон бæгæныйы конкурстæ фæсарæнтæм дæр куы анхъæвзтой, уæд æй цæттæ кæнын куыд хъуамæ нæ зоной!

Нæ ирон царды нæ чи хъыгдары æмæ нын нæ рæсугъд фыдæлтыккон æгъдæуттæ æвидауц чи кæны, уыцы хъуыддæгтæ цæмæндæр тагъдæр æрбайсæм. Коцойты Арсен йæ рæстæджы дзæгъæлы нæ загъта: «Мах, ирон адæм, диссаг стæм, ахуыр кæнæ царды исты рухсад, тыххæй тъысгæйæ дæр, æрæгмæ фидар кæны, фæлæ исты æвзæрдзинад куы фæзыны, уæд ыл нæ адæм сæхи ныццæвынц, æмæ нæ царды афтæ тынг ныффидар вæййы, фæззыгон фосыл ичъи куыд ныффидар уа, æмæ нæ атонын нал фæкомы».

Нæ рæдыдтытæн сæ судзагдæр æмæ риссагдæр у: канд Дзуары бын нæ, фæлæ нæ цины æмæ хъыджы дæр нал рæстмæ кувын зонæм, нал циныл цин кæнын, нал искæй хъыгыл хъыг кæнын. Чындзæхсæвы (уæлдайдæр ресторанты) хистæры скуывдмæ ничиуал æнхъæлмæ кæсы, куыд цæуынц, афтæ цæттæ фынгтыл бадынц æмæ минас кæнынц. Уæдæ хæрнæджы фынгыл дæр, рухсаг нæма фæзæгъынц, афтæмæй хойрагмæ фæлæбурынц. О! гормæттæ! Уе 'гъдау, уе 'фсарм цы фæци? Уæ гуыбынтæ уæ сæртæй бæрзонддæр куы сæвæрдтат! Рахизæм нæ фыдæлты над фæндагмæ, цалынмæ æгæр нæ ферæджы, уæдмæ!..

## ПУРИАТЫ АВД ДЗУАРЫ

Транскамы фæндагыл Ручъы æфцæджы дæлфæдтæм, Захъадоны галиу фарс æрæнцади Дæллаг Пуриат. Фыццагдæр дзы Мамиатæй иу бинонтæ (хæдзары номæй – Седжетæ) кæй æрцардысты, уымæ гæсгæ

хъæу арæхдæр хуыдтой Седжетæ. Пуриаты бакомкоммæ, Захъадоны рахиз былгæрон, хуссары бæрзондгомау къуыбырыл та цардысты Лæцойтæ. Адон дæр Регахы Джиотæй сты, фæлæ сæ иу рагфыдæлы номæй баззадысты Лæцойтæй.

Стыр фæндагæй Захъамæ фæндагыл 1,5 км бæрц куы бауайæм, уæд Захъадоны рахиз фарс уæлвæзгонд тъæпæн бынаты ис хъæууат, уый та у Уæллаг Пуриат. Таурæгътæ куыд дзурынц, афтæмæй дыууæ Пуриаты æхсæн зæххытæ уыдысты Захъайы цæрæг Томайты. Томайтæ сæхæдæг Захъамæ кæд æрбалыгъдысты, кæцы дуг, кæцы æнусты, уый бæлвырд бæрæг нæу.

Рагзаманты зæхх уыдис тынг кадавар. Хуымзæххы иу ауæдзы тыххæй-иу лæгмæрдтæ дæр рауади. Иу ахæм æнæмонд хабар æрцыд XIX æнусы райдиан Томайтæ æмæ Джиоты 'хсæн. Джиотæй (Куыдзитæй, хæдзары номæй) иу лæг фæмарди Томайты къухæй. Дыууæ мыггаджы фæтуджджын сты. Фæлæ æхсæны лæгтæ, туг цæмæй дарддæр мауал ныккæла, ууыл бацархайдтой. Хъуамæ Томайтæ туджы ныхмæ Джиотæн раттаиккой зæххы хай Пуриаты тъæпæнтæ суанг Алгъаты коммæ. Уый та уæд уыди Хуыцауы лæвары хуызæн. Уыйадыл бафидыдтой, туг нал ныккалд.

Ныр Джиотæм зæххытæ бабирæ сты: сæрвæттæ, уыгæрдæнтæ, хуымзæххæн бæзгæ тъæпæнтæ. Уалдзыгон бон зæхх куы сулæфы æмæ уыйæппæт къуылдымтæ æмæ тъæпæнтæ алыхуызон дидинæгæй куы сæрттивынц, хъулон-мулон фæлыст куы райсынц, уæд ма хохаг мæгуыр зæхкусæг лæгæн стырдæр циндзинад Хуыцау дæр цы хъуамæ æрхæсса!..

Хæххон зынвадæтты зæххæй цæмæй исты пайда райсай, уый тыххæй та цæрын хъæуы йæ уæлæ. Джиоты та Регахæй цæуын хъуыди Алгъаты æфцæджы сæрты. Сæрвæттæй ма уæддæр æнцондæрæй пайда кодтой рагуалдзæгæй суанг зымæджы райдианмæ. Уыгæрдæнтæ дæр-иу бæргæ ныккарстой, фæлæ уыцы хосы мæкъуылтæ Регахмæ фæласын, – уымæн уæвæн æмæ гæнæн дæр нæ уыди. Ам хосы мæкъуылтæ æфтауцуатмæ æмбырд кодтой фæззæджы, зымæг та сæ уырдыгæй ластой хæдзармæ. Фæлæ зымæджы мит дыууæ метрмæ 'ввахс куы ныууары Цъыфы комы, уæд мæкъуылтæ ласынил хъуыды дæр мауал кæн.

Афтæ цал азы ахаста, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ уыйæппæт зæххытæй хæдзардзинæй, зæрдæйы фæндиаг пайдагонд нæ цыди. Уæд та иу уалдзыгон бон Куыдзитæ фæсидтысты хъæуы Ныхасмæ сæ мыггаджы хистæртæм æмæ сын бамбарын кодтой Пуриаты зæххыты уавæр. Не 'фсымæр, дам, рухсаг уæд, Томайтæ нын йæ

туджы ныхмæ ахъаззаг зæххытæ радтой, фæлæ сæ пайдайæн йæ дæсæм хай дæр нæ исæм. Хос ныккæрдæн ис, фæлæ йæ раласын нæ бон нæу. Уæдæ хуымзæххытæй дæр афтæ, æфцæджы сæрты сæм дыууæрдæм цæуын хъæуы, уымæ гæсгæ нæ къухтæ баст сты. Гæды фиумæ куы не 'ххæса, уæд ын мархо у. Мах дæр нæ бирæ зæххытæй уыцы уавæры стæм. Уымæ гæсгæ, Джиотæ, кæй уæ фæнды, уыдон æрцæрæнт Пуриаты. Йæ царды уавæртæ æмæ гæнæнтæ йын алчидæр зоны. Регахы фадæттæй бирæ хуыздæр æмæ æнцондæр кæй сты, уый гуырысхойаг нæу. Фæйнæ къуымы уал уын æмдыхæй сараздзыстæм, зиу расидгæйæ.

Уыцы иумæйаг уынаффæйы фæстæ Пуриатмæ æрбалыгъдысты дыууæ хæдзары Джиотæй. Фæстæдæр ма дзы æрцарди Мамиатæй иу хæдзар (Бехъантæ, хæдзары номæй). Дæллаг Пуриаты æрцæрæг Седжеты кой нæм уæлдæр уыди. Бехъанты хæдзарвæндаг та, хистæртæ куыд дзырдтой, афтæмæй раздæр æрбынат кодтой хицæн ран, кувæндон Пуриаты Авд Дзуары бакомкоммæ, хуссарварс. Абон дæр ма хæдзары хæлдтыты дурцæндтæ æвдисæны хуызы бæрæгæй зынынц, хуымзæххы тъæпæнтæ дæр афтæ.

Калойты Тамарæ (хæдзары номæй – Дзегтæй) Захъагомы хабæрттæ æмæ таурæгътæ иттæг хорз æмæ бæлвырд зоны. Йæ фыд Никъалайæ (Хабейæ), стæй иннæ хистæртæй дæр цы фехъуыста, иу ахæм рагон таурæгъ мын радзырдта Мамиаты-Бехъанты цардæй.

Мамиатæ, бæрзонд къуыбырыл цæргæйæ, дон хастой Пуриаты комы цæугæдонæй хердмæ. Иу зымæгон бон донмæ ныццæуæн къахвæндаг митæй асыгъдæг кодтой, æмæ ног чындз йæ къæртатимæ араст бынмæ. Фæстæмæ здæхгæйæ, доны былæй иу гыццыл куы суади, уæд æй митзæй æрæййæфта æмæ йæ фæхаста. Суанг уалдзæгмæ миты бын баззади. Уыцы æнамонд хабары фæстæ сæ цæрæнбынат æривтой Уæллаг Пуриатмæ, æмæ уым цæргæйæ баззадысты.

1830 азы Гуырдзыйы паддзахы бардзырдæй æппæт Туалгомы дæр уыдис адæмы сфыст. Уыцы рæстæджы Туалгом хауди Гуырдзыйы сконды Гуры уездмæ. Сфыстмæ гæсгæ XIX æнусы фыццаг æмбисы дыууæ Пуриаты цардысты: Джиотæй – 4 хæдзары, Лæцойтæй – 4, Сугъаратæй – 2, Мамиатæй – 2, Томайтæй – 1, Колытæй – 1 хæдзар.

Дыууæ Пуриаты уыцы 14 хæдзары цардысты уарзонæй, кæрæдзийæн аргъ кæнгæйæ, сæ цин дæр, сæ хъыг дæр уыди иу.

Амы Авд Дзуармæ кувын абоны онг æрхæццæ и. Фæлæ ма æндæр рæтты дæр сты. Плиты Таймуразы нымадмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны

Авд Дзуары кувæндæттæ ис Регахы, Пуриаты, Засыхы, Мамысонгомы, Садоны, Гæлиаты, Лæцы.

Фæлæ абон нæ ныхас сæйрагдæр уыдзæни Пуриаты Авд Дзуары кувæндоныл.

Ацы кувæндоны равзæрд иутæ бæттынц Фаллагкомы, Регахы Авд Дзуаримæ, ома Джиотæ, Регахæй фыццаг æрбалидзджытæ, Пуриатмæ семæ æрбахастой Регахы Авд Дзуары ном. Уыдон сты: Хуыцауы дзуар, Хохы дзуар, Аларды, Реком, Уацилла, Мады Майрæм, Фæлвæра (Мусы дзуар).

Æцæгæйдæр, Регахы, Пуриаты, Засыхы æмæ иннæ Авд Дзуары нæмттæ æмхуызон сты, фæлæ уый ууыл дзурæг нæу, æмæ Регахæй хаст сты. Растдæр уаид афтæ зæгъын: алы комы дæр æнцой кодтой сæ рагфыдæлты фæтк æмæ æгъдæуттыл, ома, кæмæ куывтой Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæй, сæ цардхъомысы сын ахсджиагдæр чи уыдис, уыдоны номыл арæзтой сæ кувæндæттæ.

Пуриаты кувæндонæн йæ архитектурон арæзтмæ лæмбынæгдæр куы æркæсæм, уæд æгæр вазыгджын зыны, Регахæй йæм куы æрбалыгъдысты, уыцы рæстæгæн. Йæ бынат бæрзонд æмæ хъæуæй иппæрдгонд кæй у, уый нæ уæлдай хатт æууæндын кæны, нæ фыдæлтæ кувæндонæн сыгъдæг æмæ бæрзонд бынат кæй æвзæрстой, ууыл. Фæлæ йын йæ архитектурон сконд, йæ сисамадмæ (кæд кæлдтытæ у, уæддæр) нæ хъус бæлвырддæр куы æрдарæм, уæд ацы хъуыдыимæ зынтæй сразы уæвæн ис.

Йе 'вærд æмæ йæ арæзт уæлдай цымыдисагæй разынынц, хи цæстæй сæм кæсгæйæ. Схизæн æм ис хурыскæсæнырдыгæй; кувæндоны фæзуатмæ куыддæр бафтай, – йæ дæргъ иу-фæндзай метры бæрц, кæд фылдæр нæ, уæд, – афтæ тæккæ рындзыл, фæзуаты æмвæтæн сыгъдæг айнæг къæдзæх бæрзонд фæцыди, хæрдмæ йæм куы скæсай, уæд дæ худ ахаудзæн. Æрдз æй ахæм диссаджы конд скодта, æмæ, фыццаг бакастæй, адæймаг банхъæлдзæн, ай лæджы къухтæй амад къул у, зæгъгæ. Куыд не згъæлы, куыд нæ кæлы! Фæлæ нæ, – фидар лæууы, йæ бакомкоммæ æвæрд кувæндоны фыдтымыгътæй цыма хъахъхъæны...

Къæдзæхæй бахизæны дыуæ рæгъæй суанг кувæндоны онг – тъæпæн егъау дуртæ. Ранæй-рæтты æмбисмæ зæххы аныгъуылдысты, галиуырдыгæй та бынтон йе 'мвæз систы – рæстæг йæ куыст бакодта. Дуртæ кæм фæвæййынц, уым – кувæндонмæ бахизæны къæлæтамад сис, йæ бæрзæнд метры æрдæг. Мæ хъуыдымæ гæсгæ-иу дзуарылæг

уыцы сисамады мидæгæй скуывта адæмы кувинæгтæ, дуртæ та – куывддзаутæн бадæнтæ.

Авд Дзуары кувæндоны сисамадæй ма абон дзæбæх зыны иуцыппар метры бæрц. Фæлæ куыд уыди йæ фыццаг хуыз? Цавæр уыд йæ амады формæ? Цас уыди йæ бæрзæнд? Æмæ бирæ æндæр ахæм фарстатæ сæры зилдух кæнынц. Дзуапп сын кæм æмæ куыд ссарон, уый та нæ зонын. Йæ алыварс æмæ йæ уæлæ цы дуры кæлдтытæ æмæ цæндтæ ис, уыдонмæ кæсгæйæ, адæймаг æрцæуы ахæм хъуыдымæ дæр: йæ раздæры бæрзæнд 10 метрæй къаддæр нæ уыдаид, æвæццæгæн.

Æрдз йæхæдæг диссаджы архитектор æмæ аразæг дæр у. Сисы тигъæй бынмæ, комы нарæгмæ, куы акæсай, уæд дзы суындзынæ, дардæй сисамадау чи зыны, ахæм цыппар къардиугонды, кувæндоны рæбынмæ къæпхæнгай схæццæ сты.

Йæ сисамад нæ хоны Астæуккаг æнустæм. Ома, уæдмæ дзы цы адæм цардис, уыдон фæлыгъдысты æндæр рæттæм, кæннод та цавæрдæр æвирхъау низæй фæцагъдысты. Комбæстæ федзæрæг. Цасдæры фæстæ æндæр адæмтæ ардæм æрбалыгъдысты. Уыцы цаутæн ирд æвдисæн абон – нæ хæхбæсты æнахуыр топонимтæ. Зæгъæм, уыгæрдæнты нæмттæ: Ес, Цъиро, Елхо, Алгъат æмæ Пуриат йæхæдæг… Цы амонынц, уый ничи зоны.

Хъыгагæн, абон нæ хæхбæстæн йæ фылдæр хай федзæрæг. Йæ фыццаг æфсон: XX æнусы райдианы миграцион уылæн, Советон хицауад хæххон адæмæн быдырмæ ралидзыны фадат куы радта, уæд. Дыккаг: 1944 азы мæхъхъæлы куы ахастой, уæд сын сæ цæрæн бынæттæм хæххон хъæутæй æвæндонæй æрвыстой ирон адæмы. Пуриаты ма фæстагмæ цæргæйæ баззад Мамиаты Закаро, æмæ уæд уый дæр æд бинонтæ ралыгъди Комгæронмæ. Уыйадыл Пуриаты хъæу бынтондæр федзæрæг и, рувас дзы æлдариуæг кæнын байдыдта. Сæ кадджын кувæндон, Пуриаты Авд Дзуары, адæмæй дзæвгар рæстæг рохуаты аззади.

Уымæн йæ аххосæгтæ бирæ сты. Иуæй, адæмы къах кæм нæ лæууа, уым алцыдæр рох кæны. Иннæмæй, Дзуармæ чи куывта, уыцы хистæртæй уæлæуыл ничиуал уыд, æмæ кæстæртæн амонæг нал фæци. Ноджы, Пуриатмæ Захъадоны сæрты цы æнæбары хид уыдис, уый дæр дон фæласта.

Закаройы бирæ цот (18 кæстæры) алы рæттæм фæпырх сты царды фæндæгтыл. Фыды уæзæгыл ма дзы фæстагмæ баззади зæнæджы кæстæр Дзамболат, фæлæ уымæн дæр хъысмæт йæ лæджы кармæ фæцæрыны фадат нæ радта. Дзамболаты кæстæр фырт Валерæ







фæстагмæ йæ цæрæн бынат Дзæуджыхъæумæ раивта. Ам, Дзæуджыхъæуы цæргæйæ, Хуыцауы фæндонæй Валерæ сбæлвырд кодта Пуриаты Авд Дзуары хабæрттæ æмæ бæрæгбоны афон йæ фыдæлты рагон кувæндоны бын 2010 азы фыццаг хатт æрхаста нывондаг. Фæкуывтой æмæ фæфæдзæхстой сæ кæстæртæ, сæ бинонтæ æмæ æппæт Ирыстоны. Уæдæй абонмæ Хуыцау æмæ Йе сконд зæдты фæрцы Валерæ йæ хиуæттæ æмæ зонгæтимæ æрвылаз, Кæрдæгхæссæн бæрæгбоны хæд размæ сабаты, сæмбæлы куывды Пуриаты Авд Дзуары бæрзонд кувæндонмæ.

Адæймаг зæрдæйæ цы хъуыддагыл архайа, уый Хуыцауæй арфæгонд у. Валерæ æмæ елхотаг Мамиаты Аслан Пуриаты хъæууатмæ баластой æртæуатон вагон – цæттæ хæдзарарæзтæй, йæ рахизæны йын вагоны æмдæргъæн мæнгагъуыст æрæхгæдтой. Ныр куывддзау адæм тыгъд арвы бын нал баддзысты…

Цы хъæуæй фæздæг нал кæла, уый хъæууатыл нымад у. Пуриат дæр рагæй федзæрæг и. Ныр Валерæ æмæ Асланы фæрцы хъæууатæй фæздæг скалди. Физонæджы хус смаг уæларвмæ схæццæ ис. Бынтон æмбисонд та – ирон хойраг, уæлибæхты хæрздæфæй зæрдæ къæбæлдзыг кæны. Ног бынæттæн зæрдиагæй скуывта Мамиаты Фидар: «Хуыцау æмæ сæ Пуриаты Авд Дзуары амондджын æмæ куывддон бынæттæ скæнæнт!».

Нæ кæстæртæ сæ фыдæлты рухс кувæндæттæм се ’ргом кæй аздæхтой, уый, æнæмæнг, фарны хъуыддаг у. Цæгатæй Хуссармæ сæ хохы зæдты хорзæх уæд!

Ирон адæм! Пуриаты Авд Дзуары – уæ фæдзæхсæг!

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

*ПЛИТЫ Татьянæ*

## ÆРТÆ ÆФСЫМÆРЫ

*Аргъау*

Раджы заманы Тырсыгомы армы уыди хъæу. Йæ цæрджытæ сæ цардæй ницæмæй хъаст кодтаиккой, бæллæхы куы нæ бахаудаиккой, уæд. Бæрзонд хохы рæбын царди уæйыг. Æнæхъæн афæдз-иу сæ нæ хъыгдардта, фæлæ-иу афæдз иу хатт æрбацыди хъæумæ æмæ ноггуырд лæппу хаста.

Хъæуы кæрон цардысты лæг æмæ æнхъæлцау ус. Хуыцаумæ куывтой, цæмæй сын чызг райгуыра æмæ йын уæйыгæй тас ма уа.

Уыцы хъæуы иу чысыл хæдзары царди куырм зæронд ус. Дыууиссæдз азы размæ йын уæйыг йæ ноггуырд иунæг фырты ахаста – мадæн йæ цæхджын цæссыгтæ басыгътой йæ цæстытæ. Уый йæ фыны федта, цыма уыцы æнхъæлцау усæн райгуырдзæн æртæ фырты. Уыдон цыма уæйыгыл фæтых уыдзысты, æмæ хъæу сæ бæллæхæй фервæздзысты. Радзырдта йæ фын сыхæгты усæн, уый та – хъæубæстæн. Уынаффæ рахастой, цæмæй бинонтæ æртæ хохы сæрты ацæуой æндæр ранмæ цæрынмæ, æмæ сæ уæйыг ма ссара.

Лæг æмæ ус фæлыгъдысты. Цас фæцыдысты, чи зоны, фæлæ бахæццæ сты иу стыр хъæдмæ. Уым, хъæдгæрон, сæхицæн хæдзар скодтой æмæ дзы æрцардысты. Фæззæджы сылгоймагæн райгуырд æртæ фырты. Радтой сын нæмттæ: Туа, Кабыс æмæ Уалы. Ныййарджытæ сæ хъæбултыл цин кæнынæй не 'фсæстысты. Лæппутæ рæзыдысты æмзæрдæйæ, кæрæдзиуыл æнувыдæй. Афтæмæй рацыди дæс азы.

Иу фæззыгон бон мад фыдимæ ацыдысты хъæдмæ сугмæ æмæ нал æрыздæхтысты фæстæмæ. Æнхъæлмæ сæм кастысты сæ цот æнæхъæн æхсæв, фæлæ уыдон никуыцæй зындысты. Райсомæй ацыдысты сæ агурæг, фæлæ сæ не ссардтой. Тынг æнкъард кодтой, фæлæ цы гæнæн уыди: æрцыди рæстæг, æмæ хъуамæ ныр сæхæдæг сæхи дарой.

Цыди рæстæг, лæппутæ байрæзтысты тыхджынæй, фидарæй, æхсарджынæй. Иу изæр æрбадтысты æмæ баныхас кодтой: ацæуæм æмæ нæ мад æмæ нæ фыды ссарæм, кæнæ та, кæд нал сты уæлæуыл,

уæд базонæм, цы сыл æрцыди, уый. Баныхас кодтой алырдæм ацæуын æмæ афæдзы фæстæ фембæлын сæ хæдзары. Туа ацыди хурыскæсæнырдæм, Кабыс –ныгуылæнырдæм, Уалы та – цæгатырдæм.

Бирæ фæцыд Туа, æви цъус, уый йæхи йеддæмæ чи зоны, фæлæ мæйдар æхсæвы бахæццæ иу сахъари хæдзармæ.

Цардысты дзы дыууæ хойы. Бахоста дуар. Ракасти йæм хистæр хо æмæ йæ бафарста, чи у æмæ ам цы кусы æнафоны, зæгъгæ. Лæппу радзырдта, йæ ныййарджыты агурæг кæй рацыдисты æртæ æфсымæрæй, зæгъгæ.

Фæтæригъæд кодтой хотæ лæппуйæн, мидæмæ йæ бахуыдтой, æхсæвæр ын æрæвæрдтой æмæ йын сарайы æхсæвиуат бакодтой.

Хур хæхты сæрæй йæ фыццаг тынтæ куы сдардта æмæ сæ урс-урсид мигътыл куы айзæрста, уæд Туа фехъал ис. Æддæмæ рацыд æмæ йæхи суадоны донæй ныхсадта. Уæдмæ чызджытæ дæр сыстадысты æмæ лæппумæ фæдзырдтой ходæнмæ. Туамæ хотæ фæкастысты æнкъард, æмæ сæ бафарста, цы хъыг дарынц сæ зæрдæты, уымæй. Хистæр хо райдыдта дзурын:

– Мах уыдыстæм æртæ хойы. Æфæдзы размæ нæ кæстæр хо, дидинджытæ æмбырд кæнгæйæ, бацыд фæдзæхст хъæдмæ, æмæ йæ Стыр цæргæс ахаста. Уæдæй нырмæ нæ зæрдæты рухс ахуыссыди, хур дæр нæ нал æндавы.

Туа хотæн ныхас радта, сæ хойы сын кæй ссардзæн, уый та тыххæй. Дыккаг райсом раджы сыстад æмæ уыцы хъæды ‘рдæм ацыди.

Цас фæцыди, Хуыцау æй зоны, фæлæ бафæллади æмæ тулдз бæласы бын æрфынæй. Цыдæр сыбар-сыбур айхъуыста æмæ фехъал. Уыны, æмæ йæ цуры лæууы калм, комкоммæ йын йæ цæстытæм кæсы, афтæмæй. Лæппу нал змæлыд. Сдзырдта йæм калм адæймаджы хъæлæсæй:

– Ма мæ тæрс. Ацы сæфт ран адæймаджы къах рагæй нал уыд, уæд дæу цы Хуыцау æрбахаста?

Туа бамбарын кодта калмæн, чызджы агурæг кæй рацыди, уый. Уæд ын калм радзырдта:

– Сæдæ азы размæ ацы бæстæйы царди бирæ адæм. Фæлæ фæзынди бæрзонд кæдзæхыл Стыр цæргæс. Æппæты бæрзонд дæр хохы цъуппыл скодта йæхицæн ахстон æмæ адæмы хæссын

райдыдта йæ цъиутæн. Бирæ хъæбатыртæ хъавыдысты цæргæсы амарыныл, фæлæ уый никæмæн бантыст. Чызджы дæр уый ахаста. Кæд дæ фæнд сæххæст кæнын ис дæ зæрды, уæд дын æз баххуыс кæндзынæн.

Къæдзæхы фæстæ ис фæндаг. Уыцы фæндаджы астæу кæлы дон. Уыцы дон стджытыл куы бакалай, уæд адæм райгас уыдзысты. Доны был ис тымбыл дур, йæ быны æрдын æмæ фат. Æрмæстдæр уыцы фатæй ис амарæн цæргæсы.

Ацыд лæппу калмимæ. Бахæццæ сты Цæугæдонмæ. Лæппу йæ къупырийы ныккодта удæгасгæнæн дон, дурыл иуварс ахæцыд æмæ райста æрдын æмæ фат.

Цæргæс фæфиппайдта, йæ фæстаг бон кæй æрцыди, уый æмæ ахстоны алыварс зилдух кæнын райдыдта. Фелвæста лæппу æрдын æмæ сарæзта цæргæсмæ фат. Куыддæр фат цæргæсыл аныдзæвыд, афтæ цæргæс дур фестад æмæ, зæхмæ æрхаугæйæ, лыстæг пырхытæ ныцци. Бацыди лæппу дзыхъмæ, стджытыл йæ къупырийы донæй бакалдта, æмæ адæм иу иннæйы фæстæ æгас кодтой. Сæ ирвæзынгæнæгæй уыдысты тынг бузныг. Ссардта се ‘хсæн Аминæты. Уый уыди бæстырæсугъд. Йæ сау дыууæ дзыккуйы – йæ астæуы онг. Йæ конд – Хуыцауæй конды хуызæн. Йæ бахудт уыди раст хуры ракасты хуызæн райдзаст. Чызг лæппуйы зæрдæйы баззад. Ракодта йæ, æмæ ацыдысты чызджы хæдзармæ.

Хотæ сæ кæрæдзийыл цин кæнынæй не 'фсæстысты. Хистæр хо дзуры лæппумæ:

– Цард ныл æрцыд ногæй де ‘руаджы. Цы хорздзинад дын у нæ бон скæнын?.

Лæппу дзуапп радта:

– Уæ кæстæр хойы мын къайæн раттут , кæд йæхæдæг разы у, уæд.

Чызг сразы ис. Æмбырд кæнын райдыдтой сæхи Туа æмæ Аминæт дард балцмæ лæппуйы хæдзармæ. Æрæнкъард сты Фаризæт æмæ Сæлимæт.

Æмæ сæм лæппу дзуры:

– Цомут махимæ, уым уæ хойы фарсмæ цæрдзыстут.

Бацин кодтой хотæ æмæ иууылдæр иумæ ацыдысты лæппуйы хæдзармæ.

Уыцы рæстæг астæуккаг æфсымæр Кабыс цыди ныгуылæнырдæм. Фарсгæ-фæрсгæ цыди адæмы, фæлæ йын йæ ныййарджыты тыххæй

ничи ницы фехъуыста. Æнкъардæй æмæ фæлладæй æрбадти саст бæласы хъæдыл. Кæсы, йæ разы къалиуыл цъиу абадти æмæ цъиу-цъиу кæны. Стæй сдзырдта адæймаджы хъæлæсæй:

– Уæртæ дæлвæзы ис лæгæт. Лæгæты мидæг ис Рæстдзинады айдæн. Фарста йæм куы раттай, уæд дын раст дзуапп ратдзæн. Фæлæ дын райсдзæн дæ рæсугъддзинад.

Ацыди Кабыс дæлвæзмæ. Ссардта уыцы лæгæт, бацыди мидæмæ æмæ уыны дынджыр айдæн, йæ кæрæттыл – бирæгъты сæргæхцыта сагъд. Бафарста айдæны, кæм сты мæ ныййарджытæ, зæгъгæ. Айдæн ныррухс и. Фæзынди йыл ахæм ныв: Бæрзонд хохы рæбын – æрдынæг. Бахизæны бады уæйыг. Йæ фæйнæфарс – дыууæ хъалагъуры. Мидæгæй дзы – стыр галуан. Цалдæр сылгоймаджы кæсынц алыхуызæн кары лæппутæм. Уыцы сылгоймæгты 'хсæн базыдта йæ мады. Дарддæр кæсы, æмæ уыны æнæкæрон фысвосы дзугтæ æнæкæрон быдырты. Фысгæсты 'хсæн базыдта йæ фыды æмæ йе 'фсымæр Уалыйы.

Айдæн сдзырдта Кабысмæ:

– Цæмæй фервæзын кæнай дæ бинонты, уый тыххæй хъуамæ фесафай уæйыджы. Мæ рæбынæй райс дурын мæнтæджы уидагæй арахъхъимæ. Уæйыджы фынгыл-иу æй сæвæр сихоры размæ, куыннæ дæ фена, афтæ. Куы бануаза уыцы арахъхъ, уæд æнусмæ бафынæй уыдзæн.

Райста Кабыс дурын æмæ лæгæтæй рацыди. Йæ къухтæм фæкомкоммæ и æмæ фæтарсти сæ хуызæй. Бацыд донмæ, йæ тæмæнмæ бакасти... Фыр тарстæй асхъиудта фæстæмæ: уымæй фыдуынддæр цæсгом никуы федта. Æрхъуыды кодта цъиуы ныхæстæ: райста йын айдæн йæ рæсугъддзинад. Фæлæ йæ йæхи мæт нал уыди, хъуамæ фервæзын кæна йæ ныййарджыты æмæ йе 'фсымæры. Ацыди Бæрзонд хохы 'рдæм.

Цас фæцыди, уый бæрæг нæй, фæлæ бахæццæ ис уыцы хохмæ. Бæлæсты фæстæ бамбæхсти æмæ æнхъæлмæ касти, уæйыг фынгæй кæд сыстдзæн аходæны фæстæ. Уæйыг куы ацыди, уæд Уалы дурын фынгыл авæрдта æмæ фæстæмæ хъæдмæ ацыди. Сихорыл уæйыгæн йæ фынгыл æрæвæрдтой ссæдз фысы æмæ дæс дурыны арахъхъ. Æрбадти фынгыл æмæ минас кæнын райдыдта. Дыууæ фысы аныхъуыры æмæ та иу дурын арахъхъ ануазы. Анызта Уалыйы дурыны арахъхъ дæр. Бафынæй ис æнусмæ уæйыг.

Фервæзтысты адæм. Сæ цинæн кæрон нал уыди. Алчидæр сæ тагъд кодта йæ хæдзармæ. Нæ базыдтой Кабысы нæдæр йæ ныййарджытæ, нæдæр йе ‘фсымæр. Лæппуйæн йæ цæстытæ доны разылдысты. Уалы бацыди Кабысмæ æмæ йын загъта:

– Хорз лæг, ды нæ фервæзын кодтай уайыгæй, æмæ дæ кæд фæнды, уæд махимæ ацу æмæ мын æфсымæр уыдзынæ.

Сразы и Кабыс.

Æрцыдысты сæ хæдзармæ ныййарджытæ, Кабыс æмæ Уалы. Куыддæр кулдуарæй бахызтысты, афтæ сæ размæ сæ куыдз ралыгъди ниугæйæ. Гæппытæ кæны фыр цинæй, сæ алыварс зилы, йæхи сыл рахаф-бахаф кæны. Цин кæны уазæгыл дæр.

Бадис кодтой иуылдæр, æмæ уæд Кабыс радзырдта алцыдæр. Туа рахаста йæ къупыри æмæ йе ‘фсымæрыл бакалдта цæрынгæнæг дон. Йæ хуыз фæстæмæ раздæры хуызæн фестади. Кæрæдзийыл цин кодтой бинонтæ. Амонд ногæй æрцыди сæ хæдзармæ.

Тагъд рæстæджы æртæ чындзæхсæвы скодтой. Уыцы амондджын таурæгъы кой ма ныр дæр фæкæнынц.

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

## АГЪНАТЫ ГÆСТÆН

*1943*

*Цæгат Ирыстоны адæмон фыссæг, Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреат, РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдар Агънаты Æмзоры фырт Гæстæн райгуырд 1943 азы 15 январы Хъарман-Сындзыхъæуы.*

*Дæсæм къласы ма куы ахуыр кодта, уæд журнал «Мах дуг»-ы рацыд йæ фыццаг радзырд. Астæуккаг скъолайы фæстæ бацыд Цæгат Ирыстоны педагогон институтмæ, фæлæ йæм дыууæ азы фæстæ фæсидтысты æфсады рæнхъытæм, æмæ хæстондендджызон флоты баслужбæ кодта цыппар азы.*

*1968 азы йын чингуыты рауагъдад «Ир» ныммыхуыр кодта йæ фыццаг чиныг – «Кæстæр чындз». Уыцы аз сси Мæскуыйы Максим Горькийы номыл Литературон Институты студент æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæцис.*

*Куыста алы бæрнон бынæтты: республикон радиойы уацхæссæг, телеуынынады хистæр редактор (стæй та – йæ сæйраг редактор), журнал «Ногдзау»-ы бæрнон секретарь, «Мах дуг»-ы сæйраг редакторы хæдивæг...*

*Гæстæнæн мыхуыры рацыд къорд чиныджы: «Чындзæхсæвы размæ», «Æнахуыр изæр», «Уазæгуаты», «Фæстаг бæх», «Йæ рухс ном», «Даргъ фæззыгон фæндаг»... Цалдæр ын дзы тæлмац сты уырыссаг æвзагмæ. 2013 азы рухс федта йæ роман «Темыры кæстæр чызг». Уыцы уацмысы тыххæй райста Къостайы номыл преми.*

*АГЪНАТЫ Гæстæн*

# ТИГЪСÆРДÆГ

*Радзырд*

Хур хæдзары сæрмæ ‘рцауындзæг, йæ тынтæ судзгæ ‘хсидæвтæй хауынц. Хадзысмелы къæхты бын агуыридуртæ фыцынц. Йæ уæззау улæфт, цыма йæ фæндаг æхгæд уыди æмæ ныр фегом, афтæ стыдта. Сæрдæн бел хæдзары тигъыл дурты æхсæн стъарапилыл æрæвæрдта. Рахиз къухы амонæн æнгуылдз æнцъылдтæ, хурсыгъд ныхыл абырыд; рыг æмæ тигътæсæрдæн змæстæй згæдоны хуызæн хиды æртæхтæ æнгуылдзы кæронæй агуыридурмæ æрызгъæлдысты. Лæг, хиды æртæхтæ дурыл куыд атадысты, уый нал федта: æргуыбыр, галиу цæст, цыма дзы исты бахауд, афтæ фæцъынд, тигъы кæронмæ акаст æмæ загъта:

– Топпы фаты хуызæн у, – Хадзысмел агуыридур хæдзары тигъыл æрæвæрдта, сæрдæн бел йæ къухы цыргъ кардау хурмæ ферттывта, дуры фæрсты асыффытт ласта. Стъарапилыл цалдæр агуыридуры – кæрæдзиуыл æвæрд. Тигъсæрдæг нæ разылд, афтæмæй дзы иу райста. Йæ цæст ыл ахаста: хорз у! Æниу ма йæм цæмæ кæсы, зынаргъ рæстæг дзæгъæлы цæмæн сафы? Йæхæдæг сæ куы равзæрста. Æллæх, æллæх, цы тæвд у! Знон сатæгдæр уыди.

Хадзысмел дысон бафынæй кæныны агъоммæ хæдзарæй рацыд. Кæрты астæу, арв æм, хæхтæ дзы кæм суадысты, уырдыгæй зæххы иннæ кæроныл кæм æрæнцад, уый куыд зындаид, афтæ æрлæууыд. Изæрон сатæг уæлдæф ногдыгъд æхсырау йæ хъуыры ацыд. Йæ къухтæ дуры хуызæн – хъæбæр, фæллад синты сæр æрхуыссыдысты. Лæг арвы æнæбын цъæх ахуырст къусмæ каст. Хадзысмел йæ сæр банкъуыста: райсом тынг æнтæф уыдзæн, адæймаг агуыридуртыл сфыцдзæн, ницы бантысдзæн кусын. Дымгæ уæддæр куы кæнид. Æниу, цы бæрæг и! Чи зоны, райсоммæ рæстæг аива. Уарын дæр нæ хъæуы, Хуыцау ма зæгъæд. Фæлтау хур зæххыл атулæд. Лыстæг сæлфынæг ницы хъыгдары, змæстыл цемент фылдæр акæндзысты, æмæ тынг хорз уыдзæн. Хадзысмел хæдзармæ бацыд. Йæ кусæндзаумæттæ, дурсæттæн къæдз дзæбуг æмæ сæрдæн чысыл бел сынтæгмæ хæстæгдæр æрæвæрдта. Гом рудзынгæй ма æнæкъæм арвыл йæ цæстæнгас ахаста; кæртæй цалынмæ мидæмæ здæхт, уæдмæ

дзы цыма цыдæр ивддзинад æрцыд, цæмæндæр æм афтæ фæкаст. Стъолæй сахат райста æмæ, дзæнгæрæг куыд ныццæгъда, афтæ йæ саразта. Сахаты уазал æрттиваг цæсгом æм дзæбæх куыд зына, афтæ йæ æрæвæрдта æмæ æрхуыссыд. Йæ сæр пакъуы базы здыйы къæрттау анығъуылд, фæллад уæнгтæ ногæхсад хуыссæныл адæргъ сты. Цæстыты рухс ахуыссыд. Чысыл фæстæдæр æфсин, тæнæг хæдоны йæ разы куыд æрлæууыд æмæ йын йе 'рдæггом цæстытæм мидбылхудгæ куыд каст, цырагъ куыд ахуыссын кодта æмæ йæ фарсмæ куыд æрæнцад, уымæн дæр, цалынмæ райсомæй сыстад æмæ йын ус уыцы хабæрттæ радзырдта, уæдмæ ницы базыдта. Æфсин хуыссыд фæллад адæймагау, сахаты дзæнгæрæг фæдисмæ сидæгау зæлланг кодта, фæлæ, марадз-зæгъай, кæд райхъал. Æмæ йын уæд Хадзысмел сахат йæ хъусы цур авæрдта, мæсты дæр ма йæм ссис: цавæр фынæй у? Хъуамæ йын алывыдтæ акалдтаид, фæлæ йыл æфсин баузæлыд; йæ буар æмæ былты хъармæй лæджы маст атад. Хадзысмел зæрдæрухсæй кусынмæ ацыд.

* * *

– Студент, цы ми кæныс? Ме змæст фæци! – райхъуыст Хадзысмелы хъæлæс, йæ цæстытæ сæрдæн белæй фескъуыдысты, хæдзары сæрæй сæхи аппæрстой æмæ рудзгуыты бын æрыгон, астæуы онг бæгънæг лæппуйыл æрæнцадысты. Хадзысмелы бедрайы ма змæст ис, фæлæ уадз æмæ схæсса, алы уысм дæр сызгъæринау зынаргъ у.

– Фæхæссын! – дзуапп радта студент. Дзæбæх, æнæзивæг лæппу у, æнæ уæлдай дзырд. Йæ ном бæлвырд цыдæр хуындис; Хадзысмелимæ куы базонгæ сты, уæд ын æй загъта, фæлæ дзы ферох. Æниу æй цæмæн хъæуы? Иумæ, мыййаг, цæрæнбонтæм нæ кусдзысты, иу къусæй нæ хæрдзысты.

Студент сыздæхы, змæст æмæ йæ уæзæй асины къæс-къæс цæуы.

– Ма ахау.

– Ма тæрс.

Асин къулмæ æрбахæстæгдæр хъæуы. Лæппуйæн бедра зындæр хæссæн уыдзæн, фæлæ æдасдæр. Исты йыл куы æрцæуа, уæд йæ пайдайæ йæ зиан фæфылдæр уыдзæн. Хадзысмелы æфсон æй фæкæндзысты, йæ сæр æлгъыстаг фæуыдзæн; йæ цæст æм нæ фæдардта, нæ йын ацамыдта...

Студенты буар сойы æвдылдау æрттивы, хиды æртæхтæ йæ

хæлафы комдæлмæ лæсынц. Йæ сæрыхъуынтæ – ног æхсады хуызæн, фæйнæрдæм æркалдысты, ныхыл баныхæстысты. Бедрайыл цы къухæй хæцы, уый нуæрттæ гитарæйы телтау аивæзтысты. Кæсаджы зæхмæ куы сæппарай æмæ йын улæфт куынæуал фаг кæна, уыйау йæ тыхулæфт хъуысы. Мур дæр ын ницы у! Хадзысмел фынддæсаздзыдæй фæстæмæ куы хафы йæ игæртæ дуртыл, йæ уырзтæ ныскъуыдтæ сты, ницыуал æмбарынц, уæддæр ма абон дæр цæры, сагсырды хуызæн у. Мæнæ ныр дæр дурты сæр уæхстау фыцы, йæ сæр риссы, ных фæйнæрдæм тоны, буар судзы, уæддæр фæразы: хæдзары тигътæн абон, дуне иннæрдæм куы рафæлдæха, хур Хадзысмелæн йæ синтыл куы атула, уæддæр æнæ байсæрдгæ нæй.

Хадзысмелы дурсæттæн дзæбуджы хуызæн нықъкъæдз студент, афтæмæй æрæфтыл ссæуы, йæ гуыбын астæуыстæгыл баныхæст. Йæ улæфт тынгдæр хъуысы, йæ къухы тугдадзинтæ, цыма атонынмæ хъавынц, афтæ ныннæрстысты.

– Дæ къæхтæ арæхсгæ ис, дуртæ сызмæлдзысты æмæ та нын – дыккаг куыст.

Студент ницы загъта, уæззау бедра æрæфыл æрæнцад. Лæппу сулæфыд, йæ къухтæ æруагъта. Хадзысмел æм скаст:

– Бафæлладтæ?

– Нæ.

– Уæдæ мæм бедра хæстæгдæр æрæвæр, – дард æм нæу, æххæссы йæм, фæлæ йæм цæмæн хъуамæ иваза йæхи? Ныр ма куысты æмбис разæй ис, æмæ бафæллайдзæн. Æхца доны къусы сæфт фæкæндзысты. Дысон хæдзары хицауимæ фондз сомыл сахатæй фылдæр фæдзырдтой. Кусынæй дзурын æнцондæр у, и? Хадзысмел зыдта: хæдзары тигътæн æнæ сæрдгæ нæй, æмæ сæ уымæй хуыздæр та, Мæскуыйæ куы æрхона, уæддæр ничи байсæрддзæн æмæ йын уæд æнæ бафидгæ цы хос ис! Æмæ Хадзысмел дзырдта: карз тох рамбылдта, йæ кард кæрддзæмы уæлахизæй нытъъыста. Табуафси, кæд æй нæ фæнды – не ’рбацæуудзæн. Цалдæр хæдзары йæм æнхъæлмæ кæсынц. Ныр та цы, куыст – къубалмæ. Æрмæст фæраз. Гъей, джиди, сæрды-иу лæгмæ цалдæр адæймаджы хъæру куы уаид! Мæхæмæт æмæ ма Данел дæр сæрдынц, фæлæ Хадзысмелы раз уыдон цы сты, кæй хъæуынц, чи сæм бадзурдзæн? Сæхи дæр æмæ адæмы дæр тухийæ марынц, сæ сæрст тигътæ зылынтæ-мылынтæ рауайынц. Æппынфæстаг, уæд та тигъы иу кæронæй иннæмæ бæттæн

ауадз. Ӕдылытӕ, уӕвгӕ уый ӕрхъуыды кӕнынӕн дӕр сӕртӕ хъӕуы. Цыма баст цӕстытӕй фӕкусынц; къуымых фӕрӕтӕй амады хуызӕн сӕ сӕрст – ӕвидауц, чъизи, змӕстӕйduртӕ схъулӕттӕ кӕнынц. Хадзысмел сын сӕ куыст куы фены, уӕд йӕ пыррыкк уромын нал фӕфӕразы. Хӕдзары хицауӕн тӕригъӕд фӕкӕны. Хадзысмел йӕ галиу къухӕй дӕр уыдонӕй хуыздӕр байсӕрддзӕн. Тигътӕ – ӕмраст, сыгъдӕг, иу ӕртах дӕр змӕстӕй иннӕ дуртыл не ’руадздзӕн, дурты фӕрстӕ кардӕй лыгау – лӕгъз. Йӕ куыст хъуамӕ рӕсугъд уа, аив, бындурон, фау ӕм мачи ӕрхӕсса, хӕлӕг ӕм кӕной.

Тигъсӕрдӕг фӕстӕмӕ разылд, стъарапилы уӕлӕ – агуыридуртӕ, хъуамӕ дзы ӕрбайса. Иу уысм йӕ къух уӕлдӕфы, цыма сӕлгӕ акодта, афтӕ ӕнӕ змӕлгӕйӕ аззад. Цӕмӕн исы йӕхӕдӕг дуртӕ? Ауыстӕн, базӕронд, фӕлӕ уӕддӕр йӕ сӕры зонд нӕма бацыд. Студент йӕхӕдӕг ӕнцад-ӕнцойӕ йӕ цуры лӕууы ӕмӕ йӕм кӕсы, уый та йӕхи тухӕнӕй мары. Акӕс-ма! Афтӕ гӕнӕн нӕй. Ӕхца йын фиды, ӕхца, ӕмӕ хъуамӕ иу минут дӕр ӕнцад ма лӕууа, зилдух кӕна!

– Дуртӕ мӕм ӕрбадӕтт.

Студент фезмӕлыд. Хадзысмелы цур дур ӕрцауындзӕг.

– Гъе, уый хъуыддаг у, гъе! Изӕры авд сахатмӕ хъуамӕ тигътӕ ацъыкк ласӕм, и?

– Ууыл ныхас дӕр нӕй.

Хадзысмел бахудт: адӕймаг ныфсхаст куы уа, уӕд хорз у, никуы фесӕфдзӕн.

– Бедра та мӕм ӕрбахӕстӕгдӕр кӕн, студент. – Хадзысмелы сӕрдӕн бел дуры фӕрсты ацъыввытт ласта, тетрады сыфау змӕст алӕгъз. Табуафси, гӕххӕтты бӕсты йыл фысс. Хадзысмел тигъыл йӕ цӕстӕнгас ахаста ӕмӕ йӕ мидбылты бахудт. Студенты къухӕй ӕнӕ кӕсгӕйӕ агуыридур райста. Ауыстӕн, Мӕхӕмӕт ӕмӕ Данел ног куы райгуырой, цалдӕргай азтӕ сӕ куы фӕахуыр кӕной, уӕддӕр афтӕ рӕсугъд нӕ байсӕрддзысты. Ныр цалдӕр азы кусынц, уӕддӕр нӕ ахуыр кӕнынц. Ӕгуыдзӕг адӕм. Ӕнтысгӕ дӕр сын ницы кӕны. Кусгӕйӕ, дзӕгъӕл дзӕнгӕда фӕцӕгъдынц ӕмӕ, ай-гъай! Ӕфсӕст родты хуызӕн сӕ сым-сым фӕцӕуы. Кусгӕ, уӕд – кусгӕ! Ауыстӕн, Хадзысмел уыдоны хуызӕн ницӕйаг куыст кӕны, зӕгъгӕ, уӕд иу сӕрдмӕ къупец суаид. Фӕлӕ нӕ! Хадзысмел ахӕм лӕг нӕу, ӕваст ӕй бирӕ ӕхцатӕ нӕ хъӕуы, дарддӕрыл хъуыды кӕны. Хадзысмелмӕ адӕм рады лӕууынц, йӕ маркӕ ӕндӕр у. Йӕ сӕрст тигътыл дыууӕ-

ærtæ азы дæргъы алы бон дæр их куы фæуара, уæддæр дзы карды бырынчъы йас нæ рахаудзæн.

Айфыццаг Мæхæмæт æмæ Данелимæ уынджы фембæлдысты. Годотæ, сæ «æмбисонды хæрзхъæд» æмæ «æмбисонды рæсугъд» куысты фæстæ анызтой (уыдонæн арахъхъ чи радта, уый дæр сæхи хуызæн!) æмæ, чъыллиппытæ кæнгæ, цыдысты. Хадзысмелы куы ауыдтой, уæд æрлæууыдысты æмæ йæм хъазгæмхасæнты алы æлхыскъ ныхæстæ æппæрстой, барæй сыл хъапхай сылгоймæгты хуызæн сæртæг чыр-чыр бахæцыд.

Хадзысмел иу сусæгдзинад йæхицæн раджы райгом кодта; адæймаджы æцæг зæрдæйы уаг дæ базонын фæнды, уæд ын фыццаджы-фыццаг дæр йæ цæстытæм бакæс, уыдон дын сæ хицауы тыххæй бирæ цыдæр æмбæхст хъуыдытæ зæгъдзысты. Хадзысмел, Мæхæмæт æмæ йæм Данелы цæстытæ сæ хъæлдзæг худт æмæ ныхæсты ауунтæй, цыма сын сæ фыдæлты сау ингæнтæм уый барвыста, ахæм мæстджын каст кæй кæнынц, уый хорз рахатыдта. Се знагыл æй нымайынц. Оу, мæнæ диссаг, цы сын кæны? Цыма сæ не ’мбары, йæхи афтæ дардта.

– Æнæхъæн район дæхи бакодтай.

– Цомут нæ хæдзæрттæм æмæ баулæфæм.

– Хадзысмел, – Мæхæмæт æм хæстæгдæр балæууыд æмæ, дзедзырой кæнгæ, загъта, – мæ сывæллæтты къæбæр мын байстай, бамбæрстай?

Данелыл дæр, мæгуыр, æнæуи дзы гобиау дзырд не схаудзæн, фæлæ уæд базыртæ базад, арахъхъ ын ныфс æмæ хъаруйы хос фæци. Йæ цæстытæ фыр расыгæй кæрæдзиуыл баныхæстысты, тыххæй ма сæ каст, сæ дон лæдæрст. Мæгуырæг, Хадзысмелмæ сæ бæгуы лæгау сзылдта æмæ, цъыс-цъыс кæнгæ, загъта:

– Ирон лæг хъуамæ æхцайы тыххæй йæ сæрыстырдзинад ма уæй кæна, ды та? Худинаг дын нæу?

Æ, годо, годо! Чи нæ мын зæгъдзæн ирон лæг æмæ сæрыстырдзинады тыххæй! Сæ ныхас цæмæ ахызтаид, чи зоны? Расыг лæг æдылы у, уыдон та æвронгæй дæр мæлæты зонды хицæуттæ не сты! Æмæ сæ Хадзысмел уынджы астæу дзæнгæда цæгъдгæ ныууагъта. Фæсте ма йæм сæ сым-сым хъуыст, ды бафсæд, мах дæр Хуыцауы фæрцы нæ фесæфдзыстæм, зæгъгæ. Фæлæ сæм Хадзысмел кæсгæ дæр нал фæкодта. Ницы сты уыдон, сæ ныхæстæ мæнæ пылыл æрдутæ куы

‘ппарой, афтæ. Годотæ, æвæццæгæн, æнхъæл сты, æмæ Хадзысмел ам тъæпп-уым тъæпп куыстытæ нæ зоны! Бæгуыдæр зоны, фæлæ дарддæрыл хъуыды кæны. Хадзысмелы маркæ хъуамæ хурау бæрзонд уа, сæхи йæм тавой. Кæд искæмæн йæ бон у, табуафси, стæхæд æм, фæлæ ахæм нæма разынд, стæй нæ разындзæн, сæ базыртæ басудздзысты. Хадзысмелмæ хъуамæ адæм рады лæууой.

– Студент афтæ, гъе, цæуы тох, – Хадзысмелы цæстытæ гæлир хъæмпын худы ауунæй мæсты æрттывд фæкодтой.

– Цы? – хæстæгдæр æм æргуыбыр лæппу.

– Ницы, ды йæ уæддæр нæ бамбардзынæ. Æри дур, змæст æрбахæстæгдæр кæн.

Хадзысмелы фæсонтæ судзынц, буар æлхысчъытæ кæны, уæнгтæ риссынц. Хæдон скæнид, фæлæ уайтагъд лæмаринаг авæййы, æмæ йыл рæстæг хардз кæн, ноджы догъытæй ахуырстау буарыл ныххæцы.

– Студент, мæ синты цъар ныкъкъæтæр.

– Аулæфæм уал.

– Фæстæдæр, нырма раджы у. Фæлтау мæм дæ разы дуртæ хæстæгдæр æрæвæр æмæ мын мæ майкæ сдав. Афтид бедра демæ айс æмæ змæст дæр схæсдзынæ.

– Хорз, – студент фæаууон. Хадзысмел йæ фæстæ акаст.

– Ахæмимæ адæймаг кусынæй никæд схъыг уыдзæн. – Куыддæр æй федта, афтæ йæ зæрдæмæ фæцыд.

Цæвиттон, Хадзысмел уæллаг сыхы иу ног æрлидзæджы хæдзæртты тигътæ сæрста æмæ уым фæзонгæ сты. Лæппу горæты ахуыр кæны, сæ бинонтæ ам кæмдæр цæрынц. Уыдон дæр æрæджы æрбалыгъдысты, ныр сыл иу-цалдæр мæйы цæуы, фæлæ сæ Хадзысмел нæ зоны. Хъæу горæтæй фестырдæр æмæ, ай-гъай, стæй куыстæй лæджы йæ сæр схъил кæнынмæ дæр не ’вдæлы. Хадзысмелæй мæнæ йæхи зæронд зонгæтæ дæр рох кæнын куы райдыдтой. Цы чындæуа, афтæ у йæ куыст – талынджы ацу æмæ талынджы æрбацу.

Хадзысмел лæппуйы куы федта, уæд загъта:

– Мемæ кусын дæ нæ фæнды? Алы бон дæр дын фынддæс сомы фиддзынæн.

Студент ницы сдзырдта, хъуыдыты аныгъуылд. Хадзысмел æм аивæй бакаст æмæ базыдта – фæнды йæ, йæ цæстытæ худтысты, цины рухс сæ калд. Лæппу загъта:

– Æмæ мæ нæ фæсайдзынæ?

– Цигайнаг дæн, цавæр сайд у?! – лæппу йыл цæмæй хуыздæр бауvæнда, уый тыххæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Мæхæдæг та исдзынæн иу-дыууæ туманы бæрц.

– Разы дæн.

Бадзырдтой. Хадзысмел ын, кæдæм цæуын хъæуы, уый бацамыдта æмæ йæ райсомæй хæдзары къæсæрыл, йæ сæр уæрджытыл æвæрд, афтæмæй фынæйæ æрбаййæфта. Йæ фарсмæ – бæндæн, йе кæронып уæзæгтæ исæн цалх баст. Лæппу къæхты хъæрмæ фесхъиудта, тигъсæрдæгмæ, цыма йæ никæд федта, ахæм каст скодта, фæджих, стæй бахудт æмæ загъта:

– Афынæй дæн.

– Æнхъæлдæн, айрæджы кодтон.

– Æз дæр бирæ раздæр не ’рбацыдтæн, – студент цæрдæг фестад, йæ цæстытæ ауæрста, уæйыгау йе уæнгтæ айвæзта, ныуулæфыд æмæ загъта:

– Æз цæттæ дæн.

– Уый та дæ цæмæн хъæуы? – Хадзысмел бæндæнмæ ацамыдта.

– Змæст дзы исдзынæн хæрдмæ.

– Уый рæстæг сафæн у, асинтыл хæсгæйæ тагъддæр уыдзынæ, – загъта Хадзысмел æмæ лæппумæ бакаст: цы йæ фæнды? Бедра-иу тигъмæ сласдзæн, стæй-иу æй Хадзысмел куыд сæнтъæра, афтæ йæ фæнды. Уый гæнæн нæй.

– Хорз уæдæ, – студент бæндæн хæдзары къуыммæ базыгъгъуытт ласта.

Абон иу рæстæджы Хадзысмелы къух уæлдæфы ауыгъдæй аззад, хъуамæ лæппуйæ агуыридур райстаид, фæлæ йыл нæ фæхæст æмæ разылд. Цы хабар у, цæуылнæ дætты студент дуртæ? Лæппу джихæй лæууы, йæ цæсгом рухс. Хурскæсæны сæуæхсиды сырх æвзæгтæ цъæх арвы хъæбысы куыд ссыгъдысты, уымæ æдзынæг каст.

– Студент, – фæдзырдта йæм Хадзысмел. Уый йæ нæ фехъуыста, йæ мидбылты худт. Уыцы минут тигъсæрдæгмæ студент цæмæндæр сывæллоны хуызæн фæкаст.

– Студент! – хъæрдæрæй загъта Хадзысмел.

– Циу?!– лæппу фæзылд, дур æм бадардта. – Хъуыдыты аныгъуылдтæн, æмæ...

– Æвæццæгæн, хурыскаст бирæ уарзыс?

– Цæуылнæ! – куыдфæндыйæ загъта студент.

– Цыдæр сагъæс дæ бацыд?

Лæппу Хадзысмелмæ комкоммæ бакаст æмæ загъта:

– Демæ къуыри куы бакусон, уæд мæм цас рацæудзæн, уый зоныс? Дæс туманы æмæ фондз сомы, – лæппуйы цæсгом ноджы фæхъæлдзæгдæр.

– Бирæ, нæ?

– Кусæджы мæйы мызд – къуыримæ. Уый чысыл нæу.

– Дуртæ мæм дæтт æмæ афтæмæй дзур.

– Хорз.

– Ауыстæн, студент, мемæ куы кусай, уæд æхцайы бын фæуыдзынæ.

Лæппу бахудт:

– Нейлон плащ балхæндзынæн. Ныр, дам, модæйы нал у, фæлæ йæ æз бирæ уарзын, мæ зæрдæмæ тынг цæуы, стæй – чехословакиаг туфлитæ.

– Бедра æрбахæстæгдæр кæн. Кæм ахуыр кæныс?

– Педучилищейы, – зивæггæнгæ дзуапп радта лæппу.

– Ахуыргæнджытæн дæр, æнхъæлдæн, сæ мыздыл бафтыдтой.

– О, ныр хорз исынц.

– Æмæ ма дæ ахуыр кæнын бирæ хъæуы?

– Би-и-рæ, æртæ азы æмæ æрдæг.

– Ахуыр кæн, фæстæдæр дын æнцондæр уыдзæн. Мæнау хæдзæртты сæр нæ рахау-бахау кæндзынæ.

– Ды та æхца бирæ исыс.

– Уый афтæ у, студент, – лæппумæ скаст Хадзысмел. – Æнæ æхца цæрæн нæй, æхца куы уа, уæд никæм фесæфдзынæ, лæгъстæйаг никæмæн уыдзынæ, æмæ уыйадыл фыдæбон кæнын.

– Æз училищейы фæстæ университетмæ бацæуынмæ хъавын.

* * *

Студент Хадзысмелы майкæ æмæ бедрайы дзаг змæст схаста, лæф-лæфгæнгæ йæ цуры æрлæууыд. Тигъсæрдæг хурмæ скаст, йæ сæр банкъуыста.

– Рæстæг фæцæуы, цырддæр æвналын хъæуы.

– Кæдæм тагъд кæныс, уæддæр изæрмæ фæуыдзыстæм.

– Ахæм сабыр куыстæй ныл стъалытæ скæсдзысты, – йæ зон-

гуытыл ӕрлӕууыд Хадзысмел ӕмӕ сӕрдын байдыдта. Хиды фӕрдгуытӕ йӕ дӕллаг хъуырӕй згъӕлынц. Студент ын йӕ къӕхтӕм фӕкомкоммӕ; кӕд туфлиты хӕдзары сӕрӕй рахауынӕй тӕрсы, уӕд та дзабыртӕ скӕнӕд. Йӕ къӕхты бынтӕ къамбецы цармы хуызӕн – сау, нықъкъӕтӕр сты, кардӕй лыгтау – фазтӕ. Зӕвӕтты бынтӕ бур пъадостау – хъӕбӕр, куыд уа, цы уа – лӕгӕн дзы зӕгӕл бакъуырын нӕ бакомдзӕн. Хадзысмел студентӕн дӕр дзырдта, ӕнӕ къахыдарӕсӕй кус, ӕдасдӕр у фӕбырынӕй, зӕгъгӕ. Лӕппу бӕгъӕмвадӕй афӕлвӕрдта, фӕлӕ йӕ къӕхтӕ дурты схъисты ӕмӕ ӕрӕфты цыргъ фӕрстыл судзаг рыст нӕ баурӕдтой, уадидӕгӕн йӕ туфлитӕ скодта.

– Рацӕут ӕмӕ исты ахӕрут, – ӕфсины хъӕлӕс кӕртӕй сыхъуыст. Хадзысмелы цӕстӕнгас сӕрдӕн белӕй фескъуыд, йӕ сӕрыл схӕцыд ӕмӕ адзырдта:

– Цӕттӕ сты?

– О, рацӕут, ӕгӕр ныууазал уыдзысты.

– Фӕцӕуӕм. – Хадзысмел йӕхимидӕг бахудт. Гӕр ӕмӕ куыд? Нӕ ацӕттӕ кӕндзӕн! Хадзысмелӕн хъуамӕ алцы дӕр пъланыл уа. Тигъсӕрдӕн дурты ӕхсӕн стъарапилыл змӕст тагъд-тагъд ныккалдта. Хӕрын дӕр хъуыддаг у. Абон ма сӕм ӕфсин йӕ ивазгӕ хъӕлӕсӕй иу хатт фӕдзырдта хӕрынмӕ. Хадзысмел ӕнхъӕл уыд: ныххиздзысты, ахӕрдзысты ӕмӕ сӕ куыст дарддӕр кӕндзысты, фӕлӕ цӕуылнӕ! Уымӕн дзы амонд хъӕуы. Цыдӕр сымгӕнаг ус у, пъаравозау лӕф-лӕф кӕны, фыр нӕрдӕй йӕ гуыбын ӕрзӕбултӕ, бабызы хуызӕн дыууӕрдӕм цудгӕ цӕуы. Уый цалынмӕ иуырдӕм зила, уӕдмӕ Хадзысмел цалдӕр дуры джиппы уагъды хуызӕн авӕрдзӕн. Абон сӕ ныццыдмӕ чъиритӕ нӕ алыг кодта, комдзӕгтӕ цӕхӕры къӕрттытау комы къултӕ сыгътой, хъуыры цъар ахсӕнмӕ хастой. Ӕгӕр-мӕгуыр ма ӕйчытӕ дӕр нӕ астыгъта. Ау, куы базӕронд, уӕд никуы ницы федта? Чъириты чысыл уазалмӕ бауадз, стӕй сӕм фӕдзур. Уыдон дӕр фӕдисы нӕ цӕуынц, йе бирӕгътӕ не сты, мыййаг. Дуне рӕстӕг хуыцауы дзӕгъӕлы фесӕфтой. Хадзысмел хъазгӕмхасӕнты ӕфсинӕн йӕ хъусы бацагъта, ноджы нӕм раздӕр фӕдзырдтаис, уӕддӕр махӕн рӕстӕг бирӕ ис ӕмӕ парахатӕй фӕбадтаиккам, искӕй фыдгой акодтаиккам, куыст бирӕгь нӕу, никуыдӕм алидздзӕн, зӕгъгӕ; ӕфсин цыдӕр къуырма у, йӕ фӕсномыг ныхас ын нӕ бамбӕрста:

– Æмæ цы кæны, цы! Ацы тæвды æддæмæ рацæуын дæр стыр хъуыддаг у, уæд хæдзары сæр кусын æнцон у? Мæ мæрдтыстæн, хус æхсныф артыл куыд ныггуыпп ласа, афтæ адæймаг дуртыл ссудздзæн. Аулæфут-иу, уæхи цæуыл марут? Цæхæрадонмæ-иу бауайут, хорз чылауитæ нæм ис, халсартыл-иу разилут. Æфсæрмы æппындæр мацæмæй кæнут.

Нæ кæсыс, Хадзысмелы дæ кæлмхæрд чылауитæ æмæ хинæйы хуызæн бур маст бицъи-джитъритæ æхсызгон бахъуыдысты, уыдоны мæтæй йыл дысон хуыссæг не ’рхæцыд. Æвæццæгæн, æнхъæл сты, æмæ Хадзысмелы дурты сæр йæ уыргтæ физонæг кæнын тынг фæнды, йæ хъалæй бады уым зырзыргæнгæ? Кусæг лæг у, кусæг лæг, æмæ йын æнæ тухæнæй хуынкъ суари дæр ничи ратдзæн. Ацы рæстæджы фистæг къухæй куы нæ бавналай, дæ цæхджын хид дыл куы нæ ныхъхъæбæр уа, уæд зымæджы йæ хæдзары къултæм кæсдзæн, æви, мыййаг, йæхæдæг дæр æмæ йæ бинонтæ дæр арсау сæ къæхты бынтæ сдæрдзысты? Ныртæккæ ам дурты сæр фыцыны бæсты айдагъ майкæйы доны был бæласы бын цъæх нæууыл йæхи Битъыры хъазы уагъд бæргæ акæнид æмæ доны иугæндзон хæлхæлмæ хъусид, фæлæ нæй гæнæн. Сæрды йæ иу боны бакуысты пайда иуæй-иу æгуыдзæгты мæйы куыстæй фылдæр ахады, æмæ йын алы минут дæр зынаргъ у. Ноджы ацы студентимæ хорз бакусæн ис.

Хадзысмел йæхи нæ баурæдта æмæ, æфсинмæ мæсты кæй кæны, уый йын куыд бамбара, ахæм хъæлæсы уагæй загъта:

– Мах кусæг адæм стæм, æмæ нын алы минут дæр зынаргъ у, нæ хæдзæрттæй курортмæ нæ рацыдыстæм.

– Æмæ цæуыл уæхи марут, райсом дæр ма ацы мæйæ у, – загъта ус.

Хадзысмел фыр мæстæй иуварс азылд, усмæ бакаст. Ау, дыууиссæдзаздзыд гъæйт-мардзæ лæг къæпсырдæндаг донауазæн бутъройы хуызæн усæй, райсом дæр ма ацы мæйæ кæй у, уый æвзæрдæр зоны! Мæлæты хабедзен! Хæринаг куыд æрæвæрын хъæуы, уый йæ гопп нæ ахсы, æмæ мын уынаффæ кæныныл схæцыд! Хадзысмелы кæд цы кæнын хъæуы, уый алкæмæй дæр хуыздæр зоны, бамбæрстай, къуырма? Алчи дæр йæхи цардæн дæсны у.

Хадзысмел сбадт æмæ хордта. Йæ уырзтæ зынгтæ исæгау сыгъдысты. Студентыл, мæгуыр, фу-фу кæнгæйæ, рæстæг аивгъуыдта. Тæригъæд уыд, фæлæ йын цы кодтаид? Лæг хъуамæ бирæгъы хуызæн уа, суанг хæргæйæ дæр, æмæ ахуыр кæнæд.

Хадзысмел бирæ хæрын нæ уарзы, фæлтау арæх æмæ тагъд. Науæд лæг æфсæстæй сывæрджын усау вæййы, кусгæйæ хæфсы хуызæн лæф-лæф кæны. Адæймагмæ ницуал кæнын фæцæуы, уæнгтыл зивæг бахæцы. Абон фынджы уæлхъус куы сбадтысты, уæд студентæн, цырддæр хæр, зæгъгæ, бæргæ бамбарын кодта, фæлæ ницы. Хæрынмæ дæр лæг хъæуы, лæг! Ныр ма йæм кæс: йе'фсæртæ дзæбæх тагъд куы змæлынц, æфсæйнаг дæр ауилдзæн. Ха-ха-ха! Студент, абон дын Хадзысмел хорз урок сарæзта. Æрцахуыр дæ кæнид, бæргæ. Хадзысмел дæ профессыртæй профессырдæр у, уыдон чингуыты профессыртæ сты, уый та царды профессор у. Æфсад дæр хорз у, адæймаджы мысты хуынчъы ауайын кæнынц, тызмæг, æнæхатыр царды ад йæхиуыл бавзары, цæфхадау адæймаджы бахсидынц. Студент, студент, æрыгон дæ нырма. Мæнæ дæ цард, их сырхбазыр дидинæджы куыд æрхойы, афтæ куы æрдзæккор кæна, куы дæ ауæрда, дæ фæззæг дыл Хадзысмелау куы æрцæуа, уæд алцы дæр бамбардзынæ, дæ къæбæрæн фу-фу нал кæндзынæ, дæ къухы тæппæлттæм сусæгæй нæ кæсдзынæ. Студент, студент, фидар лæуу! Цард тызмæг у!

– Студент, æз фæдæн, – Хадзысмел йæ хурсыгъд былтæ къухы уæлармæй асæрфта.

– Æз дæр, – лæппу йæ комдзаг аныхъуырдта.

– Фæйнæ сыкъайы дæр ануазут, – æфсин дыууæ агуывзæйы арахъхъ рауагъта.

– Цæмæй рахауæм, уый дæ фæнды? – Хадзысмел тамако сдымдта, фæздæг йæ фындзы хуынчъытæй зиллаччытæй ракалд, фынджы сæрмæ апырх.

– Хуыцау бахизæд.

– Куыст куы фæуæм, уæд дзы фæйнæ ануаздзыстæм. Цом, студент. – Лæппу Хадзысмелы фæстæ араст.

* * *

Иугæр хур ныгуылæнмæ фæкъул, уæд бон фæци. Хур ма иу сахаты размæ дæр дзæвгар бæрзонддæрæй сыгъди, ныр хæхты сæрмæ æрдзедзыкка, чысыл рæстæг ма, æмæ сæ фæстæмæ ныххаудзæн. Хадзысмелæн дæр ма фæстаг тигъ баззад сæрдинаг, уымæй дæр цалдæр дуры æрæвæрдта, хурныгуылдмæ фæуыдзæн, йæ зæрдæйы фæндон сулæфдзæн. Гъей, джиди!.. Абон райсомы хъаруйы æрдæг ма

уæддæр куы уаид йе уæнгты. Дыууиссæдз – фондз æмæ дыууиссæдз минутмæ хæдзары тигь сæрст фæуаид, ракетæйау сзынид.

Бафæллад Хадзысмел. Хъуамæ уæлдæр схиза. Йæхиуыл схæцыд, уæнгтæ фезмæлын нæ комынц, ныддур сты. Æрæфтæ йæ сæхимæ нылхъывтой. Хадзысмел йæ астæуы къæдз сраст кодта. Охх! Охх! Æвæццæгæн, йæ астæу ныссæстытæ, риссы. Йæ къæхтæ нындзыг сты, фæтасын нæ комынц, хъæды лыггæгтæ фестадысты. Хадзысмел æрæфтæй йæхи атыдта, слæууыд, йæ риуы дзаг сулæфыд. Фæцудыдта, æрæф ацахста. Адæймаг гуыпп, зæгъгæ, асхъиудзæн. Ау, афтæ сæнæхъару? Худинаг, худинаг! Хадзысмел йæ цыппæртыл уæлдæр схызт, хъуынджынбуар, гæмæхфæстаг æфсымæры-маймулитæ дæр раст афтæ фæбырынц. Лæг æрбадт, тигъмæ æргуыбыр. Йæ астæуыстæджы къæр-къæр ссыд. Тигъсæрдæг ныууынæргъыдта:

– Студент!..

– Фæхæссын, – æрбайхъуыст лæппуйы лæмæгъ хъæлæс. Мæгуыр, дзырд дзы нал хауы. Афтæ у црд, студент, сырх æхцатæ лæвар ничи дæтты, сæры бæсты йе уæхсчытыл куысыфтæг ничи хæссы. Партæйыл бадын æнцондæр у, нæ? Ай-гъай! Хъус æмæ тетрады хæххытæ кæн, чиныджы сыфтæ дæ фæлмæн урс æнгуылдзтæй фæлдах. Чысыл раздæр, мæгуыр, змæсты бедра бæгуы лæгау хæрдмæ сдæттынмæ хъавыд, йæ тихалæг къухтæй йыл дыууæрдыгæй схæцыд, асины къахæй йæ атыдта. Бедра суанг йæ фындзмæ схæццæ, фæлæ... Æваст йæ къухтæ тихалджытау фæсастытæ сты æмæ змæст быламыхъхъау йæ риуыл акалд. Бедра дзыгъал-мыгъулгæнгæ атахт. Лæппу федзæм, цыма йе ’взаг ахауд, бедрайы фæстæ джихæй каст. Цалынмæ йæ Хадзысмелы ныхас, ацу æмæ ног рахæсс, зæгъгæ, райхъал кодта, уæдмæ æнцад лæууыд. Ницы кæны, афтæ дæр вæййы, студент.

Тигъсæрдæг агуыридур райста. Цы уæззау у!.. Йæ къух æй нал уромы. Ау, афтæ сæдых? Хадзысмел дурыл дыууæ къухæй фæхæцыд, тигъыл æй æрæвæрдта, сæрдæн бел змæстæй стыдта. Ауыстæн, тынг бафæллад Хадзысмел, фæлæ тигъæн æнæ байсæрдгæ нæй, цалынмæ змæлын фæраза, уæдмæ не ’рхиздзæн. Æниу, мæнæ ма цалдæр дуры сæвæрдзæн, æмæ фæци, иу кусгæ бон та аивгъуыдта дунейы тæккæ хуыздæр тигътæсæрдæг Бирæгъаты Хадзысмелы цардæй. Фæлмæн гобан, пух баз æмæ йе ’фсины хъарм авджы хуызæн лæгъз буар та йын йæ фæллад фæсурдзысты, райсоммæ та ног райгуырдзæн, агуыридуртæ та йæ къухты кафдзысты. Цырддæр æвналын хъæуы,

ærizær бынтондæр. Æви мигъ у уый? Æмæ ма чысыл раздæр арв кæсаджы цæсты хуызæн сыгъдæг куы уыди? Кæд фæздæг у? Æмæ йæ фындз ницуал æмбары? Смудынмæ самыр куыдзæй уæлдай куы нæ у? Нæ, мигъ у, цæстытæ æхгæны, бæзджынæй-бæзджындæр кæны. Кæд, мыййаг, йæ цæстытæ исты кодтой? Хадзысмел сæ ауyæрста, йæ размæ æвзалыйы хуызæн сау стъæлфæнтæ акалд. Мигъ фæбæзджындæр. Йæ быны хæдзар фæцудыдта. Царциаты диссæгтæ! Хæдзар æй нал уромы, фæкъул, иуварс азылд. Цы ’рцыд, цы хабар у? Хадзысмел фæцудыдта, йæ къæхтæ æрæфтæй фæбырыдысты.

– Студент! – Хадзысмел æрæфтæм фæлæбурдта, йæ къухтæ сыл андæгъдысты, ныллхъывта сæ.

– Ма тæрс, ныр нал ахаудзынæ, – дзуры йæм студент.

Хадзысмел йæ цæстытæ бахгæдта, йæ риуыдзаг æхсызгонæй сулæфыд. Табу не сфæлдисæгæн, аирвæзт. Хуыцау хорз, æмæ цæрдæг фæлæуууыд, æндæр афонмæ уæнгсæстытæй зæххыл къæдзтæй хуыссид, адæм ыл æрæмбырд уаиккой. Зæхх тугхъулон бауид, кæуинаг фæуаид.

Хадзысмел йæ сæрыл схæцыд, ракаст: фæныкхуыз мигъы бæсты цъæх арв разынд. Хур Хъазыбеджы сынæгыл æрæнцад æмæ йыл судзы, хох сырх пиллон уадзы. Хадзысмел рабадт, йæ къæхты бынæй уынæргъæгау ныуулæфыд æмæ загъта:

– Тигъсæрдæджы куыст æнцон у, Хуыцауы дзæгъæл дуне æхцатæ бампъухынц, чи фæзæгъы, уымæн... – Хадзысмел æнæфсæрмæй ралгъыста. Хиды æртæхтæ йæ ныхæй лæдæрсынц.

– Ма мæсты кæн, дзæгъæлы дæ нервытæ ма хал.

– Раст зæгъыс, студент. Фæлæ адæймаг дур нæу. – Хадзысмел сæрдæн бел систа, æркаст æм, йæ хæлафыл æй асæрфта. Цæрын зын у. Йæ ус ын цалдæр хатты бæргæ дзырдта, дæхи-иу æгæр ма риссын кæн, дæхи хъахъхъæн, зæгъгæ, фæлæ... Ацы куыст ныхъхъуытты уадзын хъæуы – лæг иуахæмы рахаудзæн æмæ йæ тухæнтæ фæдзæгъæл уыдзысты. Хъуамæ газуадзæджы дæсныдзинадыл сахуыр кæна, ныртæккæ хъæутæм дæр газ уадзынц, æмæ куыст зымæг дæр æмæ сæрд дæр – къубалмæ. Æхца дæр. Гъе, гъе, уым дын æхца!.. Хадзысмел пецтæ амайынмæ дæр бæргæ дæсны у, фæлæ куы вæййы, куы – нæ, æмæ æнхъæлмæ кæс. Газуадзæгыл сахуыр хъæуы, рахауынæй ма тæрс, дæ сæр нæ разилдзæн. Æндæр, тигъсæрдæг цæй куыст у?

– Студент! – Хадзысмелы ныхасмæ лæппу дарддæр нал банхъæл-

мæ каст, бамбæрста йæ: бедра хæстæгдæр æрæвæрын хъæуы.

– Студент, мæнæ ма фондз дуры, æмæ фестæм.

* * *

Хур анығуылд, хæхты чъылдымæй йæ фæстаг тынтæ сызгъæрин ахуырст æрцытау тæхынц, хæдзæртты сæртыл æмбæлынц. Зæрæхсид ссыгъд, йæ пиллон æвзæгтæ къæдзæхты саджилтæй фæйлауынц.

Хадзысмел æмæ хæдзары хицау æнæ йæ боцкъа-æфсин кæртæй уынгмæ рахызтысты. Æфсины чысыл цæстытæ, цыма исты æмбары, афтæ сæ хæдзары иу тигъæй иннæмæ уайынц, фæстагмæ йæ лæгыл æрæнцадысты æмæ загъта:

– Нæ хæдзар фæфидыдта.

– Æз сайæн куыст нæ уарзын, – бакаст æм Хадзысмел.

– Дæ къухтæ сызгъæрин доны фæтул.

– Бузныг. Цæй, хæрзизæртæ, фæрнæй сæм балидзут, ног хæдзæрттæ сты, æмæ уын ног амæндтæ æрхæссæнт.

– Уастырджи уе'мбал, – загъта хæдзары хицау.

Хадзысмел æмæ студент ацыдысты. Хæдзар фæаууон. Тигъсæрдæг йæ дзыпмæ нывнæлдта. Йæ уырзтæ æхцатыл бамбæлдысты, æрбалхъывта сæ. Цыма сæ къæр-къæр ссыд, афтæ йæм фæкаст. Дзыхъхъынног æхцатæ. Æвæццæгæн, хъæздыг цæрынц. Мæгуыр дæр кæм цæрдзысты? Сæ иу фырт горæты цыдæр хицауæй кусы, иннæ хохы инженер у, æртыккаг ахуыргæнæг у скъолайы, æнхъæлдæн, фарон фæци каст. Ис сæм, стыр æфтиаг сæм хауы, уый бæрæг у.

Хатгай адæймаджы сæр харбызæй уæлдай нал вæййы, ницы фæахсы. Цæвиттон, Хадзысмелы студенты цур æхца райсын нæ фæндыд. Цас ын бафыстой, уый куы базона, уæд хъуамæ йе уæнгтæ æркæлой, йæ зæрдæ куыстмæ мауал райа. Цы бæрæг и, фылдæр æхца дæр дзы бацагура. Æмæ зонгæ-зоныл рæдыд цæмæн æруадза? Йæ сæрыл хъен куы слæууа, Мæскуыйы хуыздæр æвдакатты куы баххуырса, уæддæр ын фылдæр нæ бафиддзæн, уымæн æмæ раздæр баныхас кодтой: знон кæмæ куыста, уыдоны бинонтæ дæр æвдисæнтæ, фæлæ уæддæр... Табуафси, цæуыл баныхас кодтой, уыйас.

Студент фыддæрадæн кæнæгау сæ цуры сфæдæгъд, иуырдæм ын аккуырсæн нал уыд. Хадзысмел стыхст. Хæдзары хицау йæ дзыпмæ куы нывнæлдта, уæд йæ зæрдæ сгуыпп-гуыпп кодта. Лæппу æхца фендзæн æмæ... Æмæ цы? Ницы, фæлæ...

– Студент, æнхъæлдæн, мæ дзæбуг цары баззад.

– Нæ, нывæрдтай йæ.

– Æцæг? – Хæдзары хицауы къух йæ дзыппы арфдæр абырыд.

– Дæ бæндæн ма баззайæд.

– Акæс-ма, фæцæй мæ рох кодта, – лæппу фæзылд, ног хæдзармæ ацыд. Хадзысмел, цыма йæ хурсыгъд уæхсчытæй уæззау уаргъ æрæппæрста, афтæ æнцонæй сулæфыд. Хæдзары хицаумæ хæстæгдæр балæууыд. Цыма йын йæ æхцатæ аскъæфынмæ хъавы, афтæ йæм йæхи байвæзта. Сырх æхсæз туманы æмæ гæркъæраг фондз сомы райста. Фынддæс сомы хицæнæй авæрдта, иннæтæ йæ хæлафы чысыл дзыппы атъыста.

* * *

Хадзысмел йæ дзыппы æхцаты тынгдæр балхъывта. Фынддæс сомы чысыл æхца нæу. Лæппумæ бакаст, æхцатæ systa, бахудт æмæ загъта:

– Студент, райс дæ фæллой.

Уый сæ райста. Æркаст сæм, бахудт æмæ сæ йæ дзыппы нывæрдта. Йæ цыд фæсабырдæр, цæуылдæр ахъуыды кодта æмæ загъта:

– Цом хæрæндонмæ æмæ фæйнæ бæгæныйы бануазæм. Æз бæгæны бирæ уарзын.

– Бузныг, студент, мæ ахсæн дзы риссæгау фæкæны, æмæ... – йæ сæрæй акувæгау кодта Хадзысмел. Фæлæууыд. Кæс-ма уыцы цъаммармæ! Ахæм ма дзы æлгъин æфсин уа? Фæскуыст сын мидæмæ дæр нал загъта. Фæйнæ сыкъайы анызтаиккой. Арахъхъæн йæ бирæ марг у, фæлæ дзы чысыл ануазын ницы хъыгдары, хос у, уæлдайдæр – фæскуыст. Уæнгтæ æрфæлмæн вæййынц, фæллад ссæуы.

– Иу бæгæныйы къус дæ ницы бахъыгдардзæн.

– Цом уæдæ, хъусын дæм, – фезмæлыд Хадзысмел. Æмæ йæм лыстæджытæ куы нæ ис. Иннæ æхцатæ та... Æниу цæуыл тыхсы, студент æй нæ хоны? Нырма æрыгон у, фæлæ хъуамæ æгъдæуттæ зона, ирон лæппу у, ирон хæдзары схъомыл. Нæ фыдæлты æгъдæуттæм гæсгæ дæ лæг искæдæм хоны, уæд дæ хъуамæ сбуц кæна, дæ бæсты бафида. Хадзысмел афтæ фæкæны, афтæ æмбæлы.

– Æрбахæццæ стæм, – лæппу хæрæндоны дуары цур фæлæууыд. Хадзысмел фæраздæр. Кæс-ма, дæ хорзæхæй, ацы студентмæ, гобифысы хуызæн йæхи фæстæмæ куыд ласы. Æвæццæгæн, цæмæй

Хадзысмел æхца бафида, уый йæ фæнды. Æ, гæды къинто! Ницы дын дзы рауайдзæн. Хомбыл студент, кæд ды рувас дæ, уæд Хадзысмел та дæ къæдзил. Нæ! Дæу хуызæттæ йæ сæдæ дæр нæ афæливдзысты. Мæнæ диссæгтæ, кæс-ма, дæ хорзæхæй, ацы гобимæ, цытæ зоны?

– Бæгæныйæ мæ ахсæн риссы, æмæ...

– Ницы дын кæндзæн, рацу. Мæнæ дуары цур сбад, ам сатæгдæр у, бахиз, æз рахæссон,– студент, цыма, мæнæ цы хъæздыг дæн, зæгъгæ, йæ гæркъæраг туман æвдисы, афтæ йæ бæрзонд сдардта æмæ фæцæуы. Уæд фондз сомы сис, æви туман йæ дзыппы нал лæууы? Ауыстæн, дзæбæх лæппу у, Хадзысмел ыл æвзæр цыдæртæ ахъуыды кодта, æмæ йын Хуыцау ныббарæд, фæрæдыд.

Студент дыууæ сыр-сыргæнгæ бæгæныйы стъолыл æрæвæрдта, сбадт. Хадзысмел ракуывта:

– Студент, Хуыцауæн табу уæд. Дæ нуазæнтæ бирæ. Ирон лæппу дæ, ирон туг дæм ис, нæ фыдæлты æгъдæуттæ нæ сафыс æмæ дзæбæхæй цæр. Уыцы хорздзинад дын сæфт макуы уæд. Абон иумæ чысыл цыдæр капеччытæ акуыстам, æмæ нын уыдон та хайыр уæнт. Студент, æз æй нуазын дæ цæрæнбоны тыххæй.

– Ныууадз, цытæ дзурыс, бузныг. – Нуазæнты къуырцц фæцыд. Хадзысмелы хъуыры уазал бæгæны æхсызгон хъыдзыгæнгæ ацыд. Студент йæ къус æрдæгнозтæй фæуагъта, къуыммæ кæмæдæр йæ къух фæтылдта, бахудт.

– Уæлæ уыдонæй иу мæ зонгæ у, махмæ ахуыр кæны. Æз сын фæйнæ бæгæныйы... Бахатыр кæн, æз ныртæккæ... – Лæппу йæ ныхасы кæрон йемæ ахаста. Хадзысмел йæ бæгæны æрдæгмæ анызта æмæ къуыммæ акаст: студентæн йæхи карæн æртæ лæппуйы бадынц, бæгæны нуазынц, Студент ма сын æртæ нуазæны сæ цуры æрæвæрдта. Оу, мæнæ диссаг! Цæмæн ма сын балхæдта, æви йе ’хцатæ йæ дзыппы нал лæууынц, министры фырт мын куы нæу. Фæлтау сæ фæззæгмæ бамбырд кæн æмæ де скъоламæ гомрагъ æмæ афтид гуыбынæй ма бацæуай. Нырма æдылы дæ, æдылы, студент, дæ сæр фаг нæма ахсы…

Лæппутæ Хадзысмелмæ сæ къухтæ тилынц, ардæм рацу, зæгъгæ. О, æнхъæлмæ кæсут, ныртæккæ уемæ сбаддзæн ацы фæлладæй, æндæр сагъæс æй нæй. Тигъсæрдæг йæ бæгæны анызта. Студент тагъддæр куы æрбацæуид, уæд, райсом кæм кусдзысты, уый йын бацамонид æмæ сæ хæдзармæ афардæг уаид. Уымæн бар йæхи. Нæ,

уый дæр хъуамæ баулæфа, иумæ сæ кусын хъæуы.

Лæппу æрбацыд æмæ загъта:

– Ме ’мбал мæ нæ уагъта, рацæут æмæ, дам, махимæ абадут. Тыххæй ма сæ рацыдтæн.

– Сæ цæрæнбон бирæ уæд, – сыстад Хадзысмел, лæпputæн йæ сæрæй акуывта æмæ рацыд. Студент йæ фæстæ рахызт. Хæрæндоны рудзынгуаты цур æрлæууыдысты. Хадзысмел сигарет ссыгъта, тамакойы адджын фæздæг йæ фындзыхуынчъытæй ракалд æмæ фæйнæрдæм алæбырд.

– Райсом дæм...

– Хадзысмел, – тигъсæрдæджы ныхас фескъуыдта студент, – æз райсом нал рацæудзынæн...

– Цæуылнæ, цы дæ зæрдæмæ нæ фæцыд?

– Алцы дæр фæцыд, фæлæ...

– Фæлæ цы? Чысыл дын бафыстон? – хæстæгдæр æм балæууыд Хадзысмел. Йæ тамако къæхты бынмæ æрæппæрста, туфлийы фындзæй йæ ауyæрста. Лæппумæ комкоммæ бакаст.

– Бирæ, фæлæ æз æхцайы тыххæй мæхи марынмæ нæ хъавын.

– А-а! Студент, студент, уæдæ æнæ зынæй кæм цы ис? Фæразын хъæуы. Ахсæв баулæфдзынæ æмæ райсоммæ авд хатты ногдæрæй агæпп ласдзынæ. Куыройы цурмæ...

– Æз нал рацæудзынæн. Цæй, хæрзизæртæ.

– Цы?!

– Хæрзизæртæ, – студент Хадзысмелæй фæхицæн. Тигъсæрдæг йæ фæстæ дзагъырцæстæй баззад. Замманай кусæгæй бавдæлон, ахæм нал ссардзæн. Цæмæн æй ауагъта? Бон ма йын иу-дыууæ-æртæ сомы куы бафтыдтаид, уæд, æвæццæгæн, сразы уыдаид кусынил. Цы фæци, фæауyон? Нал зыны. О цъаммар, гъе! Хадзысмел та йын преми дæттынмæ хъавыд, æртæ – цыппар боны фæстæ йын хъуамæ иу туман радтаид. О цъаммар, гъе! Адæймагæй зындæр базонæн зæххыл ницы ис, абондæргъы йæхи куыд æвдыста! Хадзысмелы къухтæ æрбатымбыл сты, йæ дæндæгтæ кæрæдзимæ нылхъывта, йæ мидбынаты лæугæйæ баззад. Йæ рæзты цæуджытæ æндæртæ фестадысты. Цалдæр чысыл лæппуйы цъиах-цъиахгæнгæ йæ цурты азгъордтой. Сæ хъæрмæ æрчъицыдта. Æндæргты удтæ бацыд, адæймæгтæ фестадысты. Хадзысмел фезмæлыд, йæ къæхтæ кæрæдзи фæстæ зæххæй атыдта. Æмбал ын куыд нæ рæстмæ кæны,

уый мардæрцыды хъуыддаг у. Кусгæйæ сым-сым байдайынц, æмæ, ай-гъай. Уый та рæвдз кусын уарзы. Æнхъæл уыдис, иукъорд боны иумæ бакусдзысты æмæ ма дысон куыройы цурæй фæлладæй уый хæдзармæ фæдисонау дæр фæтахт. Абон дæр хъуамæ æндæр ран куыстаид, фæлæ сæм нæ бацыд; æгæр чысыл хæдзар у, æмæ йæм ницы æрхаудаид. Ницы кæны, Хадзысмелæй мур дæр ницы фесæфт, райсом та йæ куыст кæндзæн. Сæ сыхæгты лæппуйæн зæгъдзæн. Æрмæст уымæн фылдæр фидын хъæуы. Аст къласы дæр æм нæй, уæддæр студентæй зондджындæр у.

Хадзысмелы къах хуырыл фæбырыд, йæхи нал баурæдта æмæ размæ ахауд, йæ худ иуварс атылд. Фæндаджы фарсмæ бæлæсты бынæй сывæллæтты кæл-кæл райхъуыст, стæй сæ ныхас:

– Расыг лæг.

– Цом-ма, йæ худ ын аскъæфæм.

– Фæлæуу, æз ыл нæ куыдзы сардауон.

– Æнцад бадут, расыг лæг йæхи дæр нæ зоны æмæ уæ фæнæмдзæн, – хъуысы зæронд усы хъæлæс.

Хадзысмел сыстад, йæ худ systа. Сывæллæттæ йæм хæстæгдæр бацыдысты, худынц. Уыдон æрцахс æмæ сæ æцæгдæр кæрæдзиуыл фæхой. Къулбадджытæ! Уый мæнæ фыр фæлладæй йæ къæхтыл нал лæууы, уыдон та йæ расыг хонынц…

## ТÆФÆРФÆС

# ДЗАНТИАТЫ АНАТОЛИ



8 январы ирон литературæ æмæ культурæйыл æрцыд уæззау зиан. Йæ цардæй ахицæн РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг, УФ-йы Нывгæнджыты æмæ Фысджыты цæдисты уæнг, аивадиртасæг, фыссæг, драматург, тæлмацгæнæг, РЦИ-Аланийы Культурæйы раздæры министр Дзантиаты Алыксандры фырт Анатоли. Уый уыдис, арф æмæ алывæрсыг зонындзинæдтæ кæмæ уыд, ахæм адæймаг, иухуызон курдиатджын уыд литературæ æмæ нывгæнæнады аивады.

Анатоли райгуырд 1941 азы Дзæуджыхъæуы. Каст фæцис Ленинграды И. Репины номыл нывгæнынады, скульптурæйы æмæ архитектурæйы институты аивæдты теори æмæ историйы факультет. 1965–1966 азты куыста Цæгат Ирыстоны Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музейы хистæр наукон кусæгæй, 1967–1968 азты уыд Цæгат Ирыстоны телеуынынады æмæ радиойы редактор, 1986–1990 азты – Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты хистæр наукон кусæг.

Дзантиаты Анатоли стыр бавæрæн бахаста ирон аивады историмæ. Йæ монографи «Цæгат Ирыстоны нывгæнджытæ» у фыццаг уæрæх историон-аивадон афæлгæст советон ирон нывгæнынджыты куыстыл. Йæ хъæппæрисæй арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны Нывгæнджыты цæдисы равдыстыты агъуыст.

Дзантиаты Анатолийы радзырдтæ мыхуыргонд цыдысты бæстæйы мыхуыры фæрæзты: «Дружба народов», «Литературная Россия», «Работница», «Сельская молодежь». Бирæтæ дзы тæлмац сты æндæр æвзæгтæм æмæ рацыдысты фæсарæнты. Уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кодта Нарты кадджытæ, стæй биноныгæй

бакуыста Къостайы сфæлдыстад æмæ къорд ирон фысджыты уацмыстæ иртасыныл. Ныффыста роман-эссе, пьесæтæ, историон трагеди «Анахарсис». Йе 'взæрст уацмысты чиныгмæ бацыдысты аивадон прозæ, драматурги, тæлмацтæ, аивадиртасæн куыстытæ æмæ публицистикæ.

Анатоли дыууæ хатты – 1990-æм азæй 1994 азмæ, стæй та 1995-æм азæй 2000 азмæ – уыд Цæгат Ирыстоны Культурæйы министр. Йæ номимæ баст у нæ республикæйы бæхты театр «Нартæ», театралон фестиваль «Бонвæрнон», дунеон хореографион фестиваль «Дзæуджыхъæуы сæуæхсидтæ»-йы фæзынд. Анатоли уыд кинонывтæ «Фарн» æмæ «Хохаг»-ы аивадон редактор, сæ киносценариты автор.

2000-æм азæй 2005-æм азмæ Дзантиаты Анатоли разамынд лæвæрдта РЦИ-Аланийы Мыхуыры æмæ рауагъдады хъуыддæгты фæдыл комитетæн. Уыд сфæлдыстадон æмæ наукон интеллигенци «Ир»-ы Ассоциацийы, республикæйы шахмæтты федерацийы разамонæг, къорд азы уыд РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг.

Хъыгагæн, цард æнусон нæу. Дзантиаты Анатоли зæрдиаг лæггад фæкодта райгуырæн Ирыстоны культурæйæн, ирд фæд ныууагъта йæ фæстæ. Йæ рухс ном цæрдзæн нæ республикæйы историйы, чи йæ зыдта, уыдоны зæрдæты.

Рухсаг у, Анатоли…

***Журнал «Мах дуг»-ы***
***кусджытæ***

* * *


| | |
|---|---|
| *Шеф-редактор* | Н.С. ДЖУСОЕВА |
| *Переводчик* | А.В. ЗОЛОЕВ |
| *Корректор* | А.К. КАРГАЕВА |
| *Компьютерный набор* | М.К. КИРГУЕВА |
| *Дизайн, верстка* | М.Т. БАГАЕВ |
| *Специалист по информационным ресурсам* | А.А. ГАБИСОВ |

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.



Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.



Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО—Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.



*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;*
*редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*



Подписано к печати 18.01.2021 г. Формат издания 60x90 1/16. Бум. офсет. №80г./м². Гарнитура шрифта Times New Iron. Вклейка 1 п.л. мелованная. Печать офсетная. Усл. п.л. 10. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз. Заказ № 21. Цена свободная. Выход из печати 25 января 2021 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

MAX ДУГ




Индекс 73247

12+

1

2021